Z.B.Esnazarova

# IX- XII ÁSIRLERDE ORAYLÍQ AZIYADAǴÍ FILOSOFIYALÍQ PIKIRLER HÁM ONÍŃ DÚN'YA MÁDENIYATÍNDA TUTQAN ORNÍ



ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASİ JOQARİ HÁM ORTA ARNAWLİ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

ÁJINIYAZ ATİNDAĞİ NÓKIC MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALİQ INSTITUTİ

Z. Esnazarova

# IX-XII ÁSIRLERDE ORAYLİQ AZIYADAĞİ FILOSOFIYALİQ PIKIRLER HÁM ONİŃ DÚN'YA MÁDENIYATİNDA TUTQAN ORNİ

(Oqıw qollanba)

Tashkent
«Yosh avlod matbaa»
2022

**UO‘K: 821.512.121(075.8)**
**КВК: 83.3 (6Qor)**
**E 77**

**Z. Esnazarova**
**IX-XII ásirlerde orayliq aziyadaģi filosofiyaliq pikirler hám onińdún'ya mádeniyatinda tutqan orni** [Matn]: Oqıw qollanba / Z.Esnazarova. – Toshkent: «Yosh avlod matbaa», 2021. - 112 b.

Bul oqıw qollanba joqarı oqıw orınlarında ótiletuǵın filosofiya kursınıń baǵdarlamasına sáykes jazılǵan. Oqıw qollanbada X-XI ásirlerde jasaǵan Xorezmiy, Ferǵaniy, Beruniy, Farabiy, Ibn Sino usaǵan enciklopedist alımlardıń tábiyiy, ilimiiy, jámiyetlik-filosofiyalıq oy-pikirleriniń qáliplesiwi hám rawajlanıwına qosqan úlesi ashıp beriledi.

Joqarı oqıw orınları studentleri, oqıtıwshılarǵa arnalǵan.

Bul oqıw qollanbada joqarı oqıw orınlarında ótiletuǵın filosofiya páni úlgi dástúrine sáykes jazılǵan. Onda IX-XII ásirlerde Oraylıq Aziya filosofiyası hám mádeniyatın úyreniw, talabalarda usı dáwir filosofiyası haqqında túsinik payda etiw hám olarda IX-XII ásirlerde Oraylıq Aziya oyshıllarınıń filosofiyalıq kóz-qarasın tariyxıy derekler tiykarında ǵáresiz úyreniw kónlikpesin payda etiwden ibarat.

Oqıw qollanbada Orta Aziya eń áyyemgi mádeniyat oshaqlarınan esaplanadı. Ertede Oraylıq Aziya hám Orta Shıǵısta túrli ilimlerge tiyisli filosofiyalıq bilimler rawajlanǵan. Oraylıq Aziya aymaǵında Ózbekstan da eń rawajlanǵan ilimniń mákanı bolǵan, dún'ya júzilik ilimniń hám mádeniyatınıń rawajlanıwına úlken úles qosqanlıǵı analizlengen.

Oqıw qollanbada ásirese, X-XI ásirlerde jasaǵan Xorezmiy, Ferǵaniy, Beruniy, Farabiy, Ibn Sino usaǵan enciklopedist alımlardıń tábiyiy, ilimiy, jámiyetlik- oy-pikirleriniń qáliplesiwi hám rawajlanıwına qosqan úlesi biybaha ekenligi óz sáwleleniwin tapqan.

**Juwapli redaktor**:
***A.Embergenov*** – filsofiya ilimleriniń kandidati docent

**Pikir bildiriwshiler**:
***B. Bazarbaev*** – Filsofiya ilimleriniń doktorı, professor
***A.*** **Bayrieva** – Siyasiy ilimleriniń doktorı (DSs),
***G. Saparova*** – Filosofiya doktorı (PhD),

Oqıw qollanba Ájiniyaz atındaǵı Nókis Mámleketlik pedagogikalıq institutı oqıw-metodikalıq keńesiniń 29-dekabr 2021-jılǵı №5 protokolı menen basıp shıǵarıwǵa usınıs etilgen.

**ISBN 978-9943-7944-4-3**

**© Z. Esnazarova**
**© «Yosh avlod matbaa», 2021**

## Kirisiw

Tariyxqa názer taslasaq, ata-babalarımızdan bizge joqarı ruwxıylıq, úlken mádeniy-ruwxıy miyras qalǵan, olar búgin de úlken qádir-qımbatqa iye. Jámiyettiń rawajlanıwındaǵı hár qanday ózgerisler, jańalıqlar, ásirese, insaniyat rawajlanıwına úlken túrtki beretuǵın processler, jańalıqlar óz-ózinen júz bermeydi. Bunıń ushın áweli ásirler dawamında dástúrler, tiyisli shárt-sharayat, oy-pikir mektebi, mádeniy-ruwxıy ortalıq bolıwı kerek.

Dún’ya rawajlanıwına úlken úles qosqan Shıǵıs penen Batıstı baylanıstırǵan, ullı civilizaciyalar tutasqan elimiz aymaǵında ilim-pán, mádeniyat ázelden rawajlanǵan. Ásirese, orta ásirlerde ana jurtımızdan mıńlap alımlar, shayırlar, ullı oyshıllar jetisip shıqqan. Olardıń matematika, fizika, ximiya, astronomiya, etnografiya, medicina, tariyx, ádebiyat, ádep-ikramlılıq, filosofiya usaǵan kóplep tarawlarǵa tiyisli shıǵarmaları, Samarqand, Buxara, Xiywa, Tashkent, Shaxrisabz, Termiz hám basqa qalalardaǵı áyyemgi estelikler pútkil planetanıń ruwxıy múlki esaplanadı.

Házirgi dáwirdegi ilim hám texnika tarawında erisilgen jetiskenlikler birden payda bolmaǵan. Ilim tarawındaǵı bul jetiskenlikler uzaq tariyxıy rawajlanıw nátiyjesi bolıp, oǵan dún’yadaǵı kópshilik xalıqlardıń úlesleri qosılǵan. Bul tarawda Oraylıq Aziya xalıqlarınıń múnásip ornı bar.

Insaniyat mádeniyatına múnásip úlesin qosqan Oraylıq Aziya oyshıllarınıń ilim tarawındaǵı jetiskenlikleri jaqın waqıtlarǵa shekem tuwrı bahalanbadı, olardıń shıǵarmaları, táliymatları tolıq úyrenilmedi, jaramsız miyras sıpatında qaralandı. Ata-babalarımız Xorezmiy, Ferǵaniy, Beruniy, Ibn Sino ilimi, Uluǵbek astronomiyası perde artında qaldı, derlik umıtıldı.

Ǵárezsizlikke eriskennen keyin Oraylıq Aziya hám Shıǵıs xalıqlarınıń ótmishte ilim tarawında jaratqan bay ilimiy miyrasın úyreniw hám xalqımızǵa jetkeriw barısında úlken imkaniyatlar jaratıldı, úlkemizde ilim-pán, aǵartıwshılıq isleri gúllep-jasnaǵanlıǵı, Batıstaǵı oyanıw dáwiri ushın ilimiy tiykar jaratıp bergenligi haqqında biykarlap bolmaytuǵınlıǵı dálillep berildi.

Prezidentimiz Sh.M. Mirziyoev tastıyıqlaǵanınday, ««Xalqımızdıń ullı qúdireti dańq urǵan házirgi zamanda Ózbekstanda jańa bir oyanıw – Úshinshi Renessans dáwirine fundament jaratılmaqta, desek bul haqıyqat boladı. Sebebi búgingi Ózbekstan keshegi Ózbekstan emes. Búgingi xalqımız keshegi xalıq emes»[1]

Házirgi dáwirdegi ilim hám texnika tarawında erisilgen jetiskenlikler birden payda bolmaǵan. Ilim tarawındaǵı bul jetiskenlikler uzaq tariyxıy rawajlanıw nátiyjesi bolıp, oǵan dún’yadaǵı kópshilik xalıqlardıń úlesleri qosılǵan. Bul tarawda Oraylıq Aziya xalıqlarınıń múnásip ornı bar.

[1]Шавкат Мирзиёев:«Ўзбекистонда янги бир уйғониш–Учинчи Ренессанс даврига пойдевор қўйилмоқда»https://zamin.uz/uzbekiston/78068-shavkat-mirzieev-uzbekistonda-jangi-bir-ujonish-uchinchi-renessans-davriga-pojdevor-jilmoda.html)

Oraylıq Aziya  hám Shıǵıs xalıqlarınıń ótmishte ilim tarawında jaratqan bay ilimiy miyrasın úyreniw hám xalqımızǵa jetkeriw barısında úlken imkaniyatlar jaratıldı, úlkemizde ilim-pán, aǵartıwshılıq isleri gúllep-jasnaǵanlıǵı, Batıstaǵı oyanıw dáwiri ushın ilimiy tiykar jaratıp bergenligi haqqında biykarlap bolmaytuǵınlıǵı  dálillep berildi.

Ásirese, X-XI ásirlerde jasaǵan Xorezmiy, Ferǵaniy, Beruniy, Farabiy, Ibn Sino usaǵan enciklopedist alımlardıń tábiyiy, ilimiiy,jámiyetlik-filosofiyalıq oy-pikirleriniń qáliplesiwi hám rawajlanıwına qosqan úlesi biybaha. Bul alımlar shuǵıllanbaǵan birde bir ilim tarawı qalmaǵan. Olardıń túrli  ilim tarawlarına bolǵan qızıǵıwshılıǵı hám ilimiy kóz-qarasları medicina, ximiya, ritorika, muzıka, logikaǵa tiyisli shıǵarmalarında óz sáwleleniwin taptı. Ullı oyshıllardıń tábiyat ilimi tarawındaǵı ideyaları Orta ásir aldıńǵı oy-pikiriniń joqarı shıńlarınan orın aldı

# I BAP
# ORTA ÁSIRLERDE ORAYLİQ AZIYA FILOSOFIYASİ.

Usı bapta, renessans processlerine unamlı tásir kórsetken Shıǵıs, tiykarınan Oraylıq Aziya aymaǵındaǵı ilimiy mádeniy tikleniw IX- XII hám XIV-XV ásirlerde Shıǵıs oyanıw dáwiri (Renessanstı) sıpatında dún'ya ilimiy jámáátshiligi tárepinen haqıyqıy túrde tán alındı.

Usı tariyxıy dáwirde Shıǵıs oyanıw dáwiriniń ózine tán sıpatı, dáslep, matematika, astronomiya, fizika, ximiya, geodeziya, farmakologiya, medicina sıyaqlı anıq hám tábiyiy pánlerdiń, sonday-aq, tariyx, filosofiya hám ádebiyattıń rawajlanıwında anıq payda bolǵanın kóremiz.

IX-XII ásirler óz mazmunı, salmaǵı jaǵınan Orta Aziya oyanıw dáwiri sıpatında tariyxqa kiredi. Bul dáwirdiń ózine tán sıpatları dún'yalıq aǵartıwshılıqqa umtılıw, bul jolda ótmish hám dún'yadaǵı mámleketlerdiń mádeniyatı jetiskenliklerin keń paydalanıw, ásirese tábiyiy, filosofiya, diniy, tariyxıy hám sociallıq ilimlerdi rawajlandırıwǵa itibar qaratılǵanlıǵı menen áhmiyetli ekenligi tariyxtan málim.

## 1.1. IX-XII ásirlerde Oraylıq Aziya filosofiyasınıń ózine tán xarakteri hám mádeniyattıń rawajlanıwındaǵı tariyxıy jaǵdaylar.

Orta ásirlerde Xorezm Ma'mun akademiyası kitapxanası, medrese, awdarmashı hám kaligraflar mektebi sıyaqlı sistemalarǵa iye bolǵan hám onda júzden artıq oyshıllar, talantlı talabalar ilimiy izertlew jumısın alıp barǵan. Olarǵa Abu Nasr ibn Iroq, Abu Rayhon Beruniy, Abu Ali ibn Sino, Mahmud Xwjandiy, Ahmed ibn Muhammad Xorezmiy hám Ahmad ibn Hamid Naysaburiy sıyaqlı enciklopedist alımlardı mısal keltiriw múmkin.

Demek, IX-XII ásirlerde Mawerennaxr hám Xorezmdegi mádeniy turmısta keskin ózgerisler júz berdi. Tiykarınan IX-XII ásirlerde Mawerennaxr hám Xorasanda payda bolǵan qıyınshılıqlı siyasiy jaǵdaydıń kem-kemnen rawajlanıwı, sociallıq hám ekonomikalıq ózgerisler xalıqtıń mádeniy turmısına kúshli tásir

jasadı. Basıp alǵannan keyin úlkemizde arablastırıw siyasatı alıp barıldı. Úlkede islam dini menen bir qatarda arab tili,arab álipbesi de engizildi. Arab tili-mámleket tili, islam dini tili hám ilim tili dárejesine kóterildi.

Arab tili islam dini boyınsha joqarı bilim tájiriybege iye bolǵanlar arab xalifatlıǵınıń oraylıq qalalarına barıp oqıwdı dástúrge aylandırdı. Damask, Qohira, Baǵdad, Kufa, Basraǵa Mawerennaxr hám Xorezmnen barıp ilim, mádeniyattıń rawajlanıwına óz úleslerin qosqan ata-babalarımızdıń sanı barǵan sayın kóbeyip bardı.Ásirese Baǵdad sháhári Shıǵıstıń ilimiy-aǵartıwshılıq orayı sıpatında úlken áhmiyetke iye boldı. IX ásirde bul sháhárde «Bayt-ul xikma» («Danıshpanlar úyi») - Shıǵıstıń ilimler akademiyası dúzildi.Tap usıǵan uqsaǵan ilim orayı X ásir aqırlarında Xorezmde de patsha Ma’mun ibn Ma’mun dáwirinde (995-997-jıllar)de «Danıshpanlar úyi» qurıldı.Úrgenishte qurılǵan bul «Bayt-ul hikma» - «Ma’mun Akademiyası» (Xorezm Akademiyası) dep ataldı. Baǵdad hám Úrgenishtegi «Danıshpanlar úyi»nde óz waqtında atları dún’yaǵa belgili alım hám oyshıllar tálim alǵan.Olar arasında Axmed Ferǵaniy, Al’ Xorezmiy, Abu Saxl Masixiy, Ibn Irak usaǵan ullı alımlar bar.

Óz abırayı, hám tutqan ornı jaǵınan xalıq aralıq maydanda úlken itibar hám abırayǵa iye bolǵan Oraylıq Aziyadaǵı Samaniyler, Qaraqaniyler, Ǵaznaviyler, Seljukiyler hám Xorezm mámleketleri Axmet Nasr, Ismail Samaniyler, Alptekin, Maxmud Ǵaznaviy, Toǵrulbek, Sultan Sanjar, Anushtegin, Atsız, Tekesh usaǵan mámleketlik ǵayratkerler dáwirinde hár tárepleme rawajlanıp, mádeniy rawajlanıwda joqarı jetiskenliklerge eristi. Sebebi bul húkimdarlar dáwirinde mámlekette hákimiyat bekkemlendi, salıstırmalı tınıshlıq júzege keldi. Nátiyjede materiallıq islep shıǵarıw rawajlandı, ónermentshilik hám sawda rawajlandı, mádeniyat ósti. Bul dáwirde «Ullı jipek jolı»nıń ornı hám áhmiyeti ósti, sawda-satıq rawajlanǵan abat hám kórkem sháhárler qáliplesti.Al-Muqaddasiydiń jazıwınsha (985-jıl) 830-933-jıllarda Xorezmde 13 sháhár bolǵan bolsa, yarım jıldan soń sháhárler sanı 33 ke jetken. Bular: Kos, Ǵardmon, Oyxon, Orzxiva, Nuqoroǵ, Qardor, Mizdakxan, Jashira, Sadvor, Zardux, Borategin, Madminiya (Jayxun dár’yasınıń oń jaǵasında), Jurjaniya, Raxushmison,

Jigarband, Joz, Darǵon, Jit, Kishi, Jurjaniya, Ruzun, Vazirmand, Vaskaxannas, Andarasgon.[1]

Muqaddasiydiń sózlerine qaraǵanda, Xorezm xalqı aqıllı, fikh ilimin iyelegen bilimli adamlar bolǵan. Xalifatlıq sháhárinde fikh, ádebiyat, Qurandı úyreniw tarawında shákirti bolmaytuǵın Xorezmlik Imam (bul jerde ullı alım mánisinde) kemnen-kem ushıraydı. Xorezmniń bul dáwirdegi rawajlanıwı haqqında arxeolog S.P.Tolstovtıń tómendegi pikirleri dıqqatqa ılayıq: « Bul dáwirdegi Xorezmniń ekonomikalıq kóteriliwin názerden ótkerer ekenseń, bir waqıtları feodal monarxiya bolǵan bul mámleket kórinisiniń qaldıqları kóz aldımızǵa keledi.

Biziń názerimizge júz mıń gektarlap jerlerge ómir baǵıshlaǵan úlken suwǵarıw qurılmaları, Xorasan, Mawerennaxr hám Qıpshaq dalalarına tutasıp ketken strategiyalıq hám sawda jolları, sháhárlerdiń qaynaǵan turmısı ónermentshilik, ornaǵan sawda-satıq hámde Oraylıq Aziya, Iran hám Volga boyınıń kórkem mádeniyatınıń keyingi pútkil tariyxına kúshli tásir kórsetken Xorezm oyanıw dáwiriniń bir ullılıǵı hám baylıǵı sáwlelengendey boladı».[2] IX-XII ásirlerde jámiyetlik ekonomikalıq, ruwxıy hám mádeniy tarawdaǵı rawajlanıw úlkemizdiń Xorezm wálayatınan tısqarı basqa aymaqlarǵa da tán. Buxara Samarqand, Kesh, Naqshab, Bazna, Pyandjikent, Binakent, Shash, Termiz, Kuva, Kabadiyan, Baykent hám basqa sháhárler sawda-satıq, ónermentshilik hám mádeniyat orayları sıpatında danq taratqan. Samaniyler paytaxtı Buxara dún'yada ekinshi Mekke esaplanǵan. Bul jerde sawda-satıq isleri menen, kásip-óner úyreniw maqsetinde adamlar dún'yanıń túrli múyeshlerinen aǵıp kele baslaǵan. Tariyxshı Abu Mansur as-Salabiy tastıyıqlaǵanınday (961-1038) Buxara Samaniyler dáwirinen baslap «dańq-abıray mákanı, saltanat kábası hám zamanınıń aldıńǵı adamları jıynalǵan, jer júzi alımlarınıń juldızları jıynalǵan (jay) edi».[3] Qullası arablar basqınshılıǵınan soń IX-XII ásirlerde jergilikli húkimdarlar basshılıǵında payda bolǵan oraylasqan mámleketler dáwirinde mámlekette payda bolǵan jámiyetlik-ekonomikalıq, ruwxıy mádeniy qolaylı jaǵday sonday atmosferanı jaratıp, nátiyjede

[1] Ватан тарихи.Т.1997,233-бет.
[2] Толтов С.П. «Қадимги Хоразм маданиятини излаб».Т.1958.198-бет
[3]Абдуллаев И.Абу Мансур ас-Саолобий.Т.1992.50-бет

bul aymaqtan óz qábiletleri, jarqın hám tákirarlanbas dóretiwshiligi,úlen mádeniy-ruwxıy dúrdanaları menen jáhan mádeniyatı civilizaciyası ǵáziynesine biybaha úles qosqan ájayıp ulamalar, ilim hám mádeniyat ǵayratkerleri, danıshpanlar,klassik ádebiyat wákilleri kamalǵa keldi. Xorezmshax Mamunnıń qáwenderligi astında Úrgenishte óz zamanına ılayıq, belgili dárejedegi «akademiya» dúzilgen. Ol «akademiyada» ilimpazlardıń aytıs-tartısları ótkerilip turǵan. Onda filosofiya, matematika, medicina hám basqa da ilimlerdiń tarawları boyınsha hár qıylı máseleler dodalanǵan hám talqılanıp otırǵan. Qıyat qalasında tuwılǵan Xorezmli ilimpaz ullı ilimpaz Abu Rayxan Beruniy (973-1048) dańqı jayılǵan ilimpaz, medik Abu Ali Ibn Sinonnıń (980- 1037) zamanlası dostı bolǵan. Ibn Sinonıń ataqlı «Dárigerlik iliminiń nızamları» hám basqa da medicinalıq miynetleri Shıǵıs elleriniń de shıpakerlerin tárbiyalap shıǵarıwda bir neshe ásirler dawamında xızmet etken. Rawajlanıwshı racionalistlik ideyalar, emprikalıq ilimiy metodlardı, tek tájiriybede sınap kóriwdi jaqlawshılıq, tábiyat qubılıslarına stixiyalı materialistlik sıpattaǵı kóz-qaraslar hám sol dógerektegi oy-pikirleriniń sáykes keliwi, olardı bir-birine jaqınlastırǵan.

## 2.1. Muxammed Musa al’ Xorezmiy, Axmed Ferǵaniy, Abu Rayxan Beruniy, Abu Ali ibn Sino,Abu Nasr Farabiy.

### Muxammed Musa al’ Xorezmiy (783-850)

Al’ Xorezmiy jaslıq waqtınan baslapanıq hám tábiyiy ilimlerdi úyreniwge qızıqtı, arab, parsı, hind hám grek tillerin iyeledi, bul tillerde jazılǵan kitaplardı qunt penen oqıdı. Ol dáslepki tálimdi jeke muǵallimnen aldı hám iri aǵartıwshılıq oraylarınan biri bolǵan Mervte medresede oqıydı. Xalifa Xorunar-Rashidtıń ulı Ma’mun xalifalıq taxtına otırǵan soń (813 j.), Muxammed Musaal’ Xorezmiydi ózi menen birge Baǵdadqa alıp ketedi hám sol jerde shólkemlestirilgen «Baytul-Xikma» («Danıshpanlar úyi»)ne



Muxammed Musa al’ Xorezmiy (783-850)

baslıq etip tayınladı. Bul jerde al' Xorezmiy úlken dóretiwshilik ilimiy is penen shuǵıllandı, kóplegen bahalı shıǵarmalar jazdı. Batıs ilimiy ádebiyatında onı Algoritmus dep ataydı. Ol matematika, astronomiya, geografiya, geometriya, tariyx ilimlerin iyelegen, onıń pikirleri sol ilim tarawına tiyisli bolǵan ilimiy miyraslardıń rawajlanıwına salmaqlı úles qostı. Ol áyyemgi Greciya hám Hindstan matematikleri erisken jetiskenliklerdi talqılap qoymastan, matematikanıń arnawlı bólimi algebranı (al-jabr) jarattı. Ózbekstan Respublikası Birinshi Prezidenti I.A. Karimovtıń atap kórsetkenindey - "Al-Xorezmiy algebra ilimine tiykar saldı, ilimiy maǵlıwmat hám traktatlardı bayan etiwdiń anıq qaǵıydaların islep shıqtı, ol astronomiya, geografiya hám klimat teoriyası boyınsha kóplegen ilimiy shıǵarmalar avtorı. Oyshıldıń dún'ya iliminiń rawajlanıwındaǵı xızmetleri ulıwma tán alınǵan bolıp, Shıǵıs alımları arasında tek onıń atı hám shıǵarmaları "algoritm" hám "algebra" sıyaqlı házirgi zaman ilimiy atamaları menen máńgilestirildi"[1].

Ol algebralıq teńlemeler dúziw hám sheshiw usılların islep shıqtı, birinshi hám ekinshi dárejeli teńlemelerdi esaplawdıń ulıwma nızamların, úshinshi hám onnan artıq dárejedegi teńlemelerdiń ayırım jeke jaǵdayların kórsetip berdi. Onıń «Al-jabr Val Muqobala» (Teńlemeler hám qarsılas háreketler kitabı), Xisob Al-Hind («Hind esabı»), «Kitob surat al-Arz» («Jer súwreti haqqında kitap»), «Kitob at-Tarix («Tariyx kitabı»), «Kitob al-Amal Bil Usturlabat» («Usturlab[2] penen islew haqqında kitap») usaǵan shıǵarmaları ilimde alımǵa dún'ya júzilik dańq alıp keldi. Al' Xorezmiy óz dóretiwshilik ilimiy islerinde birinshi orınǵa xalıq máplerin qoydı hám itibarın onıń ámeliy turmıslıq áhmiyetine qarattı. Ol «Teńlemeler hám qarsılas háreketleri» kitabında bul haqqında bılay degen edi: «Men arifmetikanıń ápiwayı hám quramalı máselelerin óz ishine alıwshı al jabr al Muqobala esabı haqqında qısqasha kitap jazdım. Sebebi, ol adamlarǵa miyras bólistiriw, wásiyatnama jazıw, baylıq bóliw hám ádillik isleri,

[1] И.А. Каримов. «Ўрта асрлар Шарқ алломалари ва мутафаккирларининг тарихий мероси, унинг замонавий цивилизация ривожидаги роли ва аҳамияти» 2014 йил 15-16 май, 16 бет.
[2] Устурлап – жулдызлардың ҳәрекети ҳәм жағдайын бақлайтуғын әсбап.

sawda-satıq, kanal qazıw, geometriyalıq esaplawlar, sonday-aq basqa túrli qatnasıqlarda júdá hám zárúr»[1].

Al' Xorezmiydiń ullı «Al-jabr val muqobala» shıǵarmasın («algebra» ataması sol sózden alınǵan). Batıs hám Shıǵıs alımları latın tiline awdarǵan hám tiykarǵı qollanba sıpatında paydalanǵan.

Házirgi zaman kibernetik qurılmalar, komp'yuterler xızmetiniń matematikalıq modeli bolǵan algoritm dúziw usılı da Al'-Xorezmiydiń algebrası tiykarında jaratılǵan. Matematika iliminiń házirgi kúndegi rawajlanıw dárejesi ullı alımnıń ilimiy ashılıwları menen baylanıslı.

Xorezmiy «Hisob al-hind» (Hind esabı) kitabında házirgi payıtta jámiyetlik turmısta qollanılatuǵın birden toǵızǵa shekemgi sanlar hám nol' járdeminde arifmetikalıq tórt ámeldi orınlaw, sol sanlar menen belgilengen sanlardan kvadrat shıǵarıw qaǵıydaların kórsetip beredi.

Al'-Xorezmiy óz dáwiriniń quramalı astronomiyalıq tablicasın dúzdi. Ol bul tarawda hind alımlarınıń kemshiliklerin kórsetti. Alımnıń astronomiyalıq tablicası ásirler dawamında dún'ya alımları tárepinen paydalanıldı. Ol «Kitob surat al Arz» («Jer súwreti») traktatında Ptolomeydiń «Geografiya» atlı shıǵarmasın pútkilley qayta islep shıqtı. Shıǵıs mámleketleri hám xalıqları haqqında jańa maǵlıwmatlar berdi, mámleketler, sháhárler atamaları kórsetilgen kartaları berilgen dár'yalar, teńizler, okeanlardıń koordinataları kórsetilgen. Alımnıń bul kitabı Batıs hám Shıǵıs mámleketlerinde geografiya iliminiń rawajlanıwına úlken úles qostı.

Alımnıń «Kitab bat-tarix» («Tariyx kitabı»)nda Xorasan, Kishi Aziya hám Mawerennaxrdıń VIII-IX ásirlerdegi tariyxına tiyisli qısqa hám anıq maǵlıwmatlar óz sáwleleniwin tapqan. Xorezmiydiń «Zij» («Astronomiyalıq tablica»), «Quyash saatları haqqında kitap» shıǵarmaları astronomiya iliminiń rawajlanıwına úlken úles qostı.

Al' Xorezmiydiń bul shıǵarmaları Shıǵıs hám Batıs mámleketlerinde ilimiy pikirlerdiń rawajlanıwına úlken tásir jasadı.

[1] Хамидов Ҳ. Олис-яқин юлдузлар. Т., 1990, 14-бет.




«Китаб әл-жабр уә-л муқабәлә» китабының дәслепки бети

**Axmed Ferǵaniy (797-865)**



Axmed Ferǵaniy (797-865)

Axmed Ferǵaniy IX ásirde jasap dóretiwshilik penen shuǵıllanǵan. Watanlasımız haqqında maǵlıwmat beriwshi hújjetler derlik joqtıń qasında. Ol tiykarınan tábiyiy ilimler: astronomiya, matematika, geografiya ilimleri menen shuǵıllanǵan. Axmed Ferǵaniydiń dóretiwshilik xızmeti Baǵdad penen, ullı aǵartıwshı alım Muxammed Ibn Musa al Xorezmiy basshılıǵında xızmet kórsetken «Baytul xikma» menen baylanıslı. Ol arab toponomikasınıń payda bolıwı hám ilimiy rawajlanıwına múnásip úles qostı. Baǵdad hám Damasktaǵı observatoriyalar qurılısına jeke ózi qatnastı. Baǵdadtıń Raqoq atı menen atalıwshı ornında qurılǵan observatoriya qasında shólkemlestirilgen astronomiyalıq mektebine basshılıq qıldı. Axmed Ferǵaniy zamanlas, kásiples alımlar hám shákirtleri menen birliktegi Ptolomey «Juldızlar kestesi»ndegi maǵlıwmatlardı tekseriw islerin

alıp bardı. «Kitob Fi Usul ilm an – Nujum» («Astronomiya iliminiń usılları haqqında») traktatınıń tiykarǵı qol jazba nusqalarınıń teksti bir túrde bolsada, bes atama astında saqlanadı. Yaǵnıy Al-Majistiyge» baǵıshlanǵan «Astronomiya traktatı», «Aspan sferaları sebepleri» «Al-Majistiy» («Ptolomeydiń «Almagest» shıǵarması), «Ilm al haya» («Astronomiya ilimi») dep ataladı. Bul biybaha qoljazbalar Angliya, Franciya AQSh, Marokko, Mısır hám Sankt-Peterburgte saqlanbaqta.

Ilimpazdıń «Al Ferǵaniy tablicaları» (qol jazbası) «Usturlab penen islew haqqındaǵı kitap» Hindstanda, «Ay, jerdiń ústinde hám astında bolǵanında waqıttı anıqlaw» traktatınıń qoljazbası Kohirada, «Jeti ıqlım Hibi» shıǵarmasınıń qoljazbası Germaniyada, «Usturlab jasaw haqqında kitap» qoljazbasınıń tórt nusqası Berlin hám Parijde saqlanbaqta.

Axmed Ferǵaniy bul shıǵarmalarındaǵı ilimiy jańalıqları menen dún'ya ilimi hám mádeniyatı rawajlanıwına múnásip úles qostı. Ásirese, onıń 812-jılı Quyash tutılıwın aldınnan boljawı, jerdiń domalaq shar formasında ekenligin ashıwı alımǵa dańq keltirdi. Ferǵaniy óziniń miynetlerinde dún'yanıń dúzilisi, jaqtırtqıshlardıń háreketi (kún, ay, juldızlar), kalendar' xám geografiya tuwralı tiykarǵı maǵlıwmatlar menen tanıstıradı. Óziniń izertlewleriniń nátiyjelerin arab, siriya, grek, parsı, egipet, hám basqa ellerdiń juwmaqları menen salıstıradı. Ferǵaniydiń túsindiriwi boyınsha (esaplawı boyınsha) aspan sfera tárizli. Sebebi, aspan deneleriniń múyeshlik tezligi birdey. Aspannıń aynalıwınıń radiusınıń muǵdarı, kólemi kórinetuǵın muǵdardıń – Kún hám Aydıń turaqlıǵı menen tastıyıqlanadı. Jer hám sfera tárizli. Bul aspannıń teń yarımın kóriw menen tastıyıqlanadı. Ferǵaniydiń pikiri boyınsha, jer sharı tochkaǵa uqsaydı. Aspannıń háreketi, Ferǵaniydiń pikiri tastıyıqlanıwınsha, eki túrli: keńlik boyınsha anıq keliwi: polyuslarda barlıq qıs túrleri bir tún, bul jerde jıl sutkaǵa teń, kún altı ayǵa teń. Aspan ekvatorınıń sheńberi gorizont penen sáykes, teń kelse, tas tóbe polyus penen sáykes keledi. Segiz sfera bar. Jeti-Quyash, Ay hám bes belgili planeta ushın, al segizinshi-on joqarǵı barlıq háreketler,juldızlar ushın.

Biraq bul sferalardıń oraylları hár qıylı. Keyin ala Mısırda jasaǵan waqtında Nil dár'yasınıń suwın ólsheytuǵın ásbap jasaǵan.

Bul ásbap tutas ıdıslar qaǵıydasına tiykarlanǵan bolıp házirge deyin saqlanadı. Axmed Ferǵaniydiń astronomiyaǵa tiyisli ilimiy shıǵarmalarınan biri «Kosmoslıq háreketler hám juldızlar iliminiń negizleri haqqında kitap». Onda ol ózi jasaǵan dáwirdegi astronomiyaǵa tiyisli bilimlerdi tártipke saladı. Astronomiya ilimine tiyisli ásbaplar, quyash saatınıń xarakteristikasın berdi. Sol dáwir dástúrine muwapıq mámleketlerdi jeti ıqlımǵa bólip úyrendi, orınlardıń geografiyaǵa tiyisli koordinataların Shıǵıstan Batısqa baǵıtında berdi.Axmed Ferǵaniy orınlaǵan ilimiy izertlew nátiyjeleri qaysı ilim tarawında bolıwına qaramastan puxta hám tereń islengen. Sol sebepten onıń shıǵarmaları ilim dún'yasında dańqqa erisken. XII ásirde-aq ilimpaz shıǵarmalarınıń latın tiline awdarma etiliwi hám pútkil Evropaǵa tarqalıwı bul pikirimizdiń dáliyli. Evropa ilimiy ortalıǵı ferǵanalı ilimpazǵa úlken húrmet kórsetken. Evropalılar Axmed Ferǵaniydi óz tillerinde «Al Ferganus» dep ataǵan. Sonday-aq Evropa alımlarınan D'alamber, Brokkel'man, X. Zuter, I. Yu. Krachkovskiy, P. Yushkevich hám B. Rozenfel'd Axmed al-Ferǵaniydiń dóretiwshiligi hám qaldırǵan ilimiy miyrasına joqarı baha bergen. Házirgi dáwirde Axmed al- Ferǵaniydiń jeti shıǵarması saqlanıp kelgen biraq bular házirgi dáwirde basqa tillerge awdarılmaǵan Shıǵarmanıń qol jazbaları dún'yanıń túrli qalalarında atap aytqanda Berlin, Dushanbe, London, Parij, Tegeran, Tashkent, Meshxed, Patna, Rampur, Xalab hám Qohiradaǵı belgili kitapxanalarda saqlanbaqta. Shet el alımlarınıń pikiri boyınsha Ferǵaniydiń dún'ya iliminiń rawajlanıwına qosqan úlesin joqarı bahalaǵan, tómende olardıń pikiri kórsetilgen.

L.Torndayk: Eger biz Alfraganus hám Sakroboskonıń bar qol jazbaları sanın yamasa "Astronomiya elementleri" hám "Sakrobosko sferaları" na tiyisli latınsha qalalardıń sanların óz-ara salıstırsaq, onda biz bul maǵlıwmatlardı qaysı biri kóp oqılǵanı hám úyrengenligine baha bere alamız. Gúmansız, Alfraganus shıǵarmaları seviliyalı Jon hám kremonlıq Jerar awdarmalarınan soń XII ásirde keń úyrenilgen. Rizoulloh Ansoriy (Hindstan): al-Ferǵaniy – óz dáwiriniń geniyi. Rashid Rushdiy (Franciya): al-Ferǵaniydıń stereografik proekciya teoriyası bul tarawda

astronomiyadan ajıratıp, geometriyanıń bir tarawına aylandırıp jiberedi[1].

Axmed al- Ferǵaniydiń bay ilimiy miyrasın tereń úyreniw Ózbekstanda ǵárezsizlikten keyin baslandı. 1998-jılı Axmed al-Ferǵaniydiń 1200 jıllıǵı xalıqaralıq kólemde bayramlandı. Ferǵana qalasında Axmed al-Ferǵaniydiń atı menen estelik ornatıldı. YuNESKO nıń 1998-jıldaǵı keshelerinde Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń «Axmed al-Ferǵaniydiń tuwılǵanına 1200 jıllıǵın bayramlaw haqqında»ǵı qararı (1997-j,27- noyabr') alımnıń ómiri hám dóretiwshiligine baǵıshlanǵan ilimiy konferenciyalar, kórkem kórgizbeler ótkerildi, jańa kitaplar baspadan shıǵarıldı, spektakl'ler, dramaturg Haytmat Rasuldıń «Piri koinot», Ywldosh Sulaymonnıń «Ferǵana perzenti», Nurulloxon xoji Abdulloh ulı «Bashar allaması» saxnalastırıldı, fil'mler súwretke alındı. Aydaǵı 20 km lik karterlerden birine Axmed al- Ferǵaniydiń atı qoyıldı.[2]

## Abu Rayxan Beruniy (973-1048)


Abu Rayxan Beruniy (973-1048)

Abu Rayxan Beruniy 973-jılı 4-sentyabr'de Úrgenish qalasınan 120 km. uzaqlıqta jaylasqan qubla Xorezmniń paytaxtı Kát (házirgi Beruniy) qalası janında tuwılǵan. Beruniy óz watanında jaqsı tálim aldı, jaslıq waqtınan baslap ilimiy islerge berilip ketti. Sol waqıtları Xorezmde júz bergen siyasiy waqıyalar sebepli ol óz watanın tárk etti hám shama menen, 999- jıldan 1004- jıllar dawamında Kaspiy teńiziniń qubla-shıǵıs tárepindegi Jurjan (Gurgan)da jasadı. Sol jılları óziniń iri shıǵarması – «Áyyemgi xalıqlardan qalǵan estelikler» shıǵarmasın jarattı. 1005-jılı Beruniy óz watanı Xorezmge qaytıp keldi, hám Xorezmshax Abu Abbas Ma'mun (1009-1017) sarayında húrmetli mártebeni iyeledi. 1017-jılı Maxmud Ǵaznaviy (998-1030) Xorezmdi ózine boysındırǵannan

[1] И.А. Каримов. «Ўрта асрлар Шарқ алломалари ва мутафаккирларининг тарихий мероси, унинг замонавий цивилизация ривожидаги роли ва аҳамияти» мавзусидаги халқаро конференциянинг очилиши маросимидаги нутқини ўрганиш бўйича ўқув қўлланма. Тошкент, 48, бет.
[2] Hhttp://qomus.info/encyclopiya/cat-a/ahmad-al-fargoniy-uz/

keyin, Beruniy basqa alımlar qatarı Ǵaznaǵa barıwǵa májbúr boldı hám ómiriniń aqırına shekem sol jerde qalıp ketti hám 1048-jılı qaytıs boldı. Ol 16 jaslarında -aq ekvatorǵa ekliptika iyiliwiniń tegisligin úlken dálillewler menen anıqladı. Beruniy Oraylıq Aziyada birinshilerden bolıp jer globusın jasadı. 1000-jılı Beruniy «Ótken áwladlardıń estelikleri» atlı úlken shıǵarma jazadı. Bul onı pútkil Orta ásirlik Shıǵısqa tanıtadı. 1010-jılı Abu-al- Abbas Ma'mun ibnnıń sarayında úlken lawazımdı iyeleydi[1].

Abu Rayxan Beruniy ilimniń barlıq tarawları boyınsha ullı jańalıqlar ashqan alım. Házirge deyin alımnıń málim bolǵan 154 atamadaǵı shıǵarmaları geografiya, astronomiya, tariyx, geologiya, gidrogeologiya, geodeziya, minerologiya, fizika, ximiya, botanika, farmokologiya usaǵan tarawlarǵa baylanıslı. Áne usı shıǵarmalardan 30 shıǵarması jetip kelgen. Ol adamzat jámiyeti tariyxında birinshi márte jerdiń domalaq formada ekenligin anıqlap, globustı jarattı. Bul payıtta ullı alım 21 jasta edi. Beruniy sızǵan dún'yanıń geografiyalıq kartası kóp jıllar sayaxatshılarǵa xızmet etip kelgen. Ol jerdiń radiusın anıqlaǵan, hátte proekciyanıń (zattıń tegisliktegi kórinisi) úsh túrin tapqanlıǵı málim. Ullı oyshıl óz shıǵarmalarında Xristofor Kolumbtan 460 jıl aldın Amerika materiginiń barlıǵın anıqlaǵan. Beruniy: «Biziń anıqlawımızsha jerdiń arqa (eki) shereginen biri qurǵaqlıq bolǵanlıǵınan, onıń diametrial qarama-qarsısındaǵı, sherek bóliminde qurǵaqlıq bolıwın boljaymız» dep jazadı.

Beruniy óziniń 45 ten artıq astronomiyaǵa tiyisli shıǵarmalarında Koopernikten bes ásir aldın álemniń orayı Jer emes, Quyash degen juwmaq shıǵardı, Jerdiń Quyash átirapında aylanıwın birinshi márte ortaǵa qoydı. Bul tarawda alımnıń «Astronomiya gilti», «Qonuni mas'udiy», «Attafhim» shıǵarmaları biybaha. Beruniydiń iri shıǵarmalarınan biri «Al osorul boqiya anil qurunil xoliya» («Áyyemgi xalıqlardan qalǵan estelikler») 27 jasında jazǵan bul shıǵarmada alım óziniń turmıs baqlawları tiykarında grekler, evreyler, arablar hám basqa xalıqlardıń jılnama (kalendar') dizimlerin bir-birine salıstırıp, olardıń kelipshıǵıw tariyxın dáliyllep

[1]Э. Расулев, В. Игошин, Г. Абдуллаева. Основы философии.Учебное пособие, Т.: «Iqtisod-Moliya», 2012. 58, б.)

beredi. Bul shıǵarmada jánede Turan xalıqlarınıń tariyxı, úrp-ádeti hám mádeniyatına tiyisli máseleler óz sáwleleniwin tapqan.

Abu Rayhon Beruniy haqqında nemis shıǵıstanıwshısı Karl Eduard Zaxau bergen: "Dún'yada tawlar kóp, biraq olar arasında sonday joqarı bir shıń bar bolıp, bul shıńdı adamzat hesh qashan jeńe almaydı." Bul – Beruniy dep alıp qaraǵan.

Beruniydi Orta ásir Shıǵısta ilimniń rawajlanıwınıń haqıyqıy jetiskenligi dep atawǵa boladı. Sebebi, pútkil dún'yadaǵı tábiyiy ilimler amerikalı tariyxshı alım Sarton «XI ásirdi Beruniy ásiri» dep ataǵan. Xorezmli ullı alım tariyx, geografiya, filologiya, astronomiya, matematika, geologiya hám basqa ilimler boyınsha 150 den artıq fundamentallıq shıǵarmalardıń avtorı. Ol alım tábiyat tanıwshı bolıp, san túsinikleri kub teńlemeler teoriyası,sferalıq trigonometriya qurastırılǵan trigonometriyalıq tablicalardı keńeytiwge óziniń úlesin qosqan. Beruniy ilim tariyxında jerdiń jer betin hám jer betindegi geodeziyanı ólshew boyınsha jańa ilimiy baǵdardıń tiykarın salıwshı sıpatında belgili boldı[1].

Minerologiya tarawında birinshi ret óz qurılması járdeminde qattı zatlar menen suyıqlıqlardıń awırlıq dárejesin ólshedi hám usı tiykarda minerallardıń klassifikaciyasın usındı, olardıń kelip shıǵıwı teoriyası menen paragenetikalıq maǵlıwmatlardı islep shıqtı.

Abu Rayxan Beruniydiń ullılıǵı usı dáwirdiń derlik barlıq ilimlerine qosqan tákirarlanbaytuǵın ilimiy miyrası jánede anıq boladı. Belgili shıǵıstanıwshı alım A.M. Belenckiy Beruniydiń "Minerologiya" shıǵarmasın arab tilinen rus tiline awdarǵan. Mine usı awdarma processinde bul shıǵarma tásirinde A.M. Belenckiy túrli minerallar haqqında 14 ke jaqın ilimiy maqala jazǵan. Alımnıń aytıwınsha, bul shıǵarma bunnan mıń jıl aldın jazılǵan bolsa da, sonshelli dárejede jetilgen, minerallar hám olardıń házirgi eń zamanagóy laboratoriyalarda ǵana anıqlanıwı múmkin bolǵan qásiyetleri usı dárejede anıq berilgen. Bul aqıldı tań qaldıradı.

Shaxs hám jámiyet qatnasları boyınsha enciklopedist alım Abu Rayxan Beruniy kóz –qaraslarında keń túrde orın alǵan. Beruniy hám Farabiy sıyaqlı jámiyet hám sociallıq waqıyalarǵa baylanıstı bir sistemaǵa túsirgen erkin táliymat jaratpaǵan bolsada, ullı alım

[1]Материалы по прогрессивной общественно-философской мысли в Узбекистане. – Ташкент: 1992. Б,73

sıpatında hámme zamanlar ushın kerekli másele bolǵan – jámiyet, insannıń social turmısı, insan baxtı sıyaqlı máselelerde óz pikirlerin aytıp ótken.Bul tábiyiy edi. Sonday – aq, Beruniydiń barlıq ilimiy kóz-qarasları, sociallıq iskerlikke baǵdarlawshı hám belgilewshi faktor bolıp, onıń insanpárwarlıǵı, sociallıq rawajlanıwdı támiyinlewge, qaratılǵan umtılıwları, jaqsı pikirlerdiń deregi sıpatında belgili. Beruniydiń shaxs hám jámiyet qatnasları máselesine baylanıslı kóz-qarasları tiykarında jámiyettiń payda bolıwında insanlardıń óz – ara járdemge mútájligi ideyası edi. Biraq Beruniy tábiyattanıwshı alım sıpatında adamlardıń jámiyetke uyımlasıwına jáne bir sebep, olardıń jalǵız sırtqı qáwiplerden hám hár qanday apatshılıqlarǵa qarsı gúreste ázziligin kórsetedi. Beruniy shańaraqtı jámiyettiń birlemshi buwını, tiykarı dep esaplaydı. Hár bir insannıń túrli hám uqsas janzatqaumtılıwıóz tuxımın yaǵnıy násil qaldırıwǵa dawam etiw talabın payda etedi. Demek instinktiv umtılıw tiykarında shańaraq payda boladı. Shańaraq bolsa, neke tiykarında bekkemlenip baradı. Beruniydiń aytıwınsha, nekesiz turmıs insan tábiyatına qayshı keletuǵın bolıp, adamnıń eń páskeshlik ádep - ikramlılıq talaplarına juwap bermeytuǵın unamsız jaǵday dep qarawǵa boladı dep esaplaydı. «Xalıqlardan qandayda bir millet nekeden shette qalmawı kerek. Neke aqılıy xoshireysiz bolǵan sıpat – urǵashısın qızǵanıw hám talasıw sıyaqlı jaman awhallarǵa jolıǵıwdan saqlaydı, haywanlardıń bir-birinen qarsı baqlanatuǵın sebeplerin kesip, qáwipke túsiwden qutqaradı. Kim haywanlardıń juptılıǵın hám hár bir haywan óz urǵashısın qorıqlap, basqa haywanlardı jolatpaydı hám biytanıs haywanlar úmit úziwin oylasa sana sezimsiz, haywanlardan páskesh dárejede  ar etip, qıyanetten saqlanadı hám nekeni zárúr dep tabadı. Insanlardıң tártipsiz, nekesiz jasawları haywanlar jaǵdayınan da pás bolǵan shermendeli jaǵday».[1]

Beruniydiń pikirinshe, shańaraqjuptılı jasaw bolıp qalmay, bálki sanalı aqılǵa iye bolǵan, óz jaǵdayın túsiniwge baylanıslı bolǵan mazmunlı birlesiwinen payda bolǵan birlik bolıp tabıladı. Solay eken shańaraq aǵzaları ortasındaǵı qatnas mine usı jaǵdaylarǵa baylanıslı tiykarlanıwı kerek. Ulıwma Beruniydiń shaxs hám jámiyet, jámiyettegi túrli qatlam hám toparlar, shańaraq, barlıq

[1]Абу Райхон Беруний. Танланган асарлар. Ҳиндистон II-том,- Тошкент:. “Фан”, 1965,-Б,409

insanlar ortasındaǵı qatnaslar máselesindegi kóz-qaraslarınıń bas principi insanıylıq mehir, jaqsılıqqa umtılıw: «Jaqsılıqqa umtılıw mehir-muqabbattıń, joqarı adamgershiliktiń rawajlanıwınıń baǵdarı kúsheye beredi hám jaqsılıq ulıwma adamlarǵa jaqsılıq etiwden ibarat. Qol keltelik qılǵanda, jaqsı niyet penen, múmkinshilik bolǵanda, tikkeley ámeliy qayırlı is penen jaqsılıq etiwi kerek»[1].

Beruniydiń sociallıq –filosofiyalıq kóz-qaraslarında barlıq jámiyet aǵzalarınıń máplerin qanaatlandırıwǵa baǵdarlanǵan ólshem hám principlerdi ámelge asırıp, barlıq waqıtta ádalattı ornatıp turıw ushın hadal basshınıń bolıwın kórsetip ótedi. Bunıń ushın húkimdar jámiyet aǵzalarınıń barlıq táshwishinen xabardar bolıwı jeterli emes.Olardı óz waqtında sheship barıwı hám bul máselede tınıshlanbawı barlıq waqıtta birinshi orınǵa jurt, xalıq mápin qoyıp barıwı lazım. Sol sebepli de Beruniy mashqalanıń sheshiliwin jámiyettegi kúshliler menen hálsizlerdiń ortasındaǵı ádalattıń húkimdar tárepinen ornatılıwı menen baylanıslı dep esaplaydı. Bálkim, sol ushın bolsa kerek, ádalat Beruniydiń pikirinshe rasgóylik penen barabar.[2]

Maqtawǵa ılayıq nárseniń ózi bul-“mehribanlıq miyrim, shápáát, mehribanlıqtıń degershiginiń oǵı bolsa sap tazalıq, saranjamlıq – sapalılıq”.[3] Demek, miyrim-shápáát keń filosofiyalıq túsinik. Ol insannıń qádirine jetiw, hal sorasıw, adamnıń awırın jeńil etiw, qayır – saqawatlıq kórsetiw, jetim – jesirge saqıy bolıw sıyaqlı pazıyletlerdiń jıyıntıǵı.[4]

«Beruniydiń 1018-1025 jıllardaǵı, yaǵnıy Ǵaznadaǵı payıtında jazılǵan «Geodeziya» shıǵarması úlken tariyxıy-ilimiy áhmiyetke iye bolǵan úlken shıǵarma. ... Beruniy bul shıǵarmada Shıǵısta birinshi bolıp geodeziyalıq astronomiya hám geodeziya iliminiń tiykarǵı máseleleri jalǵız kompleksin keltiredi. Bul tómendegiler; jaqtırtqıshlardı baqlaw tiykarında geografiyalıq koordinataların anıqlaw; ... Beruniy bul máselelerdi sheshiwde bir qatar teoriyalıq hám ámeliy usınısların kiritti, sonday-aq, ózi jasaǵan kópshilik ásbap-úskenelerdi usınıs etti. Belgili, joqarıdaǵı aytılǵan

[1]Абу Райхон Беруний. Танланган асарлар. Ҳиндистон. II том,- Тошкент:. «Фан», 1965,-Б. 409
[2]А. Бердимуратова. Ю. Алимбетов. Берунийдиң социаллық-философиялық көз-қараслары.Хорезм Мамун академиясының 1000 жыллығына бағышланған илимий әнжуман материаллары. Нөкис. 2006. Б.36)
[3] Абу Райхон Беруний. Минералогия, 1963 – Б.11.
[4]Ж. Базарбаев. Әдеп филсофиясы. Нөкис. «Қарақалпақстан» 2010, Б.67.

máselelerdi Jer sheńberiniń ólshemlerin bilmey turıp sheship bolmas edi».[1]

«Geodeziya» shıǵarması Jer haqqındaǵı ilimler rawajlanıwında áhmiyetli úles bolıp qosılǵan bir qatar aldıńǵı koncepciyalardı kórsetip berdi. Shıǵarmadaǵı geografiyalıq gipotezalar ilim tariyxı ushın úlken qızıǵıwshılıq oyattı. Beruniy hámme deneler Jer orayına qarap umtıladı deydi. Sonnan kelip shıǵıp alım «shettegiler»degi awırlıqlardıń teń salmaqlıǵı ushın Jer ishinde massalar háreket qılıwı hám kóship júriwi lazım dep shamalaydı. «Qurǵaqlıq bólimleri bir jerden ekinshi jerge jıljıǵanda olar menen birge olardıń Jer shetlerindegi túrlishe aylanǵan awırlıqlar jılısqan», - dep jazadı Beruniy. Beruniy bul shıǵarması menen geodeziya ilimin ǵárezsiz ilim dárejesine kóterdi.

Beruniydiń eń iri shıǵarması "Hindstan" seksen baptan ibarat shıǵarmanı alım 1030- jıldıń 30- aprelinen 1031- jıldıń 19-dekabrine shekemgi waqıt ishinde, yaǵnıy bir jıl segiz ayda jazıp tamamlaǵan. Bul shıǵarma hindlerdiń tariyxı, ilimi, úrp-ádeti, sol dáwirdegi olardıń siyasiy, ekonomikalıq hám jámiyetlik awhalına baǵıshlanǵan. Beruniy óz shıǵarmalarında kóbirek hindlerdiń filosofiyalıq kóz-qarasları, úrp-ádetleri, diniy isenimlerine toqtaydı.

Beruniy, maǵlıwmatlardı kóp jaǵdayda sorastırıp toplawǵa májbúr bolǵan, waqıyanı jeke ózi baqlap hám oǵan úzliksiz jantasıw halları anıq hám tolıq bayan etiwdiń girewi ekenligin jaqsı túsingen. Bul haqqında ol bılay jazadı:

«Xabar kóz benen kórgendey bolmaydı, degen kisiniń sózi tuwrı, sebebi kóriw, ózi jayında turǵanında qarawshı kóziniń onı ushıratıwınan ibaratdur, xabarǵa jalǵan ótirikler qosılmaǵanda, ol kóriwge qaraǵanda artıǵıraq orında bolar edi».[2]

Abu Rayxan Beruniydiń birinshi iri shıǵarması onıń «al-Osor al-boqiya an alqurun al-xomsha» («Áyyemgi xalıqlardan qalǵan estelikler») kitabı bolıp, Evropada «Xronologiya» ataması menen júritiledi. Shıǵarmanı 390/1000-_ jılı jazıp tamamlaǵanwaqıtta Beruniy 27 jasta bolǵan. «Házirde Jaqın Shıǵıstıń pútkil ilimiy

[1] Булгаков П.Г. Абу Райҳон Беруний. – Тошкент; Фан, 1973. – Б.29
[2] Беруний ва ижтимоий фанлар. (И.М.Муминов редакторлығында) Т., 1973.

ádebiyatında bul kitapqa teń keletuǵın shıǵarma joq»[1] - dep jazǵan edi akademik I.Yu.Krachkovskiy.

Akademik S.P.Tolstov bul shıǵarma haqqında bılay degen edi: «Bul shıǵarma jaqın hám Orta Shıǵıs xalıqlarınıń, birinshi náwbette Oraylıq Aziya xalıqlarınıń xojalıq turmısı, úrp-ádetleri, máresimleri, isenimleri haqqındaǵı ózine tán enciklopediya.[2]

«Estelikler» qamtıp alǵan máseleler júdá hár qıylı. Onda astronomiya hám matematikanıń kóplegen máseleleri jarıtıp berilgen. Beruniy musılman alımları arasında birinshi bolıp evreyler kalendarı haqqında sistemalı maǵlıwmat beredi. Shıǵarmada júdá kóp tariyxıy waqıyalar, túrli millet hám dinlerge tiyisli áhmiyetli maǵlıwmatlar payǵambarlar hám qálbeki payǵambarlar, patshalar, ataqlı tariyxıy shaxslar hám kitaptıń Oraylıq Aziya xalıqları, olardıń áyyemgi máleniyatı hám tariyxına tiyisli maǵlıwmatları júdá ayrıqsha áhmiyetke iye.

«Áyyemgi xalıqlardan qalǵan estelikler»diń arab tilindegi nusqası birinshi márte nemec shıǵıstanıwshı ilimpazı Eduard Zaxau (1845-1930) tárepinen 1878-jılı Leypcigte baspadan shıqqan. Bir jıldan keyin Zaxau shıǵarmasınıń anglichan tilindegi awdarması Londonda shıqtı. Bul menen Zaxau «Estelikler»di úyreniw ushın keń jol ashıp berdi.[3]

«Estelikler»di úyreniw menen Rossiyada birinshi mártebe akademik I.Yu.Krachkovskiy (1883-1951) shuǵıllanǵan edi. Ol óziniń «Arab qoljazbaları ústinde» atlı shıǵarmasında jazıwınsha, 1912-jıldıń ózinde-aq «Estelikler»diń Tegeranda satıp alınǵan qoljazbası menen qızıqqan. Sol waqıtta bul nusqa Aziya muzeyi (Házirgi Rossiya Ilimler Akademiyasınıń Shıǵıstanıw institutınıń Sankt-Peterburg bólimi)nde saqlanar edi. 1940-jılı ol óziniń «Al-Beruniy hám Shıǵıstıń XI ásirdegi geografları» atlı shıǵarmasın jazadı. Bul maqala onıń «Arab geografiyalıq ádebiyatı» atamasındaǵı iri ilimiy jumısınıńIX babı. Bul maqalada I.Yu.Krachkovskiy «Estelikler» haqqında qımbatlı maǵlıwmatlar keltiredi hám oǵan joqarı baha beredi.

---

[1] И.Ю.Крачковский. Избранные сочинения.т.IV, М-л, 965, 244–бет.
[2] С.П.Толстов. Бируни и его «Памятники минувших поколений, Абу Райхон Беруни, избр-е произв. I 1957 16-бет.
[3] Саидкулов Т. Очерки историографии истории народов Средней Азии. (часть I) Т., 1992.

Beruniydiń ilimiy izertlewdiń metodologiyası máselesin de talqılaǵan, onıń hár qıylı miynetlerinde ortaǵa qoyılǵan tómendegi principlerdi atap ótiwge boladı:

1. Óz oyındı gónergen, tosınnan payda bolǵan, fanatizmge hám ósh alıwǵa negizlegen pikirlerdi tazalaw zárúr.

2. Tábiyattı izertlegende onıń ózine súyeniw, onıń ózinde bolǵan nızamlarga tiykarlanıwı kerek.

3.Predmetti izertlewdi onı quraytuǵın elementlerdi tekseriwden baslaw kerek.

4.Jeke jaǵdaylar ushın juwmaq shıǵarǵanda ulıwmalıq qaǵıydalardı basshılıqqa alıwı kerek.

5. Predmetti izertlegende ol tuwralı oy júrgiziw kerek.

6. Hár qıylı maǵlıwmatlardı, pikirlerdi, áńgimelerdi baqlaw, salıstırıw, teńep kóriw kerek hám shınlıqların yaǵnıy tábiyattaǵı nızam hám tártiplerge qarsı kelmeytuǵınlıqların anıqlaw kerek.

7. Izertlew waqtında belgiliden belgisizge, jaqınnan uzaqqa qaray júriw kerek.

8. Ilim, shınlıqtıń eń isenimli ólshemi baqlaw, sınaw-tájiriybeden basqa nárse bolıwı múmkin emes. Sınawdan basqa ústinlikke iye dástúr, tájiriybeden, tekseriwden basqa tabısqa alıp baratuǵın kórsetpe joq. Tájiriybege ǵana tayanıw lazım.

9. Eger uzaq ótmishti biliw kerek bolsa, onda predmettiń tariyxın, ol tuwralı ertede jasap ótken xalıqlardıń hám adamlardıń ańızlarında hám bildiriwlerinde xabar etilgen barlıq nárselerdi úyreniw kerek. Olardıń ishindegi durısın ótiriginen ajırata biliw, tábiyiy nızamlarǵa hám tártiplerge say keletuǵının alıw zárúr. Xabarlardıń ishinde eń áhmiyetlisi jazba xabar.

10. Tildi, onıń strukturasın, jazıw-sızıwdı biliw shárt.

11. Ilimpaz ózine joqarı talap qoyıwı, oǵada dıqqatlı bolıwı, qátelerdi izlep taba biliwi, ózin-ózi qayta tekserip kóriwi, miynetten zerikpewi, ilimde shınlıq ushın hár túrli ótirik, júzegóylikke qarsı gúres alıp barıwı tiyis. Beruniy insan hám ilimpaz sıpatında qarapayım ómir súrgen, bahalı sılıqlardan bas tartqan. Onıń ómiri-ilim jolındaǵı qaharmanlıq.

Beruniydiń filosofiyalıq jaqtan pikirleri boyınsha alıp qaraytuǵın bolsaq biz tómendegi pikirlerge itibar beremiz. Beruniydiń logikaǵa baylanıslı shıǵarmalar jazbaǵan, biraq ol nızam

qağıydalardan, sıpatlaw usıllarınan ilimiy ámeliy iskerliginde keń qollanǵan. Beruniydiń ullı xızmetlerinen biri tábiyat hám jámiyetti biliwdiń ilimiy metodın islep shıqqanlıǵı úlken áhmiyetke iye.

Beruniy ilimiy metodtıń tiykarǵı principlerin «**Ótken áwladlardıń estelikleri**» shıǵarmasında kórsetip ótken. Bul tómendegilerden ibarat:

– aqıldı kerek emes, jónsiz pikirlerden tazalaw;

– tájiriybege tiykarlanıw;

– biliwdi, dáslep, predmetti shólkemlestiriwshi elementlerden baslaw;

– seziwlik biliwge tiykarlanǵan dedukciyadan paydalanıw;

– logikalıq pikirlew, analizlew hám ulıwmalastırıw;

– baqlaw, salıstırıw, bólistiriw arqalı shınlıqtı anıqlaw;

– belgili nárseden belgisiz bolǵanına, jaqınlıǵınan uzaqlanıwına qarap pikir júrgiziw;

– uzaq ótmishti biliw ushın predmettiń, qubılıstın tariyxın hám olhaqqında basqalardıń bergen maǵlıwmatların úyreniwdi alıp qaraǵan.

Analizlep qaraǵanımızda Beruniy babamız, R. Dekart hám F. Bekonlardan burın ilimiy biliwdiń metodınıń zárúr ekenligin atap kórsetken hám onıń tiykargı qağıydaların islep shıqqan. Beruniydiń usı pikirleri Batıs filosoflarınıń pikirine qaraǵanda keńligi menen ajıralıp turadı.[1]

Jer betinde ǵalaba ózgeris ideyasın Beruniy «Minerologiya» miynetinde qoydı «Turaqlı túrde qalatuǵın heshnárse joq. Bunnan tısqarı, pútkil dún’ya bul processke boysınadı»[2]

Biliwdiń áhmiyeti, qáliplesiw hám rawajlanıw nızamlıqları, ózgesheliklerin úyreniw filosofiya tariyxında áhmiyetli orın iyelep kelmekte. Insan óz bilimi sebepli bolmıs, tábiyat, jámiyetti ózgertedi. Sol sebepli biliw máselesine ullı oyshıllar, filosoflar úlken dıqqat awdarıp kelgen.

Beruniydiń ilimiy miyrasların úyreniw sonı kórsetedi, Beruniy ullı oyshıl retinde insan biliwi mashqalasına úlken dıqqat qaratadı. Ol óziniń tábiyiy-ilimiy izertlewleri menen bir qatarda biliw usılları

[1]Философия. Учебник Под ред. В.д. Губина, Т. Ю. Сидориной. М., 2009. 50, б.)
[2]Материалы по прогрессивной общественно-философской мысли в Узбекистане. Т. 1992. 73,б.

hám jolları máseleleri, haqıyqatlıqqa erisiw, ilimiy metod mashqalalarına úlken dıqqat awdaradı.

Beruniydiń pikiri boyınsha biliwdiń tiykarı, dún'ya haqqında biziń bilimlerimizdiń deregi bizge seziw organlarımız arqalı berilgen sezimlik biliwler bolıp esaplanadı. Eger de seziw organlarımız bolmaǵanında, biziń dún'ya haqqında bilimlerimiz bolmaǵan bolar edi. Mısalı, eger kóz bolmaǵanda, adam reń haqqında kóz-qarasqa iye bolmas edi. «Eger tuwma soqır adam, basqalardan kóriw haqqında esitpegende, ózi reńlerdi ayırıp biletuǵın besinshi sezim bar ekenligin bilmegen bolar edi»[1]

Beruniy adamnıń seziw organları haywanlardıkine uqsaytuınlıǵın aytadı. Beruniy hár bir seziwdiń túrin súwretleydi, olar boyınsha haywanlar sırtqı ortalıqta baǵdarlanaladı. Beruniy eń aqırında sonday juwmaqqa keledi: «Bul sezimler arqalı haywanlar ómirinde tártip hám turaqlı qayta tikleniw belgilenedi».

Adamnıń seziw organları usı maqsetlerge, yaǵnıy eń aldı menen adamnan tısqarıda jaylasqan informaciyanı beriwge xızmet etiwi kerek. «Hár bir sezim belgili bir «titirkendiriwshi»ge juwap beriwi kerek». Beruniy bul titirkendiriwshiler materiallıq ekenligine gúman etpeydi, sebebi bular sezimlerdi payda etedi.

«Kóriwdiń titirkendiriwshisi nur bolıp esaplanadı, ol hawa arqalı denelerdiń reńlerin, sonday-aq formaları hám sırtqı kórinislerin alıp ótedi, olardıń járdeminde (predmetlerdiń) sanı bilinedi.

Esitiwdiń titirkendiriwshisi sesler boladı, al oǵan ol hawa arqalı jetip keledi.

Iyis seziwdiń titirkendiriwshisi iyisler, onı hawa murınǵa alıp keledi, iyisler iyis shıǵarıp turǵan predmetten suwdan puwdıń ajıralıp shıqqanı hám onıń bólekesheleri hawa menen aralasqanı sıyaqlı ajıralıp shıǵadı.

Dám biliw seziminiń titirkendiriwshisi awqattıń hár qıylı dámi bolıp esaplanadı. Onı awqat jewshige seziw organları bolǵan til, tańlayǵa suyıqlıq alıp keledi.

Besinshi sezim, barlıq deneni qamtıwshı terilik seziw, ol deneniń hámme aǵzalarına tán hám ayırım organǵa iye emes.

[1] А. Шарипов. Великий мыслитель Абу Райхан Беруний. Т:. 1972. 5.Б

Deneniń sırtqı qatlamı eń birinshi bolıp sıpatlı ózgesheliklerdi qabıl etedi, olar terilik sezimniń titirkendiriwshisi bolıp esaplanadı hám sonlıqtan bul sezim hámmesinen burın tek terige tán…»[1]

Solay etip, sezimler ózleriniń tiykarında denelik, materiallıq dún'yaǵa iye hám olardıń hár qaysısı materiallıq haqıyqatlıqtıń qandayda bir tárepin qamtıydı. «Sezimler óziniń titirkendiriwshileri tárepinen oyatıladı.» Bul jerde Beruniy materialistlik kóz-qarasların aytadı.

Adamnıń haywannan parqı sonda, adam sanaǵa iye. Beruniy sana adamǵa quday tárepinen berilgen ilahiy sawǵa dep esaplaydı. Eger esitiw hám kóriw oylaw processinde eń áhmiyetlisi bolsa, al qalǵan sezimlerde sanaǵa baylanıslı basqa sezimlerde ózgeriske ushıraydı. «Basqa sezimler haqqında aytatuǵın bolsaq, olar sezimge qaraǵanda denege say keledi hám olar adamzatlıq tábiyatqa qaraǵanda, haywanlıq tábiyatqa iye. Biraq, eger adam olardan pikirlew hám oy juwmaǵı járdeminde paydalansa, onda ol bul sezimler arqalı qabıl etilgen zatlardı izertlewde shıńlarǵa jetisedi»[2]**.**

Solay etip, sezimlik bilimler sana ushın material bolıp xızmet etedi, al ol óz gezeginde biliwdiń kúshli quralı retinde xızmet qıladı, sebebi ol bizdi qorshaǵan sezimlik dún'yanıń waqıya hám qubılıslardıń mánisin biliwge járdem beredi.

Adam tájiriybe hám aqıl arqalı haqıyqıy bilimlerdi jalǵan bilimlerden ajıratıp kórsetedi. Beruniy ayırım ilimlerde tájiriybe, eksperimenttiń áhmiyetin joqarı kóterip qoymastan, onı óz izertlewlerinde keń qollandı. Tájiriybeli ilimlerde eksperiment texnikasınıń ózin jetilistiriwge úlken úles qostı.

Beruniydiń tábiyiy-ilimiy kóz-qarasları analizi sonı kórsetedi, onıń ilimiy miynetlerinde tábiyat ústinen ápiwayı baqlawlar úlken áhmiyetke iye bolıp qalmastan, eksperimentallıq izertlewler, sonıń ishinde minerologiya, farmakologiya hám basqada ilimlerde qollanılǵan eksperiment izertlewler úlken áhiyetke iye. Sonday-aq, Al-Beruniy astronomiya, geologiya, gidrostatika, geografiya uqsaǵan bilimler tarawındaǵı ideyalardı hám boljawlardı Koopernik, Leonardo da Vinchi hám Evropanıń basqa da danıshpan ilimpazlarınan burın-aq, bayan etken.

---

[1] Абу Райхон Беруний. Минералогия, 1963.8-9 бет.

[2] Минералогия 10 бет.

## Abu Ali ibn Sino (980-1037)

Dún'ya ilimi hám mádeniyatına úles qosqan Oraylıq Aziya oyanıw dáwiri alımlarınıń biri Ibn Sino edi. Ol medicina, astronomiya, tabiyattanıw, matematika, muzıka, xukık, ádep-ikramlılık, din, ádebiyat, tariyx ilimleriniń rawajlanıwına úlken úles kosadı, Oraylıq Aziya xalıqları mádeniyatın dún'ya mádeniyatınıń aldıńǵı katarına alıp shıktı.



Abu Ali ibn Sino (980-1037)

Shıǵıstıń ullı alımı Abu Ali al-Xusayn ibn Abdullax ibn al-Xusan ibn Ali ibn Sino Buxara janındagı Afshana awılında tuwılǵan. Onıń ákesi Abdullax tiykarı Balxtan bolıp, Ibn Sino bes jasqa tolǵanda, shańaraǵı menen Buxaraǵa kóship keledi. Túrk jazıwshısı Ibraxim Ogax Chubukchidin maǵlıwmatına qaraǵanda, tiykarı túrk shańaraǵınan shıqqan ibn Sinonın ákesi júdá oqımıslı alım bolǵan, ol «Ixvon as-sado» traktatların hám Ismailiya aǵımınıń kózqarasların jaqsı kórer edi. Bir kúni Abdullax An-Natiliy degen filosofiyanı jaksı biletuǵın adam menen tanıskanında ulı Ibn Ibn Sinonı shákirtlikke alıwın soraydı.

An-natiliy bolajaq alımdı óz tárbiyasına aladı. Ibn Sino «Aristotel'din» «Logika» sın Oklidestin «Anosir» in, Batlimustın «Al-Majisti» shıgarmaların sol ullı alımnan úyrenedi. Bunnan aldınıraq, Ismail degen adamnan fikx ilimin úyrenedi.

Ibn Sino ásirese, medicina ilimine mehir qoydi. Bunda ol xristian medik alımı Iso bin «Yaxyo» shıǵarmalarınan kóp paydalanǵan. Sebebi ol medicinada tájiriybelerge kóbirek áhmiyet bergen táwip bolǵan. Qısqa waqıt ishinde Ibn Sino medicina tarawında úlken abırayǵa eristi. Ibn Sinonıń ózi bul haqqında tómendegilerdi jazǵan edi:

«Medicina tiykarında qıyın ilimlerden emes, sol sebepten men qısqa múddet ishinde bul tarawda sonday jetiskenlikke eristim, hátte bilimli táwiplerde maǵan kelip, mennen medicina ilimin oqıytuǵın boldı. Awırıwlarǵa da qatnar edim, erisken tájiriybelerim

nátiyjesinde maǵan dawalaw esikleri sonday keń ashıldı, onı táriyplep bolmaydı».[1]

Ibn Sinonıń abırayınıń kún sayın ósip barǵanlıǵın bir neshshe itibarlı dáliyller sıpatlaydı. Buxara ámiri Nux ibn Mansur (976-997) awır dártke shalınadı. Onı dawalawda Ibn Sino belsene qatnasadı hám bunıń ornına ol saray kitapxanasında saqlanıp atırǵan kitaplardan paydalanıw imkaniyatına iye boladı.

1002-jılı Xorezmge baradı. Sol dáwirdiń iri mádeniy oraylarınan biri bolǵan Úrgenishte Ma'mun akademiyasında xızmet etti. Maxmud Ǵaznaviy Xorezmdi iyelegen soń, Ibn Sino Gurgan ámirligine, ol jerden Ray, Kazvin sháhárlerine ótip, soń Xamadanǵa – buvayxiylar húkimdarı Shams ad-Davla (997-1921) xızmetine kiredi. Xamadan ámiri Shams ad-Davlanı dawalaǵan Ibn Sino wázirlik dárejesine kóteriledi. Áskerler arasında bolǵan qozǵalań sebepli Ibn Sino zindanǵa túsedi. Biraq Shams ad-Davla jáne kesellengende zindanda jatırǵan ullı táwip ekinshi márte onı dawalaydı hám taǵı wázirlikke tayınlanadı.

Shams ad-Davla qaytıs bolǵannan keyin onıń balası Samo ad-Davla taxtqa otıradı. Ibn Sino wázirlikte qalıwdı qálemeydi. Ol Isfaxan ámiri Alaud-Davlaǵa xat jollap jumıs soraydı. Bul háreketi ushın Hamadan húkimdarı Ibn Sinonı zindanǵa saladı. Aradan tórt ay ótkennen soń, Isfaxan ámiri Alaud-Davla hamadandı basıp aladı hám Ibn Sinonı azatlıqqa shıǵaradı.[2]

Tınımsız ilimiy izleniwler, sháhárme-sháhár tınımsız júriw, alımǵa qarsı bir neshshe mártebe shólkemlestirilgen dushpanlıq hám zindanlar, álbette, onıń den sawlıǵına tásir etken edi. Ibn Sino 1037-jılı 57 jasında qaytıs bolǵan. Ullı enciklopedist alımnan júdá úlken miyras qalǵan. Túrli dereklerde ullı ilimpazdıń filosofiya, logika, psixologiya, ádebiyattanıw, qosıqshılıq, muzıka, geologiya, minerologiya, fizika, matematika, medicina, astronomiya hám ilimniń basqa tarawları boyınsha 450 den aslam ilimiy shıǵarmaları bolǵan. Biraq bizge shekem Ibn Sinonıń 242 shıǵarması jetip kelgen. Sonnan 80ni filosofiya, iláhiyat hám sufizmge, 43i táwiplikke, 19ı logikaǵa, 26sı psixologiyaǵa, 23i medicina ilimine, 7ewi astronomiyaǵa, 1 matematikaǵa, 1 muzıkaǵa, 2 ximiyaǵa, 9 ádep

[1] Ирисов А. Хаким ибн Сино. Т., 1992, 9-бет.
[2] Ватан тарихи. Т., 1997, 241-бет.

ilimine, 4 ádebiyatqa, segizi basqa alımlar menen bolǵan xat alısıwlarǵa tiyisli.[1]

Alımnıń filosofiyaǵa tiyisli «Kitob ash-shifo» shıǵarmasın óz dáwiriniń enciklopediya shıǵarmalarınan desek qátelespeymiz. Onda logika, tábiyiy ilimler, matematika hám iláhiyat boyınsha filosofiyalıq ideyalar óz sáwleleniwin tapqan. Shıǵarmanıń birinshi babında tábiyat filosofiyasına tiyisli máseleler jarıtılǵan bolıp, materiya, forma, háreket, waqıtqa tiyisli táriyplew beriledi, ekinshi babı bolsa, kosmos, dene bólimleri hám onıń háreketi haqqındaǵı táliymattı óz ishine aladı. Úshinshi babında bolsa materiyanıń payda bolıwı hám bóliniwi haqqındaǵı túrli kóz-qaraslar bayan etiledi. Shıǵarmanıń on úsh bólimi fizika, ximiya, botanika, minerologiya, astronomiya, fizika, matematika, muzıka, psixologiyaǵa tiyisli tábiyiy-ilimiy bilimlerdi bayan etedi.

Jáne bir filosofiyaǵa tiyisli iri shıǵarması «ash- Shifo» hám («Isharalar va tanbihlar») esaplanadı. Onda filosofiyanıń tiykarǵı máseleleri bayan etilgen. Ásirese ash-Shifo shıǵarmasında logikaǵa baylanıslı bólimi 9 bólimnen ibarat hám onıń hár biri óz kórinisinde ayrıqsha bir kitapta alıp qaraladı.

Bular tómendegishe:

1. Al-Madxal- logikaǵa kirisiw.
2.Al-Maqulot – kategoriyalar.
3.Al- Iborat - interpretaciya
4.Al- Qiyos – sillogizm.
5.Al – Burhon- sıpatlaw, dáliyl.
6.Al-Jadal – tartısıw, dialektika.
7. As- Safsata – sofistika. (A. Irisov)
8. Al – Xitoba – ritorika.
9. Ash- She’r – poetika.

Ibn Sinonıń «ash-Shifo»nıń sońǵı bólimin «Ilohiyot»qa baǵıshlaydı. Bunıń menen ol Aristotel’diń «Metafizika» shıǵarmasına juwabı, usı temada shıǵarmada talap etiledi. Demek, Ibn Sino bir ǵana «ash- Shifo»nıń ózinde onǵa jaqın filosofiyalıq shıǵarma jazǵan. Buǵan jáne onıń tábiyat bólimindegi jan ruwhıy qubılıslarǵa baǵıshlanǵan «an-Nafs» ti qossaq, onıń sanı jáne artıp

[1] Абу Али ибн Сино. Тиб қонунлари. Уч жилдлик сайланма. 1-жилд. Т., 1992, 5-бет.

baradı. Oyshıl Ibn Sino tiykarınan belgili logika tanıwshısı bolǵan, ol jas waqtınan baslap logika ilimin tereń úyrengen, sebebi óz kitapları arqalı Abu Alige ustaz esaplanǵan Abu Nasr Farabiy de bunı tereń bilgen edi. Ibn Sinonıń logikaǵa baylanıslı shıǵarmalarınan biri Xorezmde as- Sahliyge atap jazǵan «Qasidat» al- muzdavija fi-l-mantiq» esaplanǵan[1].

Ibn Sino «Danıshnama» shıǵarmasında fizika ilimindegi «reallıq», «úzliklilik» hám «úzliksizlik», «kúsh», «háreket», «boslıq» (vakuum), «jaqtılıq» hádiyselerine tiyisli máselelerdi jarıtıwǵa háreket qıldı. Jaqtılıq hádiysesin túsindiriwde jaqtılıq taraw tezligi haqqındaǵı fundamental’ ideyanı aldıǵa súrdi. Bul shıǵarmada keńislik qásiyetleri de túsindirip berilgen. Onıń pikiri boyınsha, «Keńislik deneniń háreket ornı bolıp, ol bir neshshe qásiyetlerge iye. Birinshiden, hár qanday dene bir jerden ekinshi jerge qozǵaladı hám olardıń birinde ol tınıshlıq jaǵdayında boladı. Ekinshiden, keńislikti ólshewge boladı: pás hám bálent. Úshinshiden, eki dene bir waqıtta bir orında bolmaydı. Tórtinshiden, dene haqqında pikir júrgizgenimizde, álbette onıń ornı (keńislik ornı) bar ekenligin umıtpaw kerek».[2]

Múmkin tiykar-bolmıs substanciya hám akcidenciyadan turadı hám tiykar bolmıstıń onnan sońǵı ierarxiyası - atalǵan kategoriyalardıń hár túrli kórinisleri. Kóp túrli kórinisti qamtıǵan oǵada universallıqqa iye substanciya - dáslepki elementler (jer, suw, ot, hawa). Materiya, jan, forma hám aqıl-oy-qarapayım substanciyalar, al dene-quramalı substanciya. Deneniń ózi kóp túrlilikke iye: ósimlik, haywan hám adam. Dene- bul úsh ólshemge - uzınlıq, keńlik, tereńlikke iye. «Materialı po istorii»(c282). Solay etip, hámme zatlardıń minezlemesi-deneligi, ol materiyadan hám formadan turadı. Olar óz-ara baylanıslı, birisiz-biri bolmaydı. Ibn Sino bılay deydi: «Materiya imeet telesnuyu formu i bez telesnoy formı ne sushestvuet v deystvitel’nosti. Stalo bıt’, ona yavlyaetsya deystvitel’no sushestvuyushey substanciey blagodarya telesnoy forme. Stalo bıt’ telesnaya forma na samom dele yavlyaetsya

[1] Абу Али Ибн Сино ҳаёти ва ижодий мероси. Т:.1980.74 б.
[2] Ибн Сино. Донишнома, Т., 1957, 238-239 бб.

substanciey»[1]. Ibn Sino pútkil denelik dún'yanıń tiykarın bar dep esaplaydı.

Háreket máselesin túsindirgende, háreketti deneniń tiykarınan shıqqan sıpatında analizleydi. Háreket tınıshlıq penen birlikte qaraladı.

Ibn Sino háreketti mexanikalıq túsindiriwdi kritikalaydı hám tábiyatta taza boslıq hám keńisliktiń barlıǵın biykarlaydı. Ol tastıyıqlaydı: «Anaw ya mınaw zattıń qálegen halatı hám háreketi», eger ol zat bolatuǵın potenciallıqqa iye bolatuǵın bolsa, usı potenciallıǵı sebepli háreket dep ataladı[2].

Ibn Sinonıń ontologiyası-Orta ásir sharayatındaǵı dún'ya tuwralı idealistlik hám materialistlik kóz-qaraslardıń panteizm formasında tutasıwı bolıp tabıldı. Ulıwma máseleler idealistlik poziciyada tursa, jeke máselelerde materialistlik poziciyaǵa ótiwge umtılıw seziledi.

Seziwlik biliw, Ibn Sinonıń pikirinshe, tábiyattı biliwdiń bas jolı. Ibn Sino sezimlerdi ekige bóledi: sırtqı hám ishki. Onıń táliymatına sáykes úsh sırtqı sezim-kóriw, esitiw, dám, iyis, iyis seziw sırtqı biliw kúshleri bolıp tabıladı. Ishki kúshler: ulıwma seziw, kútiletuǵın hám qıyallaytuǵın kúsh.

Seziwler máselesi Ibn Sino tárepinen original' dárejede analizlenedi. Máselen, kóriw processin túsindiriwde ol Platonnıń, Demokrittiń hám basqa da filosoflardıń kóz-qarasların kritikalıq jaqtan qaray otırıp, bılay tastıyıqlaydı. Kóriw arqalı biz ob'ektiv predmetlerdiń túrin sezemiz. Bul misli sırtqı predmetlerdiń aynaǵa súlderi túskendey.

Teoriyalıq aqıl-oydıń nátiyjesi-ulıwma túsinikler. Olar ob'ektiv reallıq bolıp, jeke konkret obrazlardan bólekleniw, abstraktlanıw, ulıwmalanıw arqalı ámelge asadı.

Aqıl-oy Ibn Sinonıń túsindiriwinshe-adam janınıń joqarǵı kúshi. Kóp jaǵdayda Ibn Sino aqıl-oydı adamǵa abstrakt oylawǵa uqıbı hám ulıwmalıqtı biliwge uqıbı, al intellektti adamnıń janınıń kúshi dese, intuiciyanı adamnıń janınıń, ruwxınıń belgiliden belgisizge, kirisiw tárepten juwmaqqa hám keri tez ótiwshiniń uqıbı dep esaplaydı. Ibn Sino aqıl-oydı múmkin hám iskerlikli aqıl-oy dep

[1] А Али Ибн Сина. Дониш-намэ. 152 б.
[2] Ибн Сина. Даниш-намэ. 232 б.

bóledi. Individuallıq jannıń ayrıqsha kúshi-bul múmkin aqıl-oy. Iskerlikli aqıl-oy individuallıqtan bólingen ulıwma princip.

Biliw processi oyshıl tárepinen materiallıq dún'yada zatlardıń payda bolıw processi sıpatında túsindirildi. Materiya múmkinshilik, al aqıl-oy aktiv baslama sıpatında boladı. Aktiv baslama materiallıq ob'ektlerge múmkinshilik sıpatında formanı beriw menen sońǵısı haqıyqatlıq boladı. Sonlıqtan potenciallıq aqıl-oydı materiya menen salıstırıw múmkin. Iskerlikli aqıl-oy oǵan biliwdiń forması sıpatında materiyada bolmıstıń formaları sıpatında bolatuǵınların kirgizedi. Nátiyjede haqıyqıy biliw boladı. Biraq ol ushın seziwlik biliw járdemi zárúr. Seziw organları arqalı alınǵan materiallarǵa kóre aqıl-oylıq biliw ámelge asadı. Seziwler aqıl-oyǵa hár túrli usıllar arqalı járdem beredi. Olardıń birewi, seziwlik qabıllaw aqıl-oy janına beriledi hám tórt aqıl-oyǵa sıyımlı háreketti bildiredi.

Jámiyettiń sociallıq dúzilisi, mámlekettiń kelip shıǵıwı hám funkciyaları, adamnıń minez-qulqınıń normaları hám qádeleri, gózzallıq hám onıń ómirdegi hám iskusstvodaǵı túrleri hám basqa da máselelerdi Ibn Sino praktikalıq filosofiyaǵa kirgizedi.

Ámeliy filosofiya etika (onıń predmeti-adamnıń iygiligi), ekonomika (predmeti-sem'yanıń iygiligi), siyasat (predmeti-mámlekettiń iygiligi) bolıp bólinedi.

Sociallıq-siyasiy kóz-qaraslarında Ibn Sino Farabiydiń ideyalarına jaqın keledi: ideallıq jámiyettiń tárepdarı boldı. Onıń pikirinshe, bul ideallıq jámiyettiń basında sawatlı, ádalatlı monarx turıwı kerek.

Jámiyette adamlardıń jasawınıń shárti-olardıń birge islesiwi boladı. Ol bul ushın jámiyettiń barlıq aǵzalarına birdey aqılǵa sıyımlı nızam hám huqıq kerek.

Jámiyettiń aǵzaların Ibn Sino úsh toparǵa bóledi. Olar: adminstratorlar, óndiriwshiler hám áskerler.

Ibn Sino adamlardıń sociallıq jaǵdayındaǵı ayırmashılıqlardı tábiyiy jaǵday dep túsindiredi.

Barlıq jámiyet aǵzaları ushın ulıwma nızamlar ornaǵan jámiyette ádalatsızlıqtıń bolıwı múmkin emes. Eger hákimniń ózi ádalatsız bolsa, onda oǵan qarsı qozǵalań haq, jámiyet qollap-quwatladı. Ibn Sinonıń estetika boyınsha pikiri onıń «Ishq» (Muhabbat) atlı traktatında jaqsı berilgen.

Oyshıllardıń pikirinshe, muhabbattıń mánisi taza gózzallıqta. Ol bolmıstı úsh basqıshqa bóledi:

1. Jetiliwdiń joqarǵı basqıshında turǵanlar.

2. Jetiliwdiń rawajlanıwı boyınsha kemshilikke iyeleri.

3. Jetiliwdiń atalǵan basqıshları arasındaǵılar.

Bul úshinshi basqısh haqıyqıy bolmısqa iye emes.

Adamzattıń ásirler boyı ármanı-muhabbat háreketke túsirgen gózzallıqqa umtılıw. Al gózzallıq, Ibn Sino kóz-qarasınan, jetilgenge bara-bar, birdey. Denelerdiń barlıq túrleriniń, zatlardıń, jasap turǵanlardıń rawajlanıwınıń hám jetiliwiniń tiykarın muhabbat quraydı hám onıń arqasında háreket, ózgeris hám rawajlanıw ámelge asadı.

Muhabbat, Ibn Sinonıń túsindiriwinshe máńgi rawajlanıwǵa, jetiliwge umtılıw.

Aqıl-oyǵa iye adamǵa ǵana jetiliwge umtılıwdıń hám hárekettiń joqarǵı forması tiyisli.

Ibn Sinonıń medicina ilimi tarawında qaldırǵan ullı miyrası ásirese úlken tariyxıy áhmiyetke iye. Onıń medicinaǵa tiyisli shıǵarmalarınan otızı bizge shekem jetip kelgen, solardan eń tiykarǵıları ózbek tiline awdarma jasalǵan. Ullı alımnıń medicinaǵa tiyisli eń iri shıǵarması «Kitob al-Qonun fi-t-tib» (Medicina nızamları kitabı). Ibn Sino «Tib nızamların bes kitapqa bólgen.

1-kitapta medicinanıń ulıwma teoriyası bayan etiledi.

2-kitap farmakologiyaǵa baǵıshlanǵan. Onda ósimlik hám haywanlardan alınatuǵın 811 ápiwayı dáriniń birazları álipbe túrinde jaylastırılıp shıǵılǵan hám olardıń táriypi keltirilip, hár biri qanday dártke dawa ekenligine xarakteristika berilgen. Ibn Sinonıń dawalaw usılında isletilgen 396 dárilik ósimlikten 165 i búgingi kúnde medicina iliminde qollanıladı.

3-kitapta «Júziy» kesellikler, yaǵnıy insannıń basınan ayaǵına shekemgi hár bir aǵzasında bolatuǵın kesellikler olardı anıqlaw hám dawalaw usılları jarıtıladı.

4-kitap insannıń birde bir aǵzasına tán bolmaǵan, biraq pútkil gewdesinde júz beriwi múmkin bolǵan keselliklerge baǵıshlanǵan.

5-kitapta quramalı dáriler, yaǵnıy tábiyatta tayar túrinde ushıramaytuǵın dárilerdi tayarlaw haqqında pikir júrgiziledi.

Abu Ali Ibn Sino «Tib nızamları» shıǵarmasınıń dún'ya júzilik tariyxıy áhmiyetin sol nárseden biliw múmkin, bul kitap XVIII ásirdiń aqırlarında Batıs Evropanıń medicinalıq oqıw orınlarında tiykarǵı oqıw qollanbası bolıp xızmet qılǵan.

**Ibn Sinonıń medicinaǵa tiyisli eń iri shıǵarması «Kitob al-Qonun fi-t-tib» (Medicina nızamları kitabı)**

**Ibn Sino «Tib nızamların bes kitapqa bólgen**




Ibn Sino tek ǵana enciklopedist alım hám aǵartıwshı, sol waqıttıń ózinde-aq talantlı shayır bolǵan. Onıń kórkem dóretiwshilik tarawındaǵı miyweleri – «Qus risalası», «Salaman hám ibsal», «Yusuf qıssası», «Wyǵoq ulı Tirik» shıǵarmalarında óz sáwleleniwin tapqan. Olarda ullı shayır joqarı insaniy pazıyletlerdi, turmıslıq mashqalalar hám sheshimlerdi qálemge saladı.

Abu Ali Ibn Sino ilimler klassifkaciyasına itibar bergen. Ibn Sino barlıq ilimlerdi eki túrge bóledi:teoriyalıq hám ámeliy. Hár biri hám bóleklerge iye:ámeliy ilim filosofiya siyasat, huqıq, úy xojalıǵı, etika; teoriyalıq ilim-metafizika joqarǵı ilim, matematika, orta ilim tábiyat tuwralı ilimi, tábiyattanıw tómengi ilim. Metafizika absolyut bolmıstı hám onıń ulıwma halatın izertleydi, shaqapshalarına iye. Olar geometriya, arifmetika, astronomiya, muzıka, optika, mexanika, hárekettegi sferalar tuwralı ilim, priborlar hám oǵan kiretuǵın t.b. tuwralı ilim. Tábiyattanıw tábiyattı hám denelik dún'yanı izertleydi, altı bólekke iye: pútkil tábiyattı ulıwma máseleler materiya, forma, tábiyiylik, háreket t.b: deneniń halatı, bular dún'yanıń tiykarın quraytuǵınlar – aspan deneleri, elementlerdiń bólekleri, olardıń sanı hám t.b. tábiyiy processler – deneniń qáliplesiwi, payda bolıwı, joq bolıwı ósiwi, óliwi hám t.b. tórt elementtiń olardıń ornın alamastıraman degenshe halatı, sonday-aq aspanlıq qubılıslar – meteorit, jawın, gúldirmama,samal, shuǵla hám t.b. organikalıq

emes dún'ya, ósimlikler dún'yası, haywanlar dún'yası, adamnıń janı hám ruwxıy kúshleri[1] .

## Farabiy (873-950)



Фарабий (873-950))

Abu Nasr Ibn Muhammad Ibn Uzluǵ Tarxon Farabiy – Orta ásirler musılman Shıǵısınıń ullı oyshılı, áyyemgi grek filosofiyasınıń dawamshısı hám tarqatıwshısı. Áyyemgi grek ilim-pániniń bilimdanı sıpatında Aristotel'diń «Metafizika», «Fizika», «Meteorologiya» hám logika tarawına tiyisli kitaplarına, Ptolomey, Aleksandr Afrodeziyskiy hám basqalardıń ádep-ikramlılıq, psixologiya, tábiyiy pánler boyınsha jaratqan ilimiy traktatlarına anıqlamalar jazǵan. («Eki filosof – Aristotel' hám Galenniń barlıq pikirleri haqqında kitap», «Aristotel' hám Galen ortasında baylanıs» hám b.) Ásirese, onıń Aristotel' filosofiyasın analizlewdegi hám logika tarawındaǵı jumısları dańqqa erisip, Farabiydiń «Al-mualimi soniy» («Ekinshi muǵallim») hám «Shıǵıs Aristoteli» degen ataqlarǵa eristi. Onıń muzıka tarawına tiyisli shıǵarmalarında nay, naǵara, chang, rubab qusaǵan muzıka ásbapların táriyplep, olardıń adamlar ruwxıy turmısındaǵı ornın kórsetip berdi. Farabiy matematika, medicina, arab tili grammatikası, alximiya, logika ilimlerine tiyisli qımbatlı shıǵarmalar da jarattı.

Abu Nasr Farabiydiń filosofiyalıq oy pikirlerin alıp qarasaq tómendegishe kóremiz.

Farabiydiń túsindiriwi boyınsha birlikli bolmıs altı basqıshtan turadı. Olar bir waqıtta pútkil jasap turǵannıń baslaması hám olar bir-biri menen sebeplik ǵárezlilikte baylanısqan.

Birinshi basqısh-birinshi sebep (as-sabab al-avval demek, quday), ekinshi basqısh -aspan deneleriniń bolmısı (as-sabab as-soni), úshinshi basqısh-iskerlikli aqıl-oy (deyatel'nıy razum-al-akl al-faol), tórtinshi basqısh - jan (dusha -an-nafis), besinshi basqısh - forma(-as-surat), altınshı-materiya (al-modda).

---

[1]Htt://studbooks/net/91991/filosofiya/klassifikatsiya nauk

Solay etip, quday hám materiya tutas birlikti quray otırıp, bir-biri menen sebeplilik jaǵdayında biraz basqıshlar arqalı baylanısqan. Ózleriniń sebeplik ǵárezliligi boyınsha bul baslamalar eki túrge bólinedi zárúrli barlıq (neobxodimoe sushee) - onıń ómir súriwi, barlıǵı tánha ózinen kelip shıǵadı.

Múmkinshilikke iye barlıq - óziniń bolmısında belgili sebepke zárúr hám ol payda bolǵanda zárúrli barlıqqa aynaladı. Múmkin bolǵan zatlardıń sebeplik-aqıbetlik qatarı eń sońında zárúrli barlıqqa alıp keledi.

Farabiydiń baslamalar, negizler, tiykarlar tuwralı táliymatı oǵan neoplatoniklerdiń emocional’lıq teoriyasınıń tásirin ańlatıp, ortodoksallıq islamnıń poziciyalarınan tikkeley ayrılıp turadı.

Birinshi sebep máńgilik qásiyetke iye bolǵanlıqtan, materiya, onıń aqıbeti de máńgi boladı.

Farabiy Zárúrli barlıq (neobxodimoe sushee) barlıq zatlardıń bolmısınıń sebebi degen.[1]

Farabiy dún’yanıń payda bolıwı áste aqırın proces. Ol belgili izbe-izlikte hám zárúrlikte ótedi. Demek, dún’ya hám quday eki qarama-qarsı polyuslar emes, al birlikte sebeplik, izbe-izlilik, nızamlılıq húkim súrgen bolmıstı, barlıqtı quraydı.

Barlıq jerdegi hám aspandaǵı sferalar denelikke, demek, materiallıqqa iye. Barlıq predmetler altı túrge bólinedi aspan deneleri, aqıl-oyǵa iye haywanlar (adam),

Aqıl-oyǵa iye emes haywanlar, ósimlikler, minerallar, tórt element-ot, hawa, jer hám suw. Sońǵıları materiallıqtıń tiykarları, olar materiyanıń júdá qarapayım túrlerin ańlatadı. Qalǵan altawı quramlı bolıp, birinshi elementlerdiń birigiwi nátiyjesinde payda boladı.

Farabiydiń pikirinshe, barlıq zatlar ushın ulıwma rod-dún’ya,qálegen dene, Farabiydiń pikirinshe, eń aldı menen potenciyada, múmkinshilikte hám sońınan ǵana haqıyqatlıqqa aynaladı. Múmkinshilikten haqıyqatlıqqa ótiw materiyanıń belgili forma menen birigiwi nátiyjesinde ótedi.

Farabiydiń qarsılıqları formalardıń qarama-qarsılıqları hám soqlıǵısıwları haqqında oyı tábiyattaǵı ózgerislerdiń dáreginen túsiniwge umtılıw sıpatında bahalıqqa iye.

---

[1] Существо вопроса в книге Избранные произведения мыслетилей Билижнего и среднего Востока. 178 б.

Farabiy adam tanıp biletuǵın sub'ekt, al bizdi qorshaǵan tábiyat - biliwdiń ob'ekti. Tábiyat sub'ekttiń aldında boladı (poznovaemoe sushestvuet da otnosyashegosya k nemu znaniya tak je, kak chuvstvenno vosprinmaemoe - do otnosyashegosya k nemu vospriyatiya Farabi[1]) Farabiy tábiyattı biliw processiniń sheksizligin aytıp, onıń bilmewden biliwge ótiwge, aqıbetli biliwden sebepli biliwge, qubılıstı biliwden tiykarlı biliwge, akcidenciyadan substanciyaǵa ótiw dep esaplaydı.

Farabiy adamda tuwılarda onı awqatlandıratuǵın, támiyinleytuǵın kúsh (pitayushaya sila) payda boladı. Aqıl-oy kúshiniń arqasında adam aqıl-oyǵa sıyımlıqtı, abstraktlıqtı tanıp biledi, gózzallıqtı ábeshiylikten ajıratıp biledi, jaqsını jamannan, paydalını zıyannan ayırıp biledi, ilim hám iskusstvonı meńgeredi.

Farabiy adamnıń barlıq biliwlik-psixikalıq uqıpları jannıń háreketi hám kúshi. Bul kúshlerdiń dene organınan ǵárezliligin, demek, psixikalıqtıń materiallıq penen belgilengenligin Farabiy atap ótedi.

Farabiy bul kúshlerdiń hesh biri materiyadan bólek jasamaydı. Farabiy biliwdiń eki basqıshın ajıratadı - seziwlik hám oylaw. Seziwlik biliwdiń rolin ayta otırıp, Farabiy adamdı sırtqı dún'ya menen baylanıstırıwshı sezimlerdiń bes túriniń hár birine toqtaydı.

Seziwdiń hár bir túrin Farabiy sezimlerdiń belgili organları menen baylanısta qaraydı.

Farabiy qálegen seziw adamlardıń seziw organlarına ob'ektiv ómir súriwshi predmetlerdiń konkret qásiyetleriniń sırtqı fizikalıq tásiriniń nátiyjesi.

Farabiyde titirkeniwdiń kúshi menen seziwliktiń tásirsheńlik sebeplik ǵárezlilik tuwralı belgili kóz-qaras bar. Basqasha aytqanda, titirkeniw qanshama kúshli bolǵan sayın, ol boldırǵannıń izi sezimde uzaǵıraq saqlanadı.

Farabiy seziwlik biliwdi tikkeley, konkret sáwleleniw sıpatında túsinedi.

Farabiyde biliwdiń seziwlik etapı menen yad, elesletiw hám qıyallawbaylanıstırıladıhám olarǵa seziw menen oylawdıń arasındaǵı orın beriledi. Farabiydiń yadtıń, qıyallawdıń tábiyatın túsindiriwi olardıń fizikalıqorganın anıqlawǵaumtılıw menen xarakterli. Ol, onıń

[1] Комментарии к Категориям Аристотеля // В кн. Избранные произведения мысл. Стран Ближнего и Средного. Востока 191 б.

pikirinshe, miydiń aldıńǵı bólegine jaylasqan. Biraq adam ushın ózgeshelik seziw hám yad emes, olar gey bir haywanlarǵa da tán, al aqıl-oy bolıp esaplanadı. Adamnıń haywanlardan ayırmashılıǵı sonda, ol bilimdi aqıl-oy hám seziwler arqalı aladı

Aqıl-oy kúshi sırtqı predmetlerdiń anıq obrazların beredi. Seziwlerden ayırmashılıǵı, oylaw real' zatlardı abstrakt qıyallaw processinde tanıp biledi. Bunnan basqa aqıl-oyǵa túsiniw tiyisli[1].

Abstrakt ilimiy túsinikler, sonıń ishinde matematikaǵa tiyislileri de, sırtqı dún'yadan qanshama ajıralǵan bolıwına qaramastan konkret ómir súrip turǵan danalardıń qásiyetlerin sáwlelendiredi.

Biliwdiń eki formasınıń - seziwlik hám racional'lıqtıń usılları hám ayırmashılıqları bayanlawdıń hám túrin belgileydi. Sezilgen sapalardıń oylanılatuǵın tiykarlarǵa, demek konkretlikten abstraktlıqqa hám denelerdi oylaw tárepinen olardı seziw táreplerine, basqasha aytqanda abstraktlıqtan konkretlikke.

Farabiy aqıl-oy menen tanıp biliwde tanıp bilinetuǵın predmetlerdiń tereńligin kórsetetuǵın basqıshlardı ajıratadı. Bul process eki moment penen minezlenedi; konkretlikten ulıwmalıqqa ótiw, oydaǵı ulıwmalıqtı kórsetiw, sońınan bul ulıwmalıqtıń (konkretlilikte tabılǵan) járdeminde konkretliliktiń mánisin tereńlestiriw. Eń sońında aqıl-oy jerdegilerdiń bárin tanıp bilip, aspan deneshelerin tanıp biliwge ótedi. Sóytip, jer-júzilik, kosmoslıq denege aralasıp sińisedi, birlesedi. Aqıl-oylıq biliw bul jer-júzilik aqıl-oydıń (mirovoy razum) tásirinde ámelge asırıladı.

Biliwde (adamnıń biliwinde) iskerlikli (háreketshil) aqıl-oy (deyatel'nıy razum-al akl al-faol). Iskerlikli, háreketshil aqıl-oydıń roli seziwlikti kúsheytedi hám onı oylaw ushın qolaylastıradı hám eń juwmaǵında rawajlanıwdıń hár túrli basqıshları arqalı biliwdi (poznanie) dún'ya tuwralı hámme bilimler menen bayıtıp, máńgilikke alıp keledi. Iskerlikli, háreketshil aqıl-oy adam menen birinshi sebep (pervoprichina) arasında dáldalshı bola aladı. Bul iskerlikli háreketshil aqıl-oy denedegi jan menen hám baylanıslı. Solay etip, qudaylıq tirishiliktiń (bojestvennıe jizni) qásiyetleri adamǵa ótedi, onıń bilimi aqıl-oy kúshinde máńgilikke aynaladı.

[1] Фарабий. А – Масаил ал фалсафий ва ала жаванха// В сб. Мажму ал- Фараби, 1994. 105-107 б.

Abu Nasır Farabiydiń ilimler kalassifikaciyasın alıp qarayıq. Farabiy bilimlerdi ámeliy óner hám teoriyalıq ilim dep bólgen. Ilimniń ob'ekti barlıq real ómir súrip turǵanlar, onıń hár qıylı qásiyetleri hám nızamları haqqında ilim sıpatında belgileydi hám onıń anıq ilimlerge qatnasın ulıwmalıqtan jekelikke qatnası sıpatında minezleydi. Farabiy ilimlerdi klassifikaciyalawda Orta ásir dáwirindegi birinshi hám tolıq túrin dóretti hám sol dáwirdiń ilimiy bilimlerdiń enciklopediyası degen atqa iye boldı.

1. Til tuwralı ilim. Jeti bapqa iye.

2. Logika.

3. Matematika. Ózinshelikke iye jeti ilimge bólinedi. Arifmetika, geometriya, optika, juldızlar haqqında ilim, muzıka haqqında ilim,awırlıq haqqında ilim..

4. Tábiyattanıw hám diniy ilimler yamasa metafizika.

5.Qalanı basqarıw tuwralı ilim siyasiy ilim, yurisprudenciya hám kalam.[1]

Farabiy óziniń ilimlerdi klassifikaciyalawında hár bir ilimniń ob'ektiniń ayırmashılıqların ǵana esapqa alıp qoymastan, onıń óz nızam hám qádeleriniń specifikasın hám oǵan tiyisli biliwdiń quralların da esapqa aladı. Farabiy ilimler, ulıwma barlıq belgiler bolmıstan tuwındı bola otırıp, sub'ektiv tilekten emes, al áste aqırın hám izbe-iz oǵan adamnıń rawajlanıwdaǵı usıllarınıń, zárúrlikleriniń nátiyjesinde payda boladı. Farabiydiń sistemasında hár qıylı ilimler bir-birin biykarlamaydı, al óz-ara baylanıs hám óz-ara belgileniwshilikte qaralǵan. Onıń klassifikaciyası Shıǵısta hám Evropada hám bunnan sońǵı klassifikaciyalarǵa kúshli tásir etken. Házirge kelip ilimdi ajıratıw bir qansha dárejede rawajlanǵan. Logikalıq, fizikalıq, matematikalıq, filosfiyalıq hám awız eki ilimler anıq ajıratıwǵa tek Farabiy emes bálki Ibn Sino tárepinen usınıs etilgen ilimlerdiń klassifikaciyası derek beredi. Buǵan qaramay Ibn Sino óz dáwirindegi alımlar sıyaqlı, qádimgi dástúrlerge kóre, filosofiyanı ulıwma bilimler toplamı dep atawdı dawam ettirdi. Onıń filosofiya ilimleri sistemasınıń, filosofiyanı barlıq adam bilimniń sisteması retinde túsiniwge tiykarlanǵan.

[1]http://forobi.narod.ru/

Abu Nasır Farabiydiń logika páni boyınsha kóz-qarasları ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp tabıladı. Farabiy tutas logikalıq sistemanı «kulliyattı» dóretiwshi sıpatında úlken rol' oynaydı. Bul ushın ol ayrıqsha baslı «al- Mantiq» (Oylawshı) iye boldı. Farabiy logika boyınsha Aristotel'diń barlıq shıǵarmalarına kommentariy jazdı. Farabiy bulardıń barlıǵınıń mazmunın tereń bilip qoymastan, birinshi ret Orta ásirlik filosofiyada sistemaǵa keltirdi. Demek, Farabiy logika boyınsha haqıyqıy miynetlerdiń avtorı. Bulardıń ishinde Stagrittiń tiykarǵı pikirlerin sınǵa alǵan pikirleri bar taraktatlardıń avtorı. Farabiy logikada ilimiy biliwdiń metodın kóredi, bul onıń racionalistlik poziciyasına sáykes keledi. Logika Farabiydiń pikirinshe, oylaw processiniń durıslıǵın yaki durıs emes ekenligin anıqlaw ushın xızmet etedi.

Farabiy logikalıq terminologiyanı islep shıǵıwǵa úlken úles qostı. Ol logika hám grammatika, logikalıq oy hám onıń sózde sáwleleniwi arasındaǵı baylanıstı tabıwǵa umtıldı. Logikanıń ob'ektin anıqlay otırıp ol úsh momentti kórsetedi:

1. Kategoriyalar menen oylawǵa, ilimlerdi, kórkem-ónerdi iyelewge, óziniń basqalardıń is-háreketlerinde, júris-turısında gózzallıq penen xoshireysizlikti ajıratıwǵa múmkinshilik boldıratuǵın uqıplıqlar.[1]

Farabiy jámiyettiń kelip shıǵıw mashqalasına baylanıslı adamlardıń jámiyetke birlesiwi urıslar hám kúshlew, zorlawlardıń nátiyjesinde ámelge asırılǵan degen pikirdi natuwrı dep esaplaydı. Jámiyet adamlardıń ózleriniń talapların qanaatlandırıwǵa umtılıw nátiyjesinde payda bolǵan; jámiyet adamlardıń ómir súriwi ushın zárúrli[2].

Usı kóz-qarastan alıp qaraǵanımızda Farabiydiń shaxs hám jámiyet haqqındaǵı kóz-qarasınıń tiykarǵı ideyalarınıń bas principi – insanlardıń materiallıq hám ruwxıy talapların qanaatlandırıw jolında bir-birine járdemge mútájligi,mine usı jaǵday insan jámáásınıń kelip shıǵıwınıń sonday-aq shaxs hámjámiyetortasındaǵı qatnaslardıń baslı faktorı bolıp tabıladı.

Bul haqqında Farabiy bılay jazǵan edi: «Hár bir insan óz tábiyatı menen sonday dúzilgen, ol jasawı hám joqarı dárejedegi jetiskenlikke

[1]https//kk/wwipdia.org
[2] Фараби. Тарактат о взглядах жителей добродительного города. В кн. Григорян С.Н. Из истории Средней Аззи и Ирана VII-XII веков. М.,19961. 136 б.

erisiw ushın kóp nárselerge mútáj boladı, bir ózi ápiwayı nárselerdi kirite almaydı hám olarǵa iye bolıwı ushın adamlar jámáásına talap payda boladı…..Sol sebepli jasaw ushın zárúrli bolǵan qurallardı bir – birine jetkizip beriwshi hám óz-ara járdemlesiwshi kóp adamlardıń birgelesiwi arqalı ǵana adam óz tábiyatı jaǵınan umtılǵan jetiskenlikke erisiwi múmkin. Bunday jámáá aǵzalarınıń iskerligi bir pútinlik halda olardıń hár birine jasawı hám jetisiwshilikke erisiwi ushın zárúr bolǵan nárselerdi jetkizip beredi. Sonıń ushın insan jámááları kóbeyedi hám jerdiń xalıq jasaytuǵın bólimine ornalasadı, nátiyjede insan jámáású payda boladı. 1

Mına pikirlerge itibar qaratamız: Ájiniyaz shayır aytqanınday «Bul dún'yanıń kórki adam balası» (Ájiniyaz) Ol tiri maqluqlardıń eń joqarǵısı, eń ádiwlisi, dún'yadaǵı jaqsı nárselerdiń hám jetiskenliklerdiń dóretiwshisi. Adamzattıń barlıq tariyxı adam biri-birinen óz-ara háreketi menen ayırılıp óziniń talabın qanaatladıratuǵının kórsetedi. Adam ápiwayı zárúrlik ushın, mısalı, tek jayǵa iye bolıw, yamasa oshaq basın oylap jasamaydı, ol jámiyettegi ornın bilip dógerektegilerdiń súyispenshiligine, doslıǵına, húrmetine erisip, olarǵa ózin tanıtıw múmkinshiligin izlep jasaydı. Adamlar bir–biri menen óz-ara baylanısqanda ǵana óziniń kim ekenin, qaytalanbaslıǵın sezedi, tabısqa jetken waqıtta hár kim óziniń bahasın kóbirek ańlaydı..[2]

Demek, insan jámáalarınıń anıǵıraǵı jámiyettiń payda bolıwınıń sebebi insanlardıń óz materiallıq hám ruwxıy talapların qanaatlandırıwǵa bolǵan tábiiyiy zárúrlik sebepli hám olardı qanaatlandırıwǵa bolǵan tek óz-ara járdem hám birge islesiw jolı menen ámelge asatuǵınlıǵı kórinip turıptı. Shaxs hám jámiyet, jámiyettiń túrli qatlamlarına hám toparlarına, insanlar ortasındaǵı qatnaslar usı principke tiykarlanıwı kerek. Jámiyet turaqlılıǵın támiyinlewdiń, jámiyet aǵzalarınıń baxıt – párawanlıǵı hám kamalatın támiyinlewdiń tiykarǵı quralı bolsa óz – ara járdem hám birge islesiw bolıp esaplanadı. Deneniń barlıq aǵzaları tábiyiy sistemada ózleriniń jasap qalıwları ushın bir-birinen járdem bergenlerdey, Fazıl qalada

[1] Илова. М.М. Хайруллаев. Уйғониш даври ва Шарқ мутафакирлари. Тошкент.: 1971. – Б. 225
[2]Ж. Базарбаев. Әдеп философиясы. Нөкис. «Қарақалпақстан» 2010, Б. 22.

pútinlikti saqlawǵa bekkemlewge bolǵan talaplar ortasında birge islesiw baylanısları ústin boladı[1].

Farabiydiń pikiri boyınsha, social turmısta adamlar ortasında payda bolǵan óz-ara teńsizlik jaǵdayı tábiyiy hal dep qarawǵa boladı.

Jámiyette hámmeniń tosattan húkimdarǵa aylanıwı yamasa hámmeniń gedeylerden ibarat bolıp qalıwı shınlıq emes. Jámiyette materiallıq teńsizlikti hesh qanday kúsh-qúdiret, ózgerte almaydı, sebebi hár bir adam óziniń miyneti iskerligine say háreketler, talapshań hám potecialına qarap óz maqsetine jetisedi. Bunda ádalatlı adamgershilikli mámleket óz puqaraların maqsetke erisiwde teń múmkinshilikler jaratıp bere aladı. Baxıt, párawanlıqqa erisiw bolsa, adamlardıń ózine baylanıslı. Biraq social hám materiallıq jaqtan bir – birine teń bolmaǵan adamlar ortasındaǵı qatnaslar ádalatlı, ǵamxorlıq, doslıq qatnaslar principi tiykarında qoyılıwı kerek.

«Xızmetkerlerdi ózińe jaqın tut, olardı ılaqtırıp taslama, olardıń talapları haqqında ǵamxorlıq et, olarǵa qáhár - ǵázep qılma, olar menen doslıq qatnasta bol, olardı baxıtsız bolǵan waqtında jalǵız qaldırma, sebebi olar da insanlar», deydi. Adamlardıń social – ekonomikalıq iskerligin mensinbeslik, haqıyqıy miynetkeshti biypárwa erinshekten ajıratpaslıq, hámmeni kámbaǵallıkta teńlestiriwge háreket etiw social rawajlanıwdıń unamsız kórinisi dep qarawǵa boladı. Usı kóz-qarastan qarap, oyshıllar Farabiy hám Ibn Sinolardıń Fazıl qalası, onda shaxs hám jámiyet, túrli qatlamlar ortasındaǵı qatnaslar haqqındaǵı ideyaları úlken ruwxıy etikalıq áhmiyetke iye bolıwı menen birge, etnik hám diniy bawırı keń ideyaların ózinde jámlestirgen.

Farabiydiń onnan keyingi áwlad zıyalıları, ataqlı alım hám oyshılları dún'yaqarasınıń qáliplesiwi hám rawajlanıwına tásiri ónimli bolǵan. Bunnan tısqarı, pútkil Evropa Farabiy hám basqalar arqalı antik álem mádeniyatı, sonıń ishinde, tábiyiy-ilimiy hám sociallıq-filosofiyalıq ideyalarınan xabardar boldı. Tiykarǵı shıǵarmaları: «Substanciya haqqında sóz» («Kalom fi-l-javhar»), «Nızamlar haqqında kitap» («Kitob fi-n-navomis»), «Máseleler deregi» («Uyun-ul-masoil»), «Ilimlerdińkelip shıǵıwı hám klassifikaciyası» («Kitob fi ihso al-ulum va at-ta'rif»), «Logikaǵa kirisiw kitabı» («Kitob al-

[1] Илова М.М. Хайруллаев. Уйғониш даври ва Шарқ мутафаккирлари. Тошкент:. 1971.251 б.

madxal ilal mantiq»), «Falsafa» túsiniginiń mánisi haqqında sóz» («Kalom fi ma'oni ism al-falsafa»), «Páziyletli qılıqlar» («As-sifat l-fazila») hám basqalar.

Usı kóz-qarastan alıp qaraǵanda «Mawerrennaxrdıń musılman mádeniyatın etnik sabırlılıq hám bawırı keńlik ruwxın ózinde jámleydi. Onıń Farabiy hám Ibn Sino shıǵarmalarında óz kórinisin tapqan idealı – Fazıl adamlar qalası tek diniy tiykarda, bálkim mádeniy hám ádeplilik tiykarda uyımlasqan adamlardıń jámiyetinen ibarat bolǵanlıǵı birden bolǵan hádiyse emes».[1]

## Qadaǵalaw sorawlar, tapsırmalar hám óz betinshe jumıs boyınsha kórsetpeler

**Shınıǵıw-1.** Alımlarlardıń oy-pikirlerin úyrenip shıǵıń hám kestege túsiriń






| Muxammed Musa al' Xorezmiy | **Axmed Ferǵaniy** | **Abu Rayxan Beruniy** | **Abu Ali ibn Sino** |
|---|---|---|---|
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |

[1]Каримов И.А. Ўрта асрлар шарқ алломалари ва мутафаккирларининг тарихий мероси, унинг замонавий цивилизация ривожидаги роли ва аҳамияти. Мавзусидаги халқаро конференциянинг очилиш маросимидаги нутқи. Т.: «Ўзбекистон», - 2014 – Б. 138.

**Shınığıw-2:** Konceptual kesteni toltırıń.

**Konceptual keste**

Úyrenilip atırǵan hádiyse, túsinshe, kóz qaraw, tema hám sol kibilerdi eki hám sonnan artıq aspekt boyınsha salıstırılıw imkanın beredi. Sistemalı pikirlew, maǵlıwmatlardı strukturalastırıw hám sistemalastırıw kónlikpesin rawajlandıradı. Konceptual keste dúziw qaǵıydaları menen tanıstırıladı. Salıstırılıp atırǵan nárse anıqlanadı, salıstırıw ámalge asırılatuǵın xarakteristikalar ajıratıladı.

– Jeke tártipte yamasa kishi –toparlarda konceptual keste qurıladı hám ol toltırıladı;

– vertikal boyınsha – salıstırıw talap etiletuǵın nárseler (kóz qaraslar, teoriyalar) jaylastırıladı

– gorizontal boyınsha – salıstırıwdı ámelge asırıwdaǵı hár qıylı xarakteristikalar jaylastırıladı.

**Konceptual keste**

| IX-XII ásirlerde Oraylıq Aziya oyshılları | Tuwılǵan jılı | Shıǵarmaları | Filosofiyalıq kóz qarasları |
|---|---|---|---|
| Muxammed Musa al' Xorezmiy | | | |
| Axmed Ferǵaniy | | | |
| Abu Rayxan Beruniy | | | |
| Abu Ali ibn Sino | | | |
| Farabiy | | | |

3-tapsırma. Kesteniń oń tárepi menen shep tárepin sáykeslendirińiz

al' Xorezmiy

Axmed Ferǵaniy

Abu Rayxan Beruniy

Farabiy

Aristotel'diń «Metafizika», «Fizika», «Meteorologiya» hám logika tarawına tiyisli kitaplarına anıqlamalar jazǵan

Matematika iliminiń házirgi kúndegi rawajlanıw dárejesi ullı alımnıń ilimiy ashılıwları menen baylanıslı.

812-jılı Quyash tutılıwın aldınnan boljawı, jerdiń domalaq shar formasında ekenligin ashıwı alımǵa dańq keltirdi

Abu Rayxan Beruniydiń birinshi iri shıǵarması onıń «al-Osor al-boqiya an alqurun al-xomsha» («Áyyemgi xalıqlardan qalǵan estelikler») kitabı bolıp, Evropada «Xronologiya» ataması menen júritiledi

Ibn Sinonıń ash-Shifo shıǵarmasında logikaǵa baylanıslı bólimi 9 bólimnen ibarat hám onıń hár birinde ne qaraladı

| **Al-Madxal-*logikaǵa kirisiw*** | ………………………………………………… |
|---|---|
| **Al-Maqulot** | ………………………………………………… |
| **Al- Iborat** | ………………………………………………… |
| **Al- Qiyos** | ………………………………………………… |
| **Al – Burhon** | ………………………………………………… |
| **Al-Jadal** | ………………………………………………… |
| **As- Safsata** | ………………………………………………… |
| **Al – Xitoba** | ………………………………………………… |
| **Ash- She'r** | ………………………………………………… |

Ал Фарғо
нийдиң мийнетлериниң қол жазбаларының ҳәзирги күнде қай жерлерде сақланып атырғанлығын анықлаң




**Sorawlar hám tasırmalar**

1. Shıǵıs oyanıw dáwiriniń ayırıqsha belgileri atap kórestiń?
2. Musa Xorazmiydiń dún’ya ilimlerine qosqan úlesin analizleń?
3. Onlıq sanlıq sistemasınıń engiziliwi «0» nol’dıń ashılıw processin analizleń?
4. Algaritim túsiniginiń qáliplesiwinde al Xorazmiydiń ilimiy filosofiyalıq kózqarasın qarap shıǵıń?
5. Al’ Xorezmiydiń ullı «Al-jabr val muqobala» shıǵarmasında házirgi dáwirde ilimiy izertlew processindegi áhmiyetin anıqlań?
6. Al Ferǵaniydiń «Usturlab penen islew haqqındaǵı kitap» shıǵarmasınıń filosofiyalıq tiykarın aytıp beriń?
7. Beruniy hám Abu Ali Ibn Sino shıǵarmaların klassifikaciyalastırıń?
8. Abu Nasr Farabiydiń filosofiyalıq oy pikirlerin analizleń?
9. Farabiydiń ilimler klassifikaciyasın qarap shıǵıń hám aytıp beriń?

ILIMIY ASHILIWLAR

# Abu Rayxan Beruniy



## 973-1048 jj.

**Abu Rayxan Beruniy ilimniń barlıq tarawları boyınsha ullı jańalıqlar ashqan alım. Házirge deyin alımnıń málim bolǵan 154 atamadaǵı shıǵarmaları geografiya, astronomiya, tariyx, geologiya, gidrogeologiya, geodeziya, minerologiya, fizika, ximiya, botanika, farmokologiya usaǵan tarawlarǵa baylanıslı. Áne usı shıǵarmalardan 30 shıǵarması jetip kelgen.**

**ABU RAYXAN BERUNIYDIŃ ÁHMIYETLI MIYNETLERI**



### Ekvatorǵa ekliptika iyiliwi

**Ol 16 jaslarında -aq ekvatorǵa ekliptika iyiliwiniń tegisligin úlken dálillewler menen anıqladı**



### Jer domalaq

**Ol adamzat jámiyeti tariyxında birinshi márte jerdiń domalaq formada ekenligin anıqlap, globustı jarattı**



### Amerika materigi

**Ullı oyshıl óz shıǵarmalarında Xristofor Kolumbtan 460 jıl aldın Amerika materiginiń barlıǵın anıqlaǵan. Beruniy: «Biziń anıqlawımızsha jerdiń arqa (eki) shereginen biri qurǵaqlıq bolǵanlıǵınan, onıń diametrial qarama-qarsısındaǵı, sherek bóliminde qurǵaqlıq bolıwın boljaymız» dep jazadı**



### Birinshi

**Al-Beruniy astronomiya, geologiya, gidrostatika, geografiya uqsaǵan bilimler tarawındaǵı ideyalardı hám boljawlardı Koopernik, Leonardo da Vinchi hám Evropanıń basqa da danıshpan ilimpazlarınan burın-aq, bayan etken**

ILIMIY ASHILIWLAR




**783-850 jj.**

al' Xorezmiy úlken dóretiwshilik ilimiy is penen shuǵıllandı, kóplegen bahalı shıǵarmalar jazdı. Batıs ilimiy ádebiyatında onı Algoritmus dep ataydı. Ol matematika, astronomiya, geografiya, geometriya, tariyx ilimlerin iyelegen, onıń pikirleri sol ilim tarawına tiyisli bolǵan ilimiy miyraslardıń rawajlanıwına salmaqlı úles qostı

## MUXAMMED MUSA AL' XOREZMIYDIŃ ILIMGE QOSQAN ÚLESI

### Algebra

Ol áyyemgi Greciya hám Hindstan matematikleri erisken jetiskenliklerdi talqılap qoymastan, matematikanıń arnawlı bólimi algebranı (al-jabr) jarattı

### Algoritm

Házirgi zaman kibernetik qurılmalar, komp'yuterler xızmetiniń matematikalıq modeli bolǵan algoritm dúziw usılı da Al'-Xorezmiydiń algebrası tiykarında jaratılǵan.



### Astronomiyalıq tablica

Al'-Xorezmiy óz dáwiriniń quramalı astronomiyalıq tablicasın dúzdi. Ol bul tarawda hind alımlarınıń kemshiliklerin kórsetti. Alımnıń astronomiyalıq tablicası ásirler dawamında dún'ya alımları tárepinen paydalanıldı

ILIMIY ASHILIWLAR

# Farabiy



## 873-950 jj.

Abu Nasr Ibn Muhammad Ibn Uzluǵ Tarxon Farabiy – Orta ásirler musılman Shıǵısınıń ullı oyshılı, áyyemgi grek filosofiyasınıń dawamshısı hám tarqatıwshısı. Áyyemgi grek ilim-pánininińbilimdanı sıpatında Aristotel'diń «Metafizika», «Fizika», «Meteorologiya» hám logika tarawına tiyisli kitaplarına, Ptolomey, Aleksandr Afrodeziyskiy hám basqalardıń ádep-ikramlılıq, psixologiya, tábiyiy pánler boyınsha jaratqan ilimiy traktatlarına anıqlamalar jazǵan.

FAROBIYDIŃ ILIMGE QOSQAN ÚLESI



## Ekinshi muǵallim

Aristotel' filosofiyasın analizlewdegi hám logika tarawındaǵı jumısları dańqqa erisip, Farabiydiń «Al-mualimi soniy» («Ekinshi muǵallim») hám «Shıǵıs Aristoteli» degen ataqlarǵa eristi.

## Algoritm

Házirgi zaman kibernetik qurılmalar, komp'yuterler xızmetiniń matematikalıq modeli bolǵan algoritm dúziw usılı da Al'-Xorezmiydiń algebrası tiykarında jaratılǵan.



## Astronomiyalıq tablica

Al'-Xorezmiy óz dáwiriniń quramalı astronomiyalıq tablicasın dúzdi. Ol bul tarawda hind alımlarınıń kemshiliklerin kórsetti. Alımnıń astronomiyalıq tablicası ásirler dawamında dún'ya alımları tárepinen paydalanıldı

ILIMIY ASHILIWLAR

# Abu Ali ibn Sino



**980-1037 jj.**

**Abu Ali al-Xusayn ibn Abdullax ibn al-Xusan ibn Ali ibn Sino medicina, astronomiya, tabiyattanıw, matematika, muzıka, xuqıq, ádep-ikramlılık, din, ádebiyat, tariyx ilimleriniń rawajlanıwına úlken úles qosadı, Oraylıq Aziya xalıqları mádeniyatın dún'ya mádeniyatınıń aldıńǵı qatarına alıp shıqtı.**

## IBN SINONIŃ ILIMGE QOSQAN ÚLESI



**filosofiya, logika, psixologiya, ádebiyattanıw, qosıqshılıq, muzıka, geologiya, minerologiya, fizika, matematika, medicina, astronomiya hám ilimniń basqa tarawları boyınsha 450 den aslam ilimiy shıǵarmaları bolǵan. Biraq bizge shekem Ibn Sinonıń 242 shıǵarması jetip kelgen.**



**Keselliktiń birinshi qozdırǵıshı mikroskopiyalıq organizmler bolıwı múókin degen pikirdi birinshi bolıp Ibn Sino aytqan**



**Keselliktiń hawa tamshıları arqalı juǵatuǵınlıǵın birinshi anıqlaǵan**



**Tamırlardı birinshi bolıp arteriya hám venaǵa bólgen**

# II. BAP. OAYLİQ AZIYA OYSHİLLARİNİŃ TARIYXİY FILOSOFIYALİQ MIYRASİ HÁM ONİŃ DÚN'YA MÁDENIYATİNDA TUTQAN ROLI.

Usı bapta Shıǵıs tariyxı filosofiyası sonnan belgilenedi, bunda mádeniyat, bilimlendiriw, tárbiya, ádebiyat, kórkem óner hám arxitektura tarawlarındaǵı keń kólemli, ilimiy mekteplerdiń payda bolıwı, jańa talantlı áwladlardıń er jetiwi bulardıń hámmesi birinshiden, ekonomika, awıl xojalıǵı hám qalanıń rawajlanıwı ósiwi, ónermentshilik hám sawda-satlıqtıń joqarı dárejede rawajlanıwı, jol qurılısı, jańa kárwan jollarınıń ashılıwı hám dáslep salıstırmalı turaqlıqtı támiyinlew menen tikkeley baylanıslı bolǵan máseleler qaraladı. Bunda tiykarınan, Abu Bakir Narshaxiy, Abul Hasan Bayhaqiy, Abu Nasr Utbiy, Abulqasım Ferdausiy, Maxmud Qashqariy, Yusuf Xas Xajibtiń filosofiyalıq tariyxıy aǵartıwshılıq miyrası úyreniledi.

## 2.1. Abu Bakir Narshaxiy, Abul Hasan Bayhaqiy, Abu Nasr Al-Utbiy, Abulqasım Ferdawsiy, Maxmud Qashqariy, Yusuf Xas Xajib.

### Abu Bakir Narshaxiy (899-959)

IX-XII ásirlerde Oraylıq Aziyada ilimniń barlıq tarawları, sonıń ishinde tariyx ilimi tarawında da dóretiwshilik etken alımlar júdá kóp bolǵan.Bul tarawda Abu Bakir Muxammad Narshaxiy (899-959) ózine tán ayrıqsha orında turadı. Onıń ómiri hám xızmeti haqqında derlik hesh qanday maǵlıwmat saqlanbaǵan. Tek ǵana Sam'aniydiń Kitob ul-Asab» shıǵarmasında ilimpazdıń tolıq atıAbu Bakir Muxammad ibn Ja'far ibn Zakariyo ibn Hattob ind Shariq ekenligi hám ol Buxara janındaǵı Narshax awılınan bolıp 286 (899) jılı tuwılǵan hám 348 (959-960) jılda qaytıs bolǵanlıǵı (Narmaxiy, "Buxoro tarixi", 84-bet) esletiledi. Narshaxiydan miyras retinde jalǵız shıǵarma «Buxara tariyxı» bizge shekem jetip kelgen. Biraq shıǵarmanıń bul ataması da waqtınsha xarakterge iye. Sebebi alımnıń óz shıǵarmasın qaysı atama menen ataǵanlıǵı házirgi kúnge shekem málim emes. Sol sebepli shıǵarma qol jazbalarda hám házirgi ilimiy-tariyxıy ádebiyatlarında da túrli atamalarda «Tarixi Narshaxiy» («Narshaxiy tariyxı»), «Tarixi Buxoro» («Buxara

tariyxı»), «Tahqiq ul-valoyat» («Viloyat haqiqatini aniqlash»), «Axbori Buxoro» («Buxara haqqında xabarlar») usaǵan atamaları menen atap kelinedi. Biraq ilimiy ádebiyatlarda hám oqıw qurallarında shıǵarmanıń «Buxara tariyxı» ataması bekkem orın alǵan. Shıǵarmanıń túrli atamalar menen atalıwı tosınnan emes. Bunıń sebebi sonda, shıǵarmanıń Narshaxiy tárepinen jazılǵan dáslepki túp nusqası saqlanıp qalmaǵan. Onıń házir bizge shekem jetip kelgen bólimi 1128-jılı Kuva sháháriniń turǵını Abu Nasr Axmad ibn Muxammad ibn Nasr al-Quboviy arab tilinen farsı tiline qısqartıp awdarma qılǵan nusqası esaplanadı. Onnan keyingi jıllarda da Narshaxiydiń shıǵarması bir neshshe mártebe qısqartıwlarǵa ushıraǵan hám hátte sońǵı waqıyalar tiykarında tolıqtırılǵan. Bul tiykarınan Abu Nasr Axmad Quboviyǵa tiyisli. Ol Narshaxiy shıǵarmasınıń tekstin qısqartıw menen sheklenip qalmaǵan, biraq Tabariy hám basqa avtorlardıń, solar qatarında Abu Xasan Nishopuriydiń «Xazoin ul-ulum», Ibraximniń «Ahbar «Muzanna» usaǵan shıǵarmalarınan paydalanıp, onı jáne de tolıqtıradı. Áne sol sebepten «Buxara tariyxı»na Narshaxiy jasap ótken dáwirden keyingi, sonıń ishinde 1178-1179-jıllardan 1220-jıllarǵa shekemgi bolıp ótken waqıyalar da kirip qalǵan.

Bul miynetke qızıǵıwshılıqtıń joqarı bolıwı, bul miynettiń dún’ya xalıqlarınıń kóplegen tillerine awdarmalarınıń kóp bolıwına, kóplep basıp shıǵarılıwına hám qayta shıǵarıwlardıń kóp bolıwına alıp keldi. 1892-jılı bul miynetti francuz shıǵıstanıwshısı N.Shefer Parijde basıp shıǵardı; 1897-jılı «Buxara tariyxı»n Samarqand uezdiniń burıngı baslıǵı polkovnik A.Likoshin Tashkentte rus tiline awdarıp basıp shıǵardı, al ózbek aǵartıwshısı Mulla Sultan óziniń kirisiw bólimi menen 1904-jılı Buxarada, Iran ilimpazı Mudaris Rizaviy 1939-jılı Tegeranda, anglichan shıǵıstanıwshısı R.Frann 1954-jılı Kembridjde, 1966-jılı ózbek tiline awdarması Tashkentte, 1991- jılı A.Rasulov tárepinen tayarlanıp, qayta basılıp shıqtı.[1]

Bunnan mıń jıldan aslam jıl aldın jazılǵan Narshaxiydiń «Buxara tariyxı» shıǵarması sózsiz xalqımız tariyxınıń sazası, deregi sıpatında qımbatlı. Onda Mawerennaxr hám Xorezm jerleriniń arablar tárepinen basqınshılıǵına qarsı jergilikli xalıqlardıń

[1] Саидкулов Т. Очерки историографии истории народов Средней Азии. Т., 1992, 24-бет.

qozǵalańları, jergilikli xalıqlardıń jámiyetlik-ekonomikalıq hám mádeniy turmısına tiyisli máseleler haqqında sóz etiledi.

## Abul Hasan Bayhaqiy (995-1077)

Óz zamanınıń iri tariyxshı alımlarınan biri Abulfayz Muxammed ibn Xusayn al-Kotib Abul Xasan Bayhaqiy (995-1077) bolıp, onıń shıǵarmaları ǵaznaviylar dáwiri tariyxın jaratıwda úlken áhmiyetke iye bolǵan qımbat bahalı dereklerden biri esaplanadı. Ilimpaz sıpatında Nishapur medreselerinde oqıp, kámalǵa erisken Bayhaqiy Maxmud Ǵaznaviy húkimdarlıǵı dáwirin (998-1030) de saray xızmetkeri (1021) dárejesine kóterilgen. Onnan soń diywan baslıǵı etip te tayınlanǵan. Bayhaqiydiń qálemine tiyisli: «Zaynatul Kuttub» («Kotiblar ziynati»), «Tarixi Oli Maxmud» (Maxmud xonadoni tarixi), «Jome’ ut-tavorix» («Tariyx toplamı») usaǵan shıǵarmaları málim. Bul shıǵarmalarda ullı tariyxshı ilimpaz ǵaznaviyler dinastiyası tariyxın jaqsı jarıtıp beredi. Ásirese, bul tarawda 30 tomnan ibarat bolǵan «Jome’ ut-tavorix» dıqqatqa ılayıq. Onda Bayhaqiy ǵaznaviyler húkimdarı Sabuktegin (977-997) dáwirinen keyingi 80 jıllıq tariyxın bayan etedi. Shıǵarma 1962- jılı rus tilinde baspadan shıqtı. Biraq oraylasqan feodal’ túrkiy mámleketlerden biri esaplanǵan ǵaznaviyler dinastiyası tariyxına baǵıshlanǵan Bayhaqiydiń «Jome’ ut tavorix» shıǵarması usı payıtqa shekem ózbek tiline awdarma islenbegen.

«Tarix-i- Bayhaqi» diń saqlanıp qalgan bizge belgili tekstleri onsha kóp emes. Onıń ayırım bólimleri Evropa ellerinde, sonday-aq Iran, Turciya, Egipet hám Indiyada, ayırımları jekke adamlar qolında saqlanbaqta. Biziń elimizde úsh danası Sankt-Peterburgte saqlanbaqta.[1]

Birinshi mártebe «Tarix-i-Bayxaki» tekstin 1869-jılı anglichan shıǵıstanıwshısı V. Morle Kal’kuttada basıp shıǵarǵan. Jigirma bes jıldan soń tekst litografiyalıq usılda Iran ilimpazı Adib Peshavari tárepinen basıp shıǵarıldı. V. V. Bartol’d óziniń «Turkestan v epoxu mongol’skogo nashestviya» miynetinde usı shıǵarmadan paydalanǵan.

[1] Саидкулов Т. Очерки историографии истории народов Средней Азии. Т., 1992, 43-бет.

Bul miynet ilimpazlarımız tárepinen biraz waqıt «umıtılıp» qalındı, tek ǵana 1319/1941 jılı ádebiyatshı hám shayır Said Nafasi tárepinen Tegeranda Bayhaqi miynetiniń taza basılımınıń birinshi tomı jarıq kóredi, ekinshi tomı 1325/1947 jılları, al sońǵı tomı 1332/1954 jılları jarıq kóredi. 1945- jılı Tegeran universitetiniń professorları Gani hám Fayyaz «Tarix-i-Bayxaki» tekstin basıp shıǵardı.

V. V. Bartol'd miynetlerinen tısqarı, «Tarix-i-Bayxaki» diń Evropa tillerine tolıq awdarması 1962-jılǵa shekem islenbedi. Sonlıqtan A. K. Arends «Mas'ud tariyxı» nıń awdarmasına Gani hám Fayyaz tekstlerin, 1945- jılǵı basılımın tiykar etip aldı.[1]

## Abu Nasr Al-Utbiy (961-1036/1040)

Ǵaznaviyler dinastiyası tariyxınıń eń ataqlı bilimdanlarınan biri Abu Nasr ibn Abduljabbar al-Utbiy esaplanadı. Iranda otırıqshı bolıp qalǵan bay arab shańaraǵınan bolǵan al-Utbiy shıǵıstanıwshı alım Ubaydulla Uvatovtıń tastıyıqlawınsha, Ǵazna húkimdarı Abu Mansur Sabuq teginniń sarayında xatkerlik qıladı. Sabuqtegin qaytıs bolǵannan keyin onıń ulları Ismail hám Maxmud taxt ushın gúresedi. Al-Utbiy Maxmud tárepinde bolıp, olar jeńip shıǵadı. Maxmud húkimdarlıǵı dáwirinde al-Utbiy onıń qol astında isleydi hám Sultannıń elshisi sıpatında elshilik xızmetine tartıladı. Ol Maxmudtıń ulı Mas'ud húkimdarlıǵı dáwirinde de sarayda xatkerlik xızmetin ótegen.

Tariyxıy jazba dereklerde al-Utbiydiń hár tárepleme kámalatqa jetik ullı bir shaxs tariyxshı, shayır bolǵanlıǵı tastıyıqlanadı. Onıń «Latoif al-kuttub» shıǵarmasında («Xatkerlerdiń latif sózleri») birlik, doslıq temalarına baǵıshlanǵan shıǵarmalarınıń barlıǵı aytıladı. Biraq Abu Nasr al-Utbiydiń eń belgili shıǵarması «Tarix al-yaminiy» («Yaman ul-Davlattıń tarixi») esaplanadı, Ubaydulla Uvatov bergen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, shıǵarmaǵa «Tarix al-Yaminiy» depat beriliwine sebep «...Ǵazna sultanı Maxmud Ǵaznaviy (Ol 998-1030-jılları húkimdarlıq etken) ǵárezsiz túrde Ǵaznaviyler taxtına otırǵannan keyin, 999-jılı abbasiy xalifa Qodir

[1] Саидкулов Т. Очерки историографии истории народов Средней Азии. Т., 1992, 44-бет

Billoh (xalifalıq jılları 991-1031 j.j.) oǵan Xorasandı basqarıw huqıqı menen birge «Yamin ud-davlat Amin Ul-Milat» («Mámleket tayanıshı hám din qorǵawshısı») degen ataqlı laqap inam etken edi. Sol sebepten de al-Utbiy óz shıǵarmasın Maxmud Ǵaznaviy tiriliginde jazıp oǵan baǵıshlaydı hám onıń laqabı «Yamin» ge anıqlama berip, qısqasha «Tarix al-Yaminiy» dep ataǵan.[1]

Bul shıǵarma júdá qımbatlı derek ekenligi hám óz waqtında, onnan keyingi dáwirlerde de bul shıǵarmaǵa qızıǵıwshılıq júdá úlken bolǵanlıǵın sıpatlaytuǵın dáliyller kóp. «Tarix al-Yaminiy» sol waqıtqa kelip parsı tili (1205-1206), anglichan tili (1858), hind tili (1847), arab tili (1870), rus tili hám basqa tillerde basılıp shıqqan. Usı shıǵarma haqqında V.V. Bartol'd, A. Yakubovskiy, V. I. Belyaev, P. Yu. Bulgakov hám basqalar jaqsı pikirler bildirgen hám óz ilimiy izertlewlerinde onnan paydalanǵan. Yarım ásirlik dáwir (975-1021) di óz ishine alǵan «Tarix al-Yamaniy» shıǵarmasında al-Utbiy Mawerennahr hám Xorasanda bolıp ótken tariyxıy waqıyalardı keń túrde bayan etken. Bul shıǵarma óz dáwirine tiyisli maǵlıwmatlardı ózinde sáwlelendirgeni ushın da onnan parsı hám arab tillerinde jazılǵan qatar tariyxıy shıǵarmalarda paydalanǵan. Al-Utbiy shıǵarmasına tariyx ilimi dún'yasında belgili bolǵan Abul-Xasan Bayhaqiy, Ibn al-Asir, Ibn Kassir, Rashiduddin, Mirxond, Xondamir, Gardiziy hám basqalalardıń onnan paydalanǵanlıǵınıń ózi onıń ilim dún'yasında tutqan ornına berilgen joqarı baha.

«Tarix al-Yamaniy» kirisiw hám qırıq bes baptan ibarat. Onda X hám XI ásirlerde xızmet kórsetken ǵaznaviyler mámleketi tariyxı keń bayan etiledi. Álbette, sol dáwir dástúrine baylanıslı húkimdarlardı maqtaw málim dárejede shıǵarmada óz sáwleleniwin tapqan bolsa da biraq ob'ektiv tariyxıy process onda jetekshi orın iyeleydi. Sultanlar, ámirler,múlkdar baylar ortasındaǵı táj, taxt ushın alıp barılǵan mánissiz urıslar, konfliktlerge avtor óz shıǵarmasında úlken orın ajıratqan. Áyne waqıtta shıǵarmada ápiwayı miynetkesh xalıqtıń awır ekonomikalıq turmıs sharayatı, olardıń zulımlıǵı hám basqınshılıqqa qarsı alıp barǵan gúresleri haqqında da kóp maǵlıwmatlar berilgen. Bul haqqında Nishapur hám Xorasandaǵı

[1] Уватов У. Данолардан сабоқлар. Т., 1994, 67-бет.

qıtkershilik (1011), Jurjanda (987) ǵı vabo keselligi waqıyaları xarakterli.[1]

## Abulqasım Ferdawsiy (940/941-1030)



Abulqasım Ferdawsiy (940/941-1030)

IX-XII ásirlerde Mawerennaxr hám Xorezmde ádebiyat hám kórkem dóretiwshilik rawajlandı.Bul dáwirde jetisip shıqqan sóz óneriniń kórkem ustaları mámleketimiz abırayın uzaq-uzaq ellerge tarattı. Úlkemizde samaniylar hám ǵaznaviyler dinastiyası húkimdarlıq etken dáwirlerde jasap dóretiwshilik etken kórkem dóretiwshilik ustaları Abdulla Rudakiy, Daqiqiy, Abulqasım Ferdawsiy hám basqalardıń atları tariyxımızdan múnásip orın alǵan. Atı dún'yaǵa belgili bolǵan Abulqasım Ferdawsiy (940/941-1030) tiykarı Xorasannıń Tus sháhári janındaǵı Taboron awılınan bolıp, óziniń «Shaxnama» shıǵarması sebepli dańqqa eristi. 60 mıń bayt, 120 mıń qatardan ibarat epik dástandı jazıw ushın shayır ómiriniń 35 jılın sarplaǵan. Ápsanalarǵa qaraǵanda, «Shahnama» ǵa dáslep qol urǵan shayır Daqiqiy bolǵan. Ol mıń bayttan ibarat «Gushtasb» dástanın jazıp tamamlaǵanda, óz qulı tárepinen óltiriledi hám baslaǵan isi shala qaladı. Dástandı jazıp tamamlaw wazıypasın Abulqasım Ferdawsiy óz moynına alǵan. Shayır dástandı jazıp tamamlaǵannan keyin, sol dáwirde Ǵazna mámleketiniń húkimdarı bolǵan Sultan Maxmudqa onı sıylıq sıpatında beredi. Maxmud Ǵaznaviy menen Ferdawsiy ortasındaǵı qatnasıqlarǵa tiyisli hár qıylı ráwayatlar hám jazba derekler bar. Olardıń málim bir bólimi Maxmud Ǵaznaviydi kemsitiw, onı ashıwshaq hám qanxor, gellekeser sultan sıpatında xarakterlewge qaratılǵan. Tiykarında bolsa, Maxmud Ǵaznaviy ilimge ǵamxor, ádalatlı hám diyanatlı sultan bolǵan. Sonıń ishinde, tariyxshı Dawletshah Samarqandiy bergen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, Sultan Maxmud paytaxtı Ǵaznada sol dáwirde 408 dóretiwshi alımlar, shayır hám jazıwshılar bolǵan. Olar arasında Unsuriy, Farruhiy,

[1] Ватан тарихи, Т., 1997, 254-бет.

Monuchehriy, Astadiy, Manshuriy, Utoridiy, Mas'udiy, Roziy, Labibiy, Ziynatiy, Mansur hám basqalar bar edi. Ǵaznada Beruniy hám Ibn Sinolarǵa dóretiwshilik ǵamxorlıq qılǵan. Hátte Ferdawsiydiń ózi de Maxmud Ǵaznaviyden minnetdar bolǵanlıǵı jazba dereklerde aytıladı. Nawayınıń shákirti tariyxshı Zayniddin Vosifiy «Badoeul vaqoe» shıǵarmasında jazıwınsha, ápiwayı diyqan Ali Daylamnıń perzentleri Abulqasım hám inisi Abul Mansurǵa Tus qalasınıń hákimi zulımshılıǵın ótkeredi. Sonda Muxammed Askariy degen dostısı Abulqasımǵa Ǵaznaǵa, Maxmud Ǵaznaviydiń aldına barıwdı másláhat beredi. Abulqasım Ǵaznaǵa barıp sháhárde 70 kún júredi de, biraq Sultan Maxmudtıń aldına kire almaydı. Bir kúni kóz baylawshı Maxan Abulqasımdı sarayda shólkemlestirilip turılatuǵın dástúriy kosıq keshesine mirát etedi. Sultan Maxmud Abulqasımnıń saray xızmetkeri Ayaz haqqında jazǵan rubayısın esitip «Májilisimdi Firdaws baǵınday abad qıldıń» deydi hám bunıń menen Abulqasımǵa Firdaws laqabı beriledi. Sultan Maxmud Ferdawsiyge «Shaxnama» shıǵarmasın jazıp tamamlawdı tapsıradı. Shıǵarmanı jazıp bolǵannan soń, Abulqasım onı Maxmud Ǵaznaviyge sıylıq etedi. «Shaxnama» sultanǵa maqul túsedi. Onda shayır shıǵarmanıń kirisiwine «Sitoyishi Sultan Maxmud» dep, Sultandı ulıǵlap qasida jazǵan. Biraq «Shaxnama» da shayırdıń Iran hám Turan ortasındaǵı urıslarında turanlılardı kemsitip, jabayılarsha súwretlegeni Maxmud Ǵaznaviyge jaqpaǵan edi. Bul tábiyiy bir jaǵday edi, álbette. Sebebi, Maxmud túrk sultanı bolǵan. Biraq sonday bolsa da, Maxmud Ǵaznaviy Ferdawsiyge wáde qılınǵan 60 mıń bayt dástan ushın júz mıń dirham altın beriwdi wáziri Xoja Maymandiyge tapsıradı. Biraq, ishi tar wázir qızǵanıp, Ferdawsiyge júz mıń altın ornına júz mıń gúmis dirham beredi. Shayır oǵan sıylıqqa berilgen teńgelerdi qabıl etip aladı da onı úshke bólip beredi. Waqıyadan xabardar bolǵan, Maxmud shayırdı ólim jazasına buyıradı. Ferdawsiy sultannıń ayaǵına jıǵılıp keshirim soraydı. Maxmud shayırdıń gúnasın keshirgennen soń, Ferdawsiy saraydı tárk etiwi aldınan Ayazǵa bir xat beredi hám bul xattı 20 kúnnen soń Maxmud Ǵaznaviyge tapsırıwdı iltimas qıladı. Bul xatta ol Sultan Maxmudqa qosıq jazǵan edi. Biraz waqıt ótkennen soń, Maxmud Ǵaznaviy máseleniń mánisin durıs túsingen soń, wáde qılınǵan altınlardı kárwan arqalı Tus sháhárine jiberedi. Biraq shayırǵa arnalǵan kárwan Tus sháhári

dárwazalarınan kirip kelgen bir payıtta sháhárdiń basqa bir dárwazasınan Ferdawsiydiń tabıtın alıp shıǵıp baratırǵan edi. Ráwayatlarǵa qaraǵanda, kárwandı Ferdawsiydiń qızı qabıl etip alıwdan bas tartadı, atama buyırmaǵan baylıq maǵan buyırama edi, deydi. Sultan Maxmud buyrıǵı menen altınlar Abulqasım Ferdawsiy qábiri esteligi ushın sarplanǵan. Shayır ómiriniń aqırın qorlıqta ótkizip, 1030- jılı qaytıs bolǵan.

## Maxmud Qashqariy (XI ásir)



Maxmud Qashqariy
(XI ásir)

XI ásirde jasap dóretiwshilik penen shuǵıllanǵan Maxmud Qashqariydiń ómiri hám dóretiwshilik xızmeti haqqında jetkilikli maǵlıwmatlar bizge shekem jetip kelmegen. Sol sebepli alımnıń tuwılǵan jılı hám qaytıs bolǵan waqtı da málim emes. Onıń tolıq atı Maxmud ibn Muxammed Qashqariy. Babası Muxammed hám ákesi Husayn Qashqardaǵı Beregan sháhárinen bolǵan. Qashqariyler shańaraǵı Balasoǵunǵa (Qırǵızstannıń házirgi Toqmaq sháhári) kóship kelgende Maxmud ele jas bala edi. Sonıń ushın da Maxmud Qashqariy yaǵnıy «Qashǵarlı» - dep ataǵan.

Bolajaq alım óz dáwiriniń mádeniy hám ilimiy oraylarınan biri bolǵan bul sháhárde qunt penen oqıdı, arab, parsı tillerin úyrendi. Ol jaslıq waqtında xalıqtıң janlı tilindegi sóz hám ibaralardı, hikmetli sóz, maqallardı tereń úyrendi, olardı qunt penen jazıp bardı, hár bir sóz ibaranı sholıw hám mánisin anıqlawǵa umtıldı. Áne sol qızıǵıwshılıq sebepli Maxmud Qashqariy túrkiy xalıqlar tariyxı, tili mádeniyatı, úrp-ádetlerin puxta úyreniw maqsetinde pútkil Oraylıq Aziyanı gezip shıqtı. Ózi toplaǵan bay dáliyller tiykarında xalkımızdıń ullı alımı «Javohirun nahvfi luǵati túrk» («Túrkiy tilleriniń sintaksisi dúrdanaları») hám «Devonu luǵatit túrk» («Túrk tiliniń luǵati») shıǵarması1074-1075 jılları jazılǵan. Bul haqqında shıǵarmanıń ózinde tómendegi pikirler bayan etiledi: Bul kitaptı jazǵan jılımız tórt júz alpıs altınshı jıldıń muqarram ayında jılan jılı

kirgen edi.[1] Bul qımbat bahalı qol jazba shıǵarma házir Stambulda saqlanbaqta.

Shıǵarma kirisiw hám sózlik bóliminen ibarat bolıp, mádeniy miyrasımızda ayrıqsha orın iyeleydi. Sebebi onda alım dún'ya kartasın da qosımsha beredi hám Rus (kishi Aziya) dan Qıtay aymaqlarına shekem sozılıp ketken jerlerde jasawshı túrkiy xalıqlar tariyxı, geografiyası, etnogenezi, úrp-ádetleri, turmıs dárejesi, mádeniyatı haqkında júdá qımbatlı maǵlıwmatlardı beredi. Shıǵarmada túrkiy qáwim-urıwlar: qıpshaq, oǵuz, yamak, bashqurt, basmil, qay, yaboku, tatar, qırǵız, chichil, yaǵma, tuxsi, ichroq, jaru, jamil, uyǵur, tangut, tabǵochlardan tısqarı jáne parsı, arab, qıtay, rus xalıqları haqqında da maǵlıwmatlar bar.

«Devonu luǵatit túrk» te túrkiy xalıqlar awızeki dóretiwshiligi hám jazba ádebiyatına tiyisli 300 den artıq qosıq úzindileri, maqalalar, hikmetli sózler berilgen. Alım óz shıǵarmasında túrkiy tillerge tiyisli júdá kóplep sóz birikpeleri, ibaralar, tallaw qaǵıydaların tiykarlap beredi. Bul tárepten bul shıǵarmanı ápiwayı sózlik dep emes, bálkim «Javohirlar devoni» miynetin grammatikalıq qollanba sıpatında qaraw lazım boladı. Maxmud Qashqariydiń shıǵarmasında Túrkstandaǵı ayırım sháhárlerdiń atamalarına, sholıw xarakteristika da berip ótilgen. Sonıń ishinde, onda Tashkent «Tarken» Shashtıń ataması, tiykarı Tashkent, Tash sháhári demekdur dep xarakterlenedi. Samarqandtıń tiykarǵı atı «Samiz qand»-úlken sháhár dep táriyplenedi.

«Devonu luǵatit túrk» te alım túrkiy jazıw haqqında júdá qımbatlı pikirlerdi bayan qıladı hám 18 háripten ibarat túrk (uyǵur) álipbesin keltiredi. Shıǵarmada jazıw máselesinde de áhmiyetli maǵlıwmatlar bar. «Devonu luǵat túrk» shınında da túrk tilles xalıqlardıń eń bahalı esteligi. Onda eki júzden aslam qosıq, úsh júzge jaqın naqıl-maqal, sonday-aq tolıp atırǵan qanatlı sóz toparları, kórkem metaforalar bar. Bul haqqında Maxmud Qashqariy: Men bul kitaptı arnawlı túrde álipbe tártibi boyınsha jazdım. Bunda eń dáslep aforizmler, saj'lar(qosıq uyqası menen jazılǵan prozalıq shıǵarmalar), naqıl-maqallar, qosıqlar, táriyp qosıqları hám prozanıń ádebiy úzindileri menen kórkemledim» - dep jazǵan.

[1] Содиқов К. Туркий жавоҳирлар девони. «Ватан», 1994, №22

Qaysı dáwirde bolmasın adamlar tábiyat penen sırlas bolıp jasaǵan. Sebebi adam tirishiliginiń ózi tábiyat penen baylanıslı. Kúnniń ıssı, suwıq bolıp keliwi, hár jılda bolıp atırǵan ózgerisler, eginniń bolıq bolıwı, yaki pispey qalıwı maldıń qıstan aman shıǵıwı yaki qırılıwı bári de tábiyat penen baylanıslı bolǵan. Xalıq sonıń ushın da tábiyattı qásterlegen. Oǵan arnap hár qıylı temada qosıq shıǵarǵan.

Mısalı: Qısh yaz bila tokushti,
Kinir qozunǵ baqishti,
Tutshqali yiqishti,
Utǵalimat oǵrashur.

Qullası, qosıq usılında qálemge alınǵan ullı oyshıl Maxmud Qashqariydiń shıǵarmasında joqarı jaqsılıq ideyaları, miynet súygishlik, jekke qaharmanlıq, dushpanlarǵa jek kóriwshlik usaǵan kózqaraslar óz sáwleleniwin tapqan. «Devonu luǵatit túrk» dún'yadaǵı júdá kóplep xalıqlardıń tillerine (sonıń ishinde nemec, túrk hám azerbayjan tiline) awdarılǵan. V.V. Bartol'd tómendegilerdi jazǵan edi: «Maxmud turmıs waqıyaların, fakt hám dáliyllerdi óz kózi menen kórip, bilip jazǵanı ushın bul shıǵarma ele de óziniń ilimiy tariyxıy mádeniy áhmiyetin saqlap kelmekte.»[1]

## Yusuf Xas Xajib (XI ásir)



Yusuf Xas Xajib (XI ásir)

Qaraxaniyler saltanatı dáwiriniń ullı aǵartıwshılarınan biri balasoǵunlı ullı Yusuf Xas Xajib bolıp, ol óziniń házirge shekem málim bolǵan jalǵız didaktikalıq kórkem-filosofiyalıq «Qutadǵu bilig» («Baxıtqa baslawshı bilim») shıǵarması menen dún'yaǵa belgili boldı. Ádebiyatshı alım Qayumjan Karimov Yusuf Xas Xajibtiń dún'yaǵa keliwi hám ullı alım sıpatında tanılıwı ob'ektiv turmıslıq hám nızamlıq zárúriyat bolǵanlıǵın tómendegishe aytadı: «Usı waqıtta jalǵız qol astında birlesken úlken mámleketti basqarıw, turmıstı tuwrı jolǵa

[1] Ватан тарихи, Т., 1997, 258-бет.

salıw jol-jorıqların kórsetip beriwshi danıshpan kerek edi. Sonday adam tabıldı. Bul Yusuf edi. Óz dáwiri ortaǵa taslaǵan problemalıq máselelerge ol ziyrek kóz benen qaradı. Sol sebepten onıń 13,5 mıń qatardan ibarat keń kólemli «Qutadǵu bilig» atamasındaǵı tereń ideyalıq filosofiyalıq-didaktikalıq shıǵarması maydanǵa keldi.[1]

Yusuf Xas Xajibtiń ómir jolı hám xızmetinen derek beriwshi birde bir derek joq, tuwılǵan jılı hám qaytıs bolǵan jılı málim emes. Tek ullı ádebiyatshınıń «Qutadǵu bilig» shıǵarmasındaǵı maǵlıwmatlar tiykarında ǵana ol haqqında ayırım bir juwmaqlar shıǵarıw múmkin. Yusup Balasoǵunda, zıyalı shanaraǵında tuwılǵan. Shıǵarmanı Qashǵarda tamamlap, qaraxanlar xanı Tamǵach Buǵraxanǵa sıylıqqa bergen, xan onı sıylıqlap óz sarayında Xas Xajiblik (Saraydıń Xas náziri) lawazımın bergen. Sonnan laqabı menen dańqqa erisken. Ol óz shıǵarmasın xijriy 462 (milodiy 1069-70) jılı eliw jas waqtında on segiz ayda jazǵan.

Yusuf xijriy 412 (milodiy 1019-20) jılı tuwılǵan. Óz dáwiriniń iri aǵartıw hám mádeniyat orayı bolǵan Balasoǵunda bolajaq shayır hám medreselerde oqıp tereń bilim alǵan, arab, parsı, tájik tillerin, úyrengen, filosofiya, logika, matematika hám basqa ilimlerdi iyelegen. Ol mámleket hám basqarıw isleri menen qızıqqan. Shıǵıs ulama hám danıshpanlarınıń bul tarawdaǵı pikirlerin baqlaǵan.

Túrkiy tilde jazılǵan didaktikalıq filosofiyalıq «Kutadǵu bilig» shıǵarması kirisiw hám juwmaqlawdan tısqarı 73 baptan ibarat. Onda ádep-ikramlılıq, ilim-bilim, bala tárbiyası, jámiyetlik orınlarda ózin qalay tutıw, sózdiń áhmiyeti hám qádiri, miyman kútiw qaǵıydası, turmıs dárejesi hám insan ruwxıy dún'yasınıń kópshilik máseleleri qálemge alınǵan. Bilimlendiriw jarshısı bolǵan Yusuf Xas Xajib oraylasqan kúshli mámleket dúziw ushın gúresiwshi danıshpan, ádalatlı húkimdar kórinisin súwretleydi. Ol xalıq hám mámleket, mámleket baslıǵı hám puqara menen ekonomikalıq, mádeniy baylanıslar, húkimdar qatlamlardıń hákimiyat, xalıq aldındaǵı minneti haqqında júdá zárúr problemalardı alǵa qoydı.Ullı alım júdá ziyreklik hám danıshpanlıq penen zıyalılar, diyqanlar , sharwalar, ónermentler, sawdagerler, kámbaǵal-gedeyler hám basqa barlıq jámiyetlik topar, taypa hám qatlamlardıń turmıs dárejeleri, dún'ya qarasları, ádetleri,

[1] Ватан тарихи, Т., 1997, 259-бет.

minez-qulıqları haqqında filosofiyalıq pikirlerin jarattı. Astronomiya, geografiya, tariyx, etnografiya, medicina, algebra, huqıqtanıw, sociologiya usaǵan ilimlerden bilimli bolıwǵa shaqırdı.

Yusuf Xas Xajibtiń «Kutadǵu bilig» shıǵarması tórt tayanısh belgi tiykarına qurılǵan.

Biri twǵrilikka tayanch-Adolat,
Biri davlat erur, u qutli ǵoyat.
Uchinchi-uluǵlik Aql va zako,
Twrtinchi-qanoat erur bebaho[1].

Bulardıń hár qaysısı jáne ayırım-ayırım atlarǵa iye. Xas Xajib júdá sawatlı adam. Adamnıń aqıl oyına racional'lıq oylawǵa kóbirek kewil bóledi. Óziniń etikasında jerdegi adamnıń ádep-ikramlıǵın násiyatlaydı. Onıń poetikasınıń qaharmanları: Ádalattıń atı-Kúntuwdı. Ol shıǵarmada patsha wazıypasında keledi. Dáwlettiń atı-Aytoldı. Ol wázir lawazımında beriledi. Aqıl bolsa Uǵdulmish bolıp, Aytoldınıń ulı sıpatında belgili boladı. Qanáát Wzǵurmish atı menen berilgen hám ol wázirdiń tuwısqanı sıpatında sáwlelenedi. Shıǵarmada kóterilgen barlıq máseleler hám mashqalalar sheshimi áne solar arasında bolıp ótetuǵın tartısıw, pikirlesiw, sawal-juwap tiykarında beriledi. Oyshıldıń pikirinshe adam tek jámiyette ǵana jetiledi. «Adamǵa payda keltirmeytuǵın adam-ólim» deydi Xas Xajib. Ol miynetkesh xalıqtı jer iyelewshilerdi, malshılardı, ónermentlerdi) jer betindegi barlıq iygilikti jaratıwshı dep bahaladı. Ol hákimlerdiń ádalatlı bolıwın keńes berdi. Aqırı, nızamsızlıq, bassınıwshılıq xalıqtıń qozǵalańına alıp keledi. Onıń pikirinshe, hákimlerdiń ózleriniń ádep-ikramlıq jaqtan jetiliwi kerek. Sonday-aq ádep-ikramlıq jetilisiw tek patshalar ushın emes, al onıń qarawındaǵılar ushın hám kerek. Bul mámlekettiń siyasiy jaqtan bekkemleniwine alıp keledi. Bunday mámleketti basqarıwdıń tiykarǵı norması aqıl-oy hám ádillik boladı. Basqarıwdıń bul siteması ǵalaba baxıtqa hám adamlardıń abadanlıǵına alıp keldi. Adamlar arasında ádep-ikramlılıqtıń ulıwma adamzatlıq normaların tastıyıqlaw zárúr boladı.

Yusuf Balasuǵunǵa xalıq ushın gúllep-jasnaǵan ózinshe ideal mámleketti jasawǵa umtıldı. Bul mámlekette Xas Xajibtiń pikirinshe,

---

[1] Каримов Қ. Юсуф Хас Хажиб, «Қишлоқ ҳақиқати», 1990, 13-июль

hákim sawatlı adam bolıwı tiyis, aqıllı, aqıl-oyǵa iye (ugut), bilimlerge (blig), pánge (rassudok) iye bolıwı kerek.

Yusuf Xas Xajibtiń pikirinshe, hákim sawatlı bolıwı tiyis. Al áyyemgi túrkiy esteliklerde kóshpeli áskeriy-demokratiyalıq mámleketlerge tán nárse xannıń jeke batırlıǵı, áskeriy bilimleri, áskerbasılıq talapları ǵana zárúrli edi. «Qutadgu biligte» hákimniń aqıl oyı birinshi ilimge shıǵadı hám ilimniń kómegi menen basqarıwǵa kóbirek dıqqat bólinedi. Oyshıldıń pikiri boyınsha wázir hám láshker bası mámlekettiń úlken tayanıshı. Wázir óz bilimi arqalı háreket jasasa, láshker bası kúsh-qúdireti arqalı xalıqtı qorǵaydı. Mısalı:

Wázir, láshker bası – bul eki, álem,
Birewinde – qılısh, birinde qálem,
Bula xalıqtıń qorǵawshısı,- sezgenim,
Ekewi de teń uslaǵay dizginin.

Dep kórsetken. Usınıń menen birlikte sóylew mádeniyatına dıqqat bóledi.

Jámiyettiń sociallıq qatlamlarınıń mawasalıǵı hám usı tiykarda ádil hám gúlleniwdegi jámiyetti jasaw – Yusuf Xas Xajibtiń kitabınıń bas ideyası. Oyshıldıń pikirinshe, dún'yada jaqsılıqtıń eki túri, jamanlıqtıń eki túri bar. Birinshi jaqsılıq hám jamanlıq tuwma, ekinshileri ómirden alınǵanlar. Usıǵan sáykes adamlardıń eki túri bar, jaqsılar hám jamanlar (tábiyatı boyınsha orta tárbiyalanǵan). Bilim ádep-ikramlıq boyınsha jetilgen insandı qáliplestiretuǵın tırnaq[1].

Shıǵarmanıń ayırım baplarındaǵı oy-pikirlerge itibar qaratatuǵın bolsaq, Yusuf Xas Xajib ómiriniń sońǵı jılların qorlıqta ótkergenligin kóriw múmkin.

Yusuf Xas Xajibtiń «Qutadǵu bilig» shıǵarması xalıq aralıq maydanda tán alınǵan shıǵarma. Bul kitaptı qıtaylılar «Adabul muluk», túrkistanlılar «Zaynatul umaro», iranlılar «Shaxnamoiy turkiy», turanlılar «Qutadǵu bilig» ayırımlar «Pandnamoi muluk»[2] dep ataǵan. Dún'yadaǵıjúdá kóp xalıqlardıń tillerine awdarılǵan «Qutadǵu bilig» shıǵarması V. Radlov S. Z. Malov, A. Fitrat, A. A. Valitova, N. M. Mallaev, Q. Karimov, B. Tuxlievlar dıqqatın tartqan hám puxta úyrenilgen. Qullası, Yusuf Xas Xajibtiń bul dástanı xalqımız ruwxıy baylıǵınıń eń áhmiyetli dúrdanalarınan esaplanadı.

[1]https://e-tarix.uz/shaxslar/2013-yusuf-hos-hojib.html
[2] Ўзбек адабиёти тарихи. 1-том. Т., 1997, 107-108 б.


Yusup Has Hajib
dóretiwshiligi


Joba:
1. Yusup Has Hajib kórnekli shayır hám alım.
2. "Baxıtqa baslawshı bilim" shıǵarmasınıń dóreliw
tariyxı, úyreniliw hám izertleniw máseleleri.
3. «Kutadǵu bilig» («Baxıtqa baslawshı bilim»)
shıǵarmasınıń tiykarǵı nusqaları.
4. Yusup Has Hajibtiń tálim tárbiyalıq oyları
5. «Kutadǵu bilig»tiń syujeti, kompoziciyalıq
qurılısı.


Yusup Has Hajibtiń ómiri
haqqında maǵlıwmatlar júdá az.
Ol sol ásirdiń 20-jıllarında
Qaraxaniyler mámleketi
hukimdarlıq etip turǵan dáwirde
paytaxtı Balasaǵun qalasında
tuwılǵan.



*belgili shayır, enciklopedist alım, danıshpan oyshıl*

### 1. Yusup Has Hajib kórnekli shayır hám alım.

Yusup Has Hajib túrki tilindegi poeziya baslawshılarınıń biri boldı. Ol arab-parsı tillerin jaqsı iyelep túrki tilinde usı dástanlardı jazadı. Shayır óz shıǵarmasınıń kirispesinde, «Bul waqıtlarǵa shekem arab hám parsı tilindegi kitaplar oǵada kóp bolıp, bul biziń tilimizdegi danıshpanlıqtıń dáslepki kitabı»,- dep jazǵan edi.



**"Qutadǵu bilig"**

Yusup Has Hajıbtiń "Qutadǵu bilig" (Baxıtqa baslawshı bilim) shıǵarması túrkiy xalıqlardıń oǵada eski dáwirinde payda bolǵan. Sonlıqtan bul dáwirdegi shayırlardı anaw yamasa mınaw xalıqtıń wákili dep qaraw qıyın. Belgili alımlardıń bergen maǵlıwmatlarına qaraǵanda Kishi Aziyadan baslap Qıtayǵa shekem túrki xalıqlarınıń eń iri qáwimlerinen 20 dan aslam qáwim jasaǵan

**"Baxıtqa baslawshı bilim" shıǵarmasınıń dóreliw tariyxı, úyreniliw hám izetleniw máseleleri.**





German Vamberi



V.V.Radlov



R.R.Arat



S.E. Malov



K.Karimov







## "Baxıtqa baslawshı bilim" shıǵarmasınıń nusqalari






| № | «Qutadǵu bilik»te | Házirgi kúnde qollanılıp júrger naqıl-makallar |
|---|---|---|
| 1 | Aqıl qayda bolsa, ullılıq toladı,<br>Bilim kimde bolsa, sol bilekli boladı. | **Bilekli birdi jıǵar<br>Bilimli mıńdı jıǵar** |
| 2 | Tiri -óler, aqırı jer jastanar,<br>Jaqsı adam ólse, jaqsı at qalar | **Jaqsınıń atı ólmeydi,<br>Alımnıń xatı ólmeydi.** |
| 3 | Tilińdi baq, basıń aman qaladı,<br>Sózińdi qısqart, jasıń uzaq boladı. | **Basqa bále – tilden.** |
| 4 | Esik baqqan til – arıslan, ashıwlı,<br>Saq bolmasań, jutar basıńdı. | **Ańlamay sóylegen, auırmay óledi.** |
| 5 | Sabır etse, kisi óz tilegin tabar,<br>Sabırmen turǵan er aq qus tutar. | **Sabır túbi – sarı altın.** |
| 6 | **Tayaq etten, sóz súyekten ótedi,<br>Sóz qaladı, tayaq izi ketedi.** | **Tayaq etten ótedi.<br>Sóz súyekten ótedi,** |

## 2.2. Axmed Yugnakiy, Abulqasım Maxmud az-Zamaxshariy, Rashiduddin al-Votvot, Burqoniddin al-Marǵinoiy, Axmed Yugnakiy. (XII ásirdiń 2- yarımıXIII ásirdiń basɪ.)

Túrkiy ádebiyattıń iri hám záberdes wákillerinen biri Axmed Yugnakiydur. Onıń ómiri hám dóretiwshilik jolı haqqında derlik hesh nárse saqlanıp qalmaǵan. Shayırdıń bizge shekem jetip kelgen jalǵız miyrası «Xibatul-Haqoyiq esaplanadı. Bul shıǵarmanıń tek bir baytında shayır óz atın tilge aladı. Belgili ádebiyatshı alım Natan

Mallaevtıń bergen maǵlıwmatlarına qaraǵanda: «ShayırAxmed, ákesiniń atı Maxmud, watanı Yugnaki Yugnoq atamasındaǵı orın Ferǵana wálayatında da, Túrkistan hám Samarqand átirapında da bolǵan. Biraq Axmed Yugnakiydiń bulardan qaysı birinde tuwılǵanı anıq emes, kitaptıń atı «Hibatulhaqoyiq» ekeni málim.[1]» «Hibatulhaqoyiq» tıń 1480-jılı kóshirilgen nusqasındaǵı námálim shaxs tárepinen jazılǵan tekstinde dástannıń 254 bayt, 14 baptan ibarat ekenligi aytıladı. Biraq «Hibatul-haqoyiq» tıń sol 1480-jılı kóshirilgen nusqası bolsa 235 bayt hám 11 baptan ibarat. Bálkim, dástandı kóshirgen xatker Abdurazzaq Baxshiy onı qısqartılǵan nusqasınan kóshirgen bolıwı múmkin.

«Haqıyqatlar sıylıǵı» negizinde didaktikalıq shıǵarma. Bunda basqa shıǵarmalar sıyaqlı avtor tárepinen óz qálemi menen nıshanǵa alınǵan belgili syujet te joq. Dástannıń aqırına shekem násiyat. Násiyat bolǵan da tek jıltır sóz emes. Al, tásirli didaktika. Avtor bilim haqqındaǵı baplarǵa bólip qaraydı. Mısalı, ol bilim haqqında qosıqlar jazadı:

Sóz etpekshi edim jáne bilimdi,
Joldas bolǵay saǵan bárha bilimli,
El ǵamın oylaǵan, oǵan asıǵar,
Bilimli adam turar kúnine jarap,
Bilimsiz adamlar, miywesiz daraq.
Biri ótpes pıshaq, birewi almas,
Bilimsizler bilimge teń bolmas,
Hámme waqıt bilim kerek jigitke,
Bilimsizler usar maysız jilikke,
Ishi bop-bos, biraq elge kerektey,
Ilimsizler bolar maysız súyektey,
Bilimli dún'yanı kórkeyter taǵı.
Sonıń ushın bálent bolar ataǵı.
Bilimli ólse de atı ólmeydi,
Bilimsizler baxıt tappay shólleydi,
Bilimli isler mıń adamnıń jumısın,
Bilimsizdi kóriń qurı júrisin.

[1] Маллаев Н. Ўзбек адабиёти тарихи. Т., 1976, 139-бет

Bul shıǵarmada ádep-ikramlılıq, doslıq haqqında sózler aytıladı. Yaǵnıy: Kim saǵan jamanlıq qılsa, sen oǵan opa qıl», Sebebi «Qandı qan menen juwıp tazalap bolmaydı» - dep aytılǵan bolsa, ekinshi jaǵınan ómir filosofiyası haqqında pikir bildirip, «Bul dún'ya bir kún qonıp ketetuǵın kárwanǵa uqsaydı». Kárwan bir qonıp jolın dawam etedi. Biz de tap sondaymız. Adam balasına bul ómirdi bilip seziw ushın júz jıldıң ózi de qısqalıq etedi. Sonshama ómirdiń ózi bir kún quraqım kórinbeydi» - dep jazdı.[1]

Axmed Yugnakiydiń qosıq usılında jazılǵan «Xibatul-haqoyiq» shıǵarması ózbek ádebiy miyrasınıń ullı úlgisi sıpatında onıń keyingi rawajlanıwına úlken úles qostı. Bul shıǵarma hátte qosıqshılıq múlkiniń sultanı Alisher Nawayı dóretiwshiliginende múnásip orın aldı. Ol óziniń «Nasoimul-muhabbat» («Muhabbat shabadasi») shıǵarmasında «Hibatul haqoyiq» tan úzindi keltirip, shayırdıń kózi ázzi bolǵanlıǵın aytadı. Sonday-aq, Alisher Nawayı Xusayn Bayqaranıń ulı Badiuzzamǵa jazǵan namalarınıń birinde de «Hibatul haqoyiq» tan úzindiler keltiredi. Dástan dún'ya xalıqlarınıń bir neshshe tillerine awdarılǵan. Rus alımları E. E. Bertel's, S. E. Malov hám basqalar Axmed Yugnakiy dástanın tereń úyrenip, oǵan joqarı baha bergen. Qullası, «Hibatul-haqoyiq» dástanı xalqımızdıń kórkem-ruwxıy gáziynesinen bekkem orın iyelegen qımbat bahalı shıǵarma.

## Abulqasım Maxmud az-Zamahshariy (1075-1144)



Abulqasım Maxmud az-Zamahshariy (1075-1144)

Zamahshariy 1075-jılı 18-martta Túrkmenstannıń Tashawız wálayatına qaraslı Paxta rayonındaǵı Zamahshar (házirgi Izmixshar) awılında tuwılǵan. Baslawısh bilimdi ol óziniń ákesi Umar ibn Axmad qolında aladı. Jaslıǵında baxıtsız hádiyse sebepli tamnan jıǵılıp mayıp bolıp qalǵan hám aǵash ayaqta júriwge májbúr bolǵan Zamahshariy ruwxıy túskinlikke túspeydi. Ol ákesinen Úrgenish medreselerinen birine oqıwǵa alıp barıwdı

[1] https:// savol-javob.com/ky/adib-ahmad-yugnakiy-viii-asr/

iltimas qıladı. Ákesi balasınıń iltimasın orınlasa da, biraq materiallıq jaqtan támiyinley almaydı.

Úrgenishte tálim alǵan Zamahshariy óz bilimin jetilistiriw maqsetinde Buxara, Xorasan hám Isfaxanǵa baradı, óz zamanınıń iri alımları hám oyshıllarınan sabaqlar aladı. Onnan keyingi ómirin Baǵdad, Damask, Xijaz hámMekke menen baylanıstıradı. Zamahshariy ómiriniń sońǵı jılların Úrgenishte ilimiy miynetler jazıw menen ótkeredi hám 1144-(538) jılı Qurban haytınan aldın 71 jasında qaytıs boladı.

Az-Zamahshariydan júdá kóp ilimiy miyras qalǵan. Onıń til, ádebiyat, sózlik, huqıq, súwretshilik, islam tariyxı, filosofiya, uslub hám sóylew iskusstvosı, hádis hám basqa ilimler boyınsha jazǵan eliwden aslam shıǵarmaları bar. Ataqlı túrk alımı Xoji Xalifi («Kashfaz-zunun» miynetinde) Zamahshariydiń 29 shıǵarması, arab alımı Ibn Xalikon «Vafayotal-A’yon» miynetinde 30 shıǵarması hám Yaqut Xamaviy bolsa 50 shıǵarmasınıń dizimin bergen.[1] Irak alımı Fozil Salıqaz-Samariy bolsa ullı watanlasımızdıń 56 shıǵarması bar ekenligin aytıp, olardıń atların birme-bir keltirip ótedi.

Az-Zamahshariydiń eń iri hám ataqlı shıǵarması «Al- Kashshofan haqoyiqittanzilvauyinil-aqoviylfivujuhit-ta’vil» («Qurandaǵı jasırın haqıyqatlardı ashıp beriwshi») esaplanadı.

Ol qısqasha «Al-kashshof» dep ataladı. Bul kitaptı alım 1132-1135 jılları Mekkede jazǵan. Zamahshariy Mekkede uzaq jasaǵanlıǵı ushın Jarullah (Allanıń qońsısı) degen laqaptı alǵan. Shıǵarmada ullı alım Quranı kárimdi til tarawı boyınsha talqılap hár bir sóz mánisin arab grammatikası tiykarında túsindiredi.

Az-Zamahshariydiń jáne bir shıǵarması «Al-Mufassal» bolıp, ol 1119-1121 jılları jazılǵan. Bul shıǵarma arab grammatikasına tiyisli eń qımbat baha miynet. Shıǵarma Mısırda basıp shıǵarılǵan, nemec tiline awdarılǵan. «Al-Mufassal» dıń bir qol jazba nusqası Tashkentte Shıǵıstanıw ilim-izertlew institutınıń hújjetxanasında saqlanbaqta.

---

[1]АбдуллаевИ. «Аз-Замаҳшарий». Қишлоққақиқати, 1991 ж. 10 июль

Ullı alımnıń «Asos al-baloǵa» («Notiqliq asarlari») kitabı arab tiliniń sózligi bolıp, arab sózligin joqarı dárejege kóterdi. Bul shıǵarma Kohirada eki tomda basıp shıǵarılǵan.

Zamahshariydiń «Al-foiq fi ǵarib ilhadis» («Hádislerdegi biytanıs sózlerdi ózlestiriwshi») miyneti Payǵambar hádislerinde ushıraytuǵın, kem isletilip, awıspalı mánide qollanılatuǵın sózlerdiń sózligi esaplanadı.

«Al-jibal va-l-amkina va-l-miyoh» («Tawlar, mánziller hám suwlar») geografiya hám toponomikaǵa tiyisli shıǵarma. «Muqaddimat al-adab» («Ádebiyatqa kirisiw») arab tiliniń sóz baylıǵına bagıshlanǵan.

Watanlasımızdıń «Devon az-Zamahshariy» («Zamahshariy diywanı») atlı diywanında alımnıń qasida, qit'a hám nazmiy xatları orın alǵan. Onıń lirik qosıqları tiykarınan filosofiya hám ádep-ikramlılıq temalarına baǵıshlanǵan. Biz ullı ulamanıń bay dóretiwshilik miyrasınan ayırımları haqqında pikir júrgizdik. Zamahshariy dún'ya tán alǵan ulama. Ol ele tiri waqtında-aq alım jazǵan shıǵarmalar musılman dún'yasında ataq hám abırayǵa iye bolǵan. Dún'ya alımları Zamahshariydi joqarı húrmet hám mehir menen «Ustaz ul-arab va l-ajam» («Arablar hám ǵayrıarablar ustazı»). «Jorullah» («Qudaydıń qońsısı»), «Faxru Xorazm» («Xorezm maqtanıshı») dep ataǵan. Onıń shıǵarmaları dún'ya xalıqlarınıń, sonıń ishinde, arab, latın, nemec, francuz, túrk tillerinde qayta-qayta basılmaqta. Abusaidi Sam'oniy-Marvaziy (1113-1167), Yaqut Hamaviy (1179-1227) usaǵan dún'yada tanılǵan alımlar «Nasabnama», «Adibler haqqında toplam» shıǵarmalarında Zamahshariydi «Adiblar peshvozi» dep bahalaǵan.

## Rashiduddin al-Votvot (1114/16-1191)

Tiykarı Balx sháhárinen bolıp, Xorezmge kelip dóretiwshilik shıńınan joqarı orın alǵan shayır, ataqlı xatker dárejesine kóterilgen mámleketlik ǵayratker Rashiduddin al-Votvot esaplanadı. Onıń tolıq atı Rashiduddin Muxammed ibn Abdujalil al-Umariy. Al-Votvot onıń laqabı bolıp («votvot» arabsha kelte boylı, taz bolǵanlıqtan sol laqaptı alǵan bolıwı múmkin), dereklerde onıń tuwılǵan jılı 1114-1116 jıllar arasında, dep kórsetilse, basqa jerde 1087 yaki 1094 sanları tilge alınadı. Bolajaq shayırdıń jaslıǵı Balxta

ótken. Ol sol waqıtları Shıǵıstıń iri mádeniy hám arxitekturalıq oraylarınan biri sanalǵan Balxtaǵı eń itibarlı medreselerden biri – Nizamiy medresesinde belgili alım hám imam Abu Sa'd al-Xaraviy qolında tálim alǵan.

Tez arada Balxta óz dáwiriniń tanımalı shayırı sıpatında el kózine túsken Rashiduddin al-Votvot sońıraq Xorezmge keledi hám ómiriniń aqırına shekem sol jerde qaladı. Ol otız jıl dawamında dáslep Atsız, soń El Arslan hám Alawaddin Tekeshler qarawında abıraylı arnawlı xatker wazıypasın atqaradı. Bul joqarı mártebede Rashudidden al-Votvottıń úlken húrmet hám itibarlı bir shaxs sıpatında eń áweli, ondaǵı jekke aqıl hám qábilet is tájiriybesine iye ekenligi, arab tili hám xatkerlik sırların puxta iyelegeninde. Arab tanıwshı Ubaydulla Uvatov maǵlıwmatlarına qaraǵanda: «Ol óz zamanınıń eń ájayıp adamlarınan, óz dáwiriniń qádirli shaxslarınan bolıp, Nasr hám nazm babında óz ásiriniń eń fazılı edi. Arab tiliniń eń názik tamanları, shayırlıqtıń bilimdanı edi. Onıń abırayı shar tárepke jayılǵan bolıp, atı bolsa barlıq ıqlımlarda málim edi.»[1]

Rashiduddin al-Votvot kórkem dóretiwshilik tarawında shayır hám ádebiyatshı sıpatında bay miyras qaldırǵan. Ol arab hám parsı tillerin tereń bilgenlikten hár eki tilde nasriy hám nazmiyde birdey dóretiwshilik etken. Dóretiwshiniń farsı tilinde jazǵan shıǵarmaları E. Braunnıń Dawletshaq as-Samarqandiyge tayanıp bergen maǵlıwmatlarına qaraǵanda on bes qosıq diywanınan ibarat bolǵan.

Al-Votvottıń arab tilinde jazǵan qosıqlarıda ayrıqsha diywannan ibarat edi. Olardıń úlken bólimi shayırdıń tiykarǵı shıǵarması esaplanǵan «Hadoiq as-Sihr fi daqoiq ash-shi'r» («Sheriyat názikliklerinde sehr bostanları») na kirgizilgen. Fars tilinde dúzilgen bul kitap rus shıǵıstanıwshısı N. Chalisova tárepinen awdarılıp, 1985-jılı Moskvada basılıp shıqqan.

Rashiduddin al-Votvot dóretiwshiliginde onıń «Ar-rasoil» («Xatlar») menen atalǵan toplamı júdá áhmiyetli. Toplam 1156-1173-jılları aralıǵında jazılǵan. Onda Xorezmshax Atsızdıń aqlıǵı sultan Maxmud (1172-1193 jj. xúkimlik etken) qa baǵıshlanǵan xatlar óz sáwleleniwin tapqan. Bul xatlar tiykarınan eki bólimnen ibarat. Birinshi bólim: xalifalar, sultanlar, qaǵanlar, wázir, ámirler,

[1] Уватов У. Доналардан сабақлар. Т., 1992; 41-бет.

wáliyler, qazı hám muftiyler atına jiberilgen túrli xatlardan ibarat. «Xatlar» dıń ekinshi bólimi bolsa alımlar, joqarı lawazımlı ámeldarlar, ataqlı shaxslar, shayırlar hám avtordıń óz yar-doslarına jollaǵan xatlarınan quralǵan.

Rashiduddin al-Votvottıń «Xatlar» ında sol dáwirdiń siyasiy, ekonomikalıq, jámiyetlik-mádeniy turmısına tiyisli máseleler hám maǵlıwmatlar orın alǵan.

Qullası, ana Watan tariyxın hár tárepleme hám tereń úyreniwde Rashiduddin al-Votvot qaldırǵan ilimiy hám kórkem miyras bahalı ruwxıy baylıq esaplanadı.

## Burxoniddin al-Marǵinoiy (1123-1197)

IX-XII ásirlerde Mawerennaxr hám Xorezmde islam-huqıqı-shariyat birqansha rawajlanǵan edi.Shariat jańa huqıqıy dizim sıpatında shama menen XI ásirde ash-Shariada (tuwrı jol –«arabsha») qatań formaǵa kirgen. Shariat-bul islam ádep-ikramlılıq qádriyatları hám musılman  huqıqı filosofiyasınan ibarat bolıp, onıń túp mánisi fikh dep júritiledi. Fikh ilimi-musılman nızamshılıǵı Shıǵıs xalıqları hám islam mádeniyatı erisken ullı jetiskenlik bolıp, bul tarawda Mawerennaxr hám Xorezm ulamaları bay miyras qaldırǵan. Watanlas fiqshunos alımlarımız: Abu Havs al-Buxariy, Abu Mansur al-Moturidiy, Abu-l-lays as-Samarqandiy, Abu Bakr al-Buxariy, Faxr ud-din Qozixon, Shams ul-a imma as-Saraxsiy hám basqalar óz dáwirinde islam dún’yasında belgili bolǵan. Atları joqarıda tilge alınǵan alımlar arasında Ali ibn Abu Bakr ibn Abdul Jalil al-Farǵoniy Ar-Rishtoniy al-Marǵinoniy (1123-1197) ayrıqsha orın tutadı. Huqıqtanıwshı alım A. Saidovtıń maǵlıwmatlarına qaraǵanda, ullı alım 1123-jılı 23-sentyabr’de Marǵulanda tuwılgan hám 1197-jılı 29-oktyabr’de 74 jasında qaytıs bolǵan.

Burxoniddin Marǵinoniy ilimiy jetiskenlikke Rishtan, Marǵilon, Buxara, Samarqand hám Mawerennaxrdıń basqa sháhárlerindegi ilim oraylarında musılman huqıqı xanafiya aǵımınıń ullı qániygesi bolıp jetisken. Bul haqqında Abdul-hay al-Lankavi: ...ol imam, huqıqshı bolǵan. Hádisler menen shuǵıllanǵan. Qurandı yad bilgen. Ilimlerdi jıynaǵan hám ilim qatarına kirgizgen. Júdá zeyinli izertlewshi hám pák insan bolǵan. Ilim hám ádebiyatta teńi-tayı joq ullı huqıqshı, ádebiyatshı hám shayır bolǵan, dep jazadı.

Burxoniddin Marǵinoniy musılman dún'yasınıń ilimi erisken barlıq bilimlerdi iyelegen, ullı ulamalardan sabaq alǵan. Sunniy shariyatınıń tórt tiykarǵı aǵımlarınıń tiykarın salıwshıları hám olardıń shákirtleri shıǵarmaların qunt penen úyrengen. Bul nárse ullı alımǵa fikh ilimi boyınsha teńi-tayı joq shıǵarmalar jazıp qaldırıwǵa imkaniyat jarattı. Fiqshunos alımnıń «Bidoyat al-lubtadiy» («Baslawshılar ushın dáslepki tálim»), «Kifoyat ul-muntahiy» («Pitiriwshiler ushın tolıq tálim»), «Nashr ul-mazhab» («Mazhabtıń jayılıwı»), «Kitob ul-mazid» («Ilimdi zıyada qılıwshı kitap»), «Kitob ul-faroiz» («Parızlar kitabı»), «Kitob ul-mashoiq» («Shayxlar haqqında kitap») usaǵan ullı shıǵarmalar solar qatarınan. Álbette, ullı alım dóretiwshiliginde «Hidaya fu furu' al fikh» («Fikh tarawları boyınsha qollanba») teńi joq shıǵarma. Bul shıǵarmanı alım 1178-jılı Samarqandta jazǵan. Burxoniddin Marǵinoniydiń «Hidoya» kitabı tórt tomnan ibarat hám 56 baptı quraydı. Bul shıǵarma ózine tán shariyat kodeksi bolıp, házirgi kúnde de islam dún'yası hádisshileri ushın tiykarǵı qollanba sıpatında xızmet qıladı. Onda shariyat máselelerinde avtordıń pikirleri menen bir qatarda Xanafiyler aǵımınıń barlıq imamları, sonday-aq basqa aǵım wákilleriniń pikirleri de orın alǵan. Shıǵarmada islamnıń tiykarǵı máresim talapları, huqıqıy hám ádep-ikramlılıq qaǵıydaları, ásirese táhiret, namaz, zákat, rwza, haj, qurbanlıq, shańaraq neke menen baylanıslı bolǵan máseleler, huqıqıy qaǵıydalardı orınlamaǵanı ushın jaza sharaları belgilengen. «Hidoya» da múlkiy hám finanslıq qatnasıqlarǵa, jınayat hám jaza, puqaralıq huqıqları, sud hám processual' máseleler keń orın alǵan. Jáne onda urıslar, olja alıw hám onı bólistiriw, turmıs hám xızmettegi qadaǵalawlar, huqıqıy jol-jobalar berilgen.

«Hidoya» kitabı jámiyettanıw, huqıqtanıw, tariyxtanıw, shıǵıstanıw, dintanıw hámde ana Watan tariyxı hám shariyat penen shuǵıllanıwshı barlıq oqıwshılar ushın biybaha qollanba. Sol sebepten de Burxoniddin Marǵinoniydiń bul shıǵarması bir qansha tillerge awdarılǵan. Sonıń ishinde «Hidoya» xanafiyler aǵımı tarqalǵan bir qatar arab ellerinde, Afrikanıń ayırım mámleketlerinde, Túrkiya, Hindstan, Pakistan, Bangladesh, Afǵanıstan, Qıtay musılmanları arasında keń taralǵan. Bul shıǵarma Oraylıq Aziya, Kavkaz, Rossiya musılmanları arasında da keń taralǵan hám islam medreselerinde fikh ilimi boyınsha tiykarǵı oqıw qollanbası bolıp kelgen. Biraq ullı

watanlasımız Burhoniddin Marǵinoniydiń ózi de, onıń pútkil dún'ya tán alǵan «Hidoya» shıǵarması da óz ana jurtında múnásip qádir-qımbatqa iye bolǵan ornın usı waqıtqa shekem tapqan joq.

## Qadaǵalaw sorawlar, tapsırmalar hám óz betinshe jumıs boyınsha kórsetpeler

Tapsırmalar:

### "Blic-soraw" metodı

**"Blic-soraw" (inglizshe "blic" – tez, bir demde) metodı berilgen sorawlarǵa qısqa, anıq hám tez juwap beriwdi talap etetuǵın metod. Bul metodqa muwapıq studentlerge 10 blic soraw beriledi. Berilgen sorawlarǵa juwaplardı studentler individual tárizde beredi.**

1. «Xas Xajip» ataǵınıń mánisi ne? ("bas wázir" yamasa "ullı máslahachı").
2. «Kutadǵu bilig» dástanı qansha báyiten turadı? (5620)
3. «Kutadǵu bilig» dástanın nemis tiline awdarmalaǵan alım? (Venger alımı Germani Vamberi)
4. "Kutadǵu bilig» dástanınıń tiykarǵı aytar oyı? (adamnıń kámillike erisiwi, sol arqalı mámleket hám jámiyetti bekkem, kushli etiw )
5. Dástannıń baslı ideyası neshe principke tiykarlanadı? (4)
6. Avtor ádilliktiń simvolı etip kimdi kórsetedi? (Kúntuwdı pacha)
7. Baxıt-dáwlet máselesi kimniń obrazı arqalı jırǵa qosılǵan? (pachanıń wáziri Aytoldı obrazı )
8. Dastan qanday tillerge audarmalanǵan? Ózbek, orıs, nemis, qazaq, uyǵır
9. Yusup Has Hajib ákesi qanday adam bolǵan? ( shayır, ónerment insan bolǵan. Qaraxaniyler mámleketiniń paytaxtı bolǵan Balasaǵun qalasında xan sarayında qosıq aytqan)

Yusup Has Hajib qanday ilim tarawlarına úlesin qosqan? Faylasufi (filosofiya), riyoziyot (matematika), tibbiy (medicina), felekiyat (astronomiya), nujum (astrologiya), ádebiyattanıw, til bilimi, t. b. Ilim tarawlarınıń rawajlanıwı zor úlesin qosqan).

## Toparlar dúziw, tema tańlaw  hám talqilaw

Talabalar toparlarǵa bólinedi, yaǵnıy, «Ádalat», «Baxıt», «Aqıl» "Qánaat" toparlarına bólinip islewleri kerek. Durıs juwapları ushın xoshamet hám járiyma kartochkaların jıynap baradı.

Hár bir toparǵa Yusup Has Hajib ómiri hám dóretiwshiligi boyınsha  berilgen tapsırmalar boyınsha tayarlap kelgen jumısları tıńlanadı. (bul tapsırmalar usı tema boyınsha lekciya  sabaǵında  aldın ala beriledi)

### Toparlarǵa tapsirmalar

| «Ádalat» toparı | «Baxıt» toparı | «Aqıl» toparı | "Qánaat» toparı |
|---|---|---|---|
| Yusup Xas Xajibtiń ómiri boyınsha maǵlıwmatlar | «Kutadǵu bilik» dástanınıń jazılıwı tariyxı | «Kutadǵu bilik» dástanınıń ózbek tilindegi variantı | «Kutadǵu bilik» dástanınıń bas ideyası |

## “Yusup Has Hajib dóretiwshiligi” klasteri boyınsha islew



## Kontseptual keste

| *Nusqaları* | Atalıwı | Qashan tabılǵan | Kim tárepinen tabıladı | Qay jerde saqlanadı | Kim tárepinen izertlengen |
|---|---|---|---|---|---|
| ***Birinshi nusqası*** | | | | | |
| ***Ekinshi nusqası*** | | | | | |
| ***Úshinshi nusqası*** | | | | | |

### Bekkemlew ushın sorawlar

1. Abu Bakir Narshaxiy hám Abul Hasan Bayhaqiydiń kózqarasların salıstırıń?

2. **Abu Nasr Al-Utbiydiń** Tarix al-yaminiy shıǵarmasın analizleń?

3. **Abulqasım Ferdawsiydiń** «Shaxnama» shıǵarmasınıń tariyxıy hám filosofiyalıq tiykarların analizleń?

4. **Maxmud Qashqariydiń shıǵarmalarınıń etikalıq hám filosofiyalıq tiykarların analizleń?**

5. Axmed Yugnakiydiń qosıq usılında jazılǵan «Xibatul-haqoyiq» shıǵarmasınıń filosofiyalıq áhmiyeti?

6. **Abulqasım Maxmud az-Zamahshariydiń islam filosofiyasına qosqan úlesi?**

7. IX-XII ásirlerde Mawerennaxr hám Xorezmde islam-huqıqı-shariyatınıń rawajlanıwınıń tariyxıy filosfiyalıq tiykarların qarap shıǵıń?

# III.BAP. ISLAM MÁDENIYATİ FILOSOFIYASİ. SUFIZM FILOSOFIYASİ.

Usı bapta sóz etiletuǵın, IX-XII ásirlerde Oraylıq Aziya aymaǵında dún'yalıq ilim hám mádeniyat penen bir qatarda islam mádeniyatı filosofiyası da rawajlandı. Jámiyette jergilikli dinler, zoorastrizm, buddizm hám basqa dinler qısıp shıǵarıldı. Arab tili hám arab jazıwı mámleketlik áhmiyetke iye bolǵan til hám jazıw dárejesine kóterildi. Adamlar, orınlar atamaları, sáneler, ólshew birlikleri arabshaǵa ózgerttirildi. Hátte ana jerimiz Mawerennaxr (eki dár'ya aralıǵındaǵı jer) atamasın aldı. Islam ideologiyası samaniyler, qaraxaniyler, ǵaznaviyler, seljukiyler hám xorezmshaxlar húkimdarlarınıń ishki hám sırtqı siyasatta júrgizgen siyasatında bas ideyalıq kúsh bolıp xızmet qıldı. Olar ózleriniń barlıq xızmetlerin Muxammed alayhissalam hám Quday tala jolına sadıqlıq bayraǵı astında ámelge asırar edi. Jámiyet aǵzaları ortasında Islam dinine, Quranı kárimge mútájlik kúsheydi. Biraq hámme Quranı kárimdi oqıy almas edi. Bul qurannıń mazmunın táriyplew hám sholıw jasawǵa talaptı kúsheytti. Nátiyjede úlkemizde Quranı kárimge sholıw jasawshı hám onıń mazmunın talqılawshı shıǵarmalar jazǵan ullı islamtanıwshı ulamalar jetisip shıqtı. Imam Abu Mansur Maturidiy, Imam Abu Lays ibn Muxammad Samarqandiy, Imam Zamaxshariy, Imam Nasafiyler solar qatarınan.

Islam mádeniyatınıń Quranı kárimnen keyin ekinshi orında turatuǵın bahalı dereklerinen biri-Hádisler, yaǵnıy Muxammed alayhissalamnıń diniy hám ádep-ikramlılıq kórsetpeleri, hikmetli sózlerinen ibarat. Sebebi Payǵambar Muhammed alayhissalamnıń ózleri de bul haqqında bılay degen: «Ey, úmmetlerim! Men sizler ushın Quranı kárim menen ózimniń súnnetim-jol-jorıqlarımdı qaldırdım. Siz bul ekewin qattı uslap, olarǵa ámel qılsańız, tuwrı joldan hesh adaspaysız»[1] Hádisler Rasullah tiri waqtında tiykarınan yadta saqlaǵan, onı kitap halında jámlep dúziwge ruxsat bermegen. Onıń tiykarǵı sebebi hádislerdiń Quranı kárim ayatları menen qosılıp, aralasıp ketiwdiń aldın alıwdan ibarat edi. Muxammed alayhissalam hádisleri insan ómirinde, olardıń turmıs tárizinde úlken

[1] Уватов У. Доналардан собақлар. Т., 1992 6-бет.

áhmiyetke iye ekenligine de dıqqattı qaratqan. Úsh túrli tarawdağı hádisler haqqında pikir júritedi: bul «Musnad», «Sahiyh» hám «Sunnan». 1. «Musnad» tarawındağı toplamlarda túrli temalardağı hádisler bir jerde keltirilip, olar hádis ráwiyat qılıwshı saqabalardıń islam dinin qabıl alğan waqtına qaray yamasa álipbe tártibinde jaylastırıladı. 2. «Sahiyh» tarawındağı hádisler toplamına ullı watanlasımız imam-Buxariy tiykar salğan. Bul tarawda táriyp etilgen toplamlarğa tek ğana tuwrı, isenimli hádisler kirgizilgen. 3. «Sunnan» tarawındağı toplamlarda isenimli hádisler menen bir qatarda «ázzi» hádisler de keltirilgen. Hádislerdiń rawajlanıwında IX ásir altın dáwir esaplanadı. Bunıń sebebi pútkil Islam dún'yasında eń ataqlı dep tán alınğan altı insan usı ásirde jasap dóretiwshilik qılğan. Olar Abu Abdullah Muxammed ibn Ismail al-Buxariy, Imam Muslim ibn al-Xajjoj, Abu Isa Muxammed ibn Isa at-Termiziy, Imam Abu Dovud Sulayman Sijistoniy, Imam Axmad An-Nasoiy, Imam Abu Abdulla Muxammad ibn Yazit ibn Mojta.

## 3.1.Muxammed ibn Ismail al Buxariy, Abu Isa Muxammed At-Termiziy, Abu Xamid Ǵazzaliy, Yusuf Xamadaniy.

### Muxammed ibn Ismail al Buxariy. (810-870)

Ullı hádisshiler arasında Imam Abu Abdullax Muxammed ibn Ismail al Buxariy birinshi orında turadı desek qátelespeymiz. Sebebi Imam Buxariyğa deyin ótken hádisshiler payğambar alayxissalam hádislerin haqıyqıy yamasa shubhalı bolıwına itibar bermey kitaplarğa kirgize bergen. Tuwrı, Muxammed alayxissalam tiri waqıtlarında hádislerdi jazıp alğan. Solardan Ali ibn Abu Talib, Abdullax ibn Amir ibn Anas hám basqa sahabalar biraq, jıllar óte berip milliy-siyasiy güresler kúsheygen, dinge paydası tiyer degen maqsette ayırımlar payğambarımız atınan hádisler toqığan. Fikh hám ilim tarawındağı qarama-qarsılıqlar, ámir



Muxammed ibn Ismail al Buxariy (810-870)

hám hákimlerge jaǵımpazlıq etiwshilik aqıbetinde kóplep isenimsiz hádisler de payda bolǵan.[1]

«Mennen ráwayat qılınǵan birde bir hádisti esitkenlerińizde kewillerińizge tanıs, denelerińizge tásir qılatuǵın hám aqıllarıńızǵa sıyatuǵın bolsa, demek ol meniń aytqan hádisim. Biraq esitken hádislerińiz bunıń kerisindey túyilse, ol meniń hádisim emesdur», dep tastıyıqlaǵan alayxissalam.

Imam Buxariydiń tuwılǵan jılları, hápte, kúni de anıq hijriy sáneniń 194- jılı, shavval ayınıń 13-kúni, yaǵnıy melodiy 810-jıl, 20-iyul'. Imam Buxara sháhárinde tuwılǵan, ákesi Imam Ismail sawatlı bolǵanlıqtan bul sáneni jazıp qaldırǵan.

Imam Buxariy birinshi bolıp hádisler saxixin ǵayrı saxixtan ayırǵan. Bul awır miynet, úlken bilim, tınımsız izleniwdi talap qılatuǵın shınıǵıw.

Imam Buxariy on altı jasında anası hám ákesi menen birge hajǵa barıp, tórt jıl Mekkede jasaǵan. Ol Sham (Damask), Koxira, Basra, Kufa, Baǵdad, Mervte bolıp bilim alǵan, hádis toplaǵan.

Imam Buxariy payǵambar alayxissalamnıń 690 mıń hádislerin jámlep, solardan 300 mıńın yadlaǵan. Óziniń tórt tomnan ibarat «Al Jomi' as-saxix» (bul shıǵarma «Saxixi Buxariy» ataması menen de belgili), yaǵnıy «Isenimli toplam» atlı kitabına 7275 hádisti saxix dep dáliyller tiykarında sıpatlap kirgizgen.

Alımlardıń tastıyıqlawınsha, «Al jomi' as-saxix» da fikh, islamiy máresimler, ádep-ikramlılıq, tálim-tárbiya haqqında, sonday-aq sol dáwir tariyxı hám geografiyasına tiyisli maǵlıwmatlar kirgizilgen.

Imam Buxariy saqıylıq, mehribanlıqta da teńsiz bolǵan eken. Bul nárse «Al adab al-Mufrad», «Kitob asmo'is-saxoba», «Kitob bad' il-maqluqat», «Kitob birr il-volidayn», «Tarixi Táuxaro», «Al Jomi' al-Kabir», «Kitob ul-vijdon», «Kitob ul-musnad al-kabir», «Assolmi as-sahoba» (Sohibqirannıń atları), «Kitob al-Hiaa» (Qalıs sawǵa kitabı), «Kitob-al al-Ilal» (Illetli hádisler kitabı), «Sunnan al- fuqaho» (Pikirlerdiń húkimleri), «Qazoyo as-sahobati va-t tobe'iyn» (Sahaba ham tobe'eyinlerdiń qazılıq húkimleri), «Xalqu af'alul-ibodi») hám basqa onlap shıǵarmalardıń avtorı esaplanadı.[2]

[1] Бухарий, Садриддин Салим. Табаррук зиёратгоҳлар. Т., 1993, 4-бет.
[2] Бухарий, Садриддин Салим. Табаррук зиёратгоҳлар. Т., 1993 5-бет.

Ómiri dawamında jazıp alǵan hám yad bolǵan 600 000 hádisten eń isenimli sahihlardan 7275 sin ajıratıp, «Al-jome' as-Sahih kitabına kirgizilgen». Bul onıń guwalıq beriwinshe, 100 000 hádisin yad bilgen. Usı belgili toplamda rassulullaxtıń hádisi atları «Iymon», «Tahorat», «Namaz», «Zakat», «Ishimlikler», «Vakalat kitabı», «Wásiyat kitabı», «Haj», «Neke», «Talaq», «Sawda satlıq kitabı», «Hadiyalar», «Gúwalar kitabı», «Sluh kitabı», «Wásiyatnama kitabı», «Dáslepki jaratıw» (Álemniń payda bolıwı), (Jihat), «Maloiklar haqida» sıyaqlı 100 bapqa bólingen[1]. Bunda tiykarınan hár bir bapta temaǵa tiykarlanǵan hádisler rubayılar keltirilgen. «Al' jome' as-sahih sonday bir úlken ruwxıy ǵáziyne, onda keltirilgen sahih hádisler Quraniy kárim hayatlarınan keyin óz dáwirinde hám sonday-aq keyingi dáwirde islam shariyatı, kalom hám fiqh ilimlerinde sháriy húkimlerge tiykarlanǵan bolıp xızmet etken. «Al-jome' as-sahih» toplamındaǵı ayırım hádisler tábiyat ilimlerine baǵdarlanǵan. Mısalı, «Suw haqqındaǵı hikmetler» kitabında barlıq ósimlikler hám tirishilikler suwdan payda bolǵanǵanlıǵı haqqında qudisiy hádis keltirilgen.

«Al-adab al- mufrad» shıǵarmasında Buxariy adamnıń ádep ikramlıǵı, ruwxıy kamalatqa baylanıslı hádislerdi túrli temalar boyınsha klassifikaciya etken hám kerekli anıqlamalar bergen. Bul shıǵarmada 1322 i hádis hám xabarlar 644 bapta jámlestirilgen.

Imam Buxariy Buxaraǵa qaytıp kelgennen soң qızǵanshaq, bilimi tómen alımlar bul kisini ámirge jamanlaydı. Xolid ibn Axmad az-Zuxayli isimli adam ámir bolǵan eken. Ámir Imamdı sarayǵa shaqırıp, bizge hám shaxzadalarǵa sabaq beriń, deydi. Imam qarsılıq bildirip: «Ilim, sarayǵa shaxlar qasına barmaydı. Eger ámirge ilim kerek bolsa, Alla taalanıń úyi-meshitke kelsin hám sol jerde tálim alsın» deydi. Nátiyjede ámir Imam Buxariydi Buxaradan quwıp jiberedi. Imam Samarqandqa barıp, Payarıq rayonında bir neshshe waqıtlar turadı hám sol jerde 872-jılı 1-sentyabr'de qaytıs boladı.

Hádisler tásirinde Batıs, Shıǵıs avtorları kóplep shıǵarmalar jazǵan. Abduraxman Jamiy, Alisher Nawayınıń «qırıq hádisleri» buǵan mısal bola aladı. Shıǵıs ulamaları Jalaladdin Rumiy, Sa'diy, Xoja Xafiz, Lutfiy ǵázellerinde, ullı nemec shayırı Geteniń Batıs

---

[1] Фалсафа қомусий луғат,. Т:., 2004, 66 бет.

Shıǵıs diywanındaǵı qosıqlarda ayat hádislerdiń tásirin kóriw múmkin.



Abu Isa Muxammed At-Termiziy (824-894)

## Abu Isa Muxammed At-Termiziy (824-894)

Islam dún'yasında ataqlı alımlardan biri Muxammed ibn Isa ibn Savra ibn Mussa ibn az-Zahhon Abu Isa as-Sullamiy az-Zariyr al-Buǵiy At-Termiziy esaplanadı. Ol Termiz qalası janındaǵı Buǵ (házirgi Surxandár'ya wálayatınıń Sherabad rayonı) awılında 824-jılı tuwılǵan. Jaslıǵınan ilimge qızıqqan at-Termiziy Termiz, Samarqand, Merv hám Oraylıq Aziyanıń basqa sháhárlerinde jasap, dóretiwshilik penen shuǵıllanǵan, muqaddes alımlardıń shıǵarmaların zor qızıǵıwshılıq hám háwes penen úyrenedi, ullı hádisshi ulamalar menen dóretiwshilik tartısıwlarda qatnasadı. Ásirese, bul tarawda alımnıń Xijaz, Mekke hám Madina, Irak, Xorasanǵa saparları úlken áhmiyetke iye boldı. At-Termiziydiń alım sıpatında jetilisiwinde Ismail Buxariydiń ornı biybaha. Al-Buxariy at-Termiziydiń bilimi hám qábiletin joqarı bahalaǵan. «Men sennen kórgen payda, sen mennen kórgen paydadan artıqdur»[1]dep aytadı Ismail Buxariy. At-Termiziyde óz ustazı Imam Buxariyge sadıqlıq úlgisin kórsetken. Bul haqqında arab tariyxshısı Shamsuddin az-Zahabiy (1274-1347) óziniń «Tazkirat ul-xuffoz» («hofizlar haqida tazkira») shıǵarmasında tómendegi gúwalıqtı beredi: «At-Termiziy óz ustazınıń ólimi sebepli qattı qayǵı uwayımǵa batıp, kóp jılaǵanınan hátte kózleri soqır bolıp qaldı, uzaq jıllar kózi ázzi sıpatında jasadı».

At-Termiziy júdá kóplep shákirtlerine mehir kórsetip ustazlıq qılǵan. Ol ótkir zeyin iyesi, yadlaw qábileti kúshli bir adam bolǵan. Arab tariyxshısı Shamsuddin az-Zahabiy bir ráwayattı hikaya qıladı: «Muxammed at-Termiziy Mekkege hajǵa ketip baratırıp, jol jónekey ataqlı alımlar menen ushırasqan. Kúnlerdiń birinde sonday ataqlı alımlardıń birinen hádislerden sabaq beriwdi iltimas qılıptı. Alım

[1] Уватов У. Доналардан собақлар. Т., 1992, 9-бет

oǵan qaǵaz-qálem alıwdı aytıptı. Kerisinshe sol payıt at-Termiziy qálem taba almaptı hám sol ataqlı alım aldında otırıp alıp, esitken hádislerin jazıp alıp atırǵan adamday qolın aq qaǵaz ústinde ol jaqtan bul jaqqa alıp barıp kele beripti. Alpısqa jaqın hádislerdi hikaya qılǵan alım qaǵazda hesh nárse jazılmaǵanın kóripti hám renjip: «Ne, sen meniń waqtımdı biykarǵa joq qılmaqshımısań depti. Sonda at_Termiziy: «Siz aytqan hádislerdi yadtan aytıp bereyinbe» depti de, alım awzınan házir ǵana esitken barlıq hádislerdi birme-bir yadtan aytıp beripti.

Ullı alım at-Termiziyden úlken ilimiy miyras qalǵan. Alımnıń onnan aslam shıǵarması bar: «Al jomi' as-sahiyh» («isenimli toplam»), «Ash-Shamoil an-Nabaviya» («Payǵambardıń ayırım páziyletleri») hám basqalar, solar qatarına kiredi. Imam at-Termiziy 894-jılı 70 jasında Termizde qaytıs bolǵan.

At-Termiziy dóretiwshiliginde «Al-Jomi' as-sahiyh» ayrıqsha orındı iyeleydi. Onda táháret hám namaz, zákat, oraza, haj, janaza, neke, sawda-satıq, húkimler, qun, qurbanlıq, iyman, kiyim-kenshek, awqatlar, ishimlikler, qayır-saqawatlılıq, táwipshilik, parızlar, boljawlar, jánnet sıpatları, iyman, ilim hám ádep máseleleri, quran páziyletleri, qiráát, illetler usaǵan baplar bolıp, alım bir yaki bir neshshe hádislerdi hár bir másele boyınsha keltirip, máseleniń áhmiyetin ashıp kórsetedi hám óz pikirin bayan etedi. At-Termiziydiń jáne bir itibarlı shıǵarması bul «Ash-Shamoiyl an-nabaviya». Bul shıǵarma júdá bir áhmiyetli tema-payǵambar Muxammed alayhissalamnıń jeke ómiri, páziyletlerine tiyisli tórt júz segiz hádisti ózinde jámlegen qımbatlı derek. At-Termiziyge shekem de Muxammed alayhissalamnıń ómiri, páziyletleri, ádetleri haqqındaǵı hádislerdi toplaǵan alımlar bolǵan. Aldındaǵı waqıtları bul túrdegi shıǵarmalardan at-Termiziydiń kitabı sonısı menen parıq qıladı, ol imkanı bolǵansha payǵambar alayhissalam páziyletlerine tiyisli barlıq páziyletlerdi toplap, logikalıq izbe-izlikte tártipke keltirgen hám ózine tán ǵárezsiz bir kitap túrinde shıǵarǵan. Ullı alım, hádis iliminiń bilimdanlarınıń biri bolǵan imam at-Termiziy óz ilimiy miyrası menen bunnan keyin de xalqımızdıń ruwxıylıǵın bayıtıw jolında xızmet qıla beredi. Ózbekstan xalqı 1990-jılı 14-17-sentyabr' aralıǵında Muxammed ibn Mussa at-Termiziy tuwılǵanına

1200 jıl tolǵanın saltanatlı bayramladı. Bul alımnıń atı hám ruwxın máńgilestiriw barısındaǵı Ózbekstannıń dáslepki qádemi esaplanadı.

## 3.2. Xoja Abdulholiq Ǵijduvoniy , Xoja Axmed Yassaviy, Najmiddin Qubra

### Sufizm filosofiyası.

Sufizm - Shıǵıs xalıqlarınıń ruwxıy turmısındaǵı eń quramalı hám áhmiyetli qubılıslardıń biri. Ol ushın asketizmge shaqırıq, baylıqtan, dún'yanıń iygiliklerinen (mirskix blag) bas tartıwǵa shaqırıw alıp qaralǵan.

Demek, IX-XII ásirlerde Oraylıq Aziya mámleketlerinde tasavvuf-sufizm táliymatı rawajlandı. Sufiylik islamdaǵı diniy filosofiyalıq aǵım esaplanadı.

Rus alımları I. M. Petrushevskiydiń tastıyıqlawınsha, anglichan shıǵıstanıwshısı R. Nikolson XI ásirge shekem bolǵan dereklerde «sufizm» túsiniginiń jetpis segiz mánidegi talqıların anıqlaǵan eken. Nasafiydiń «Xoja Axmed Yassawiy miynetinde de islam dininde «Sufiylik aǵımı, dárwishler, payǵambar zamanında-aq payda bolǵan»[1], delinedi.» Abulhakim Shar'iy Juzjoniy «Sufizm táliymatınıń tamırları» («Mulaqat» jurnalı, 1995, №1-2) maqalasında sufizm sózi «…swf», yaǵnıy kiyimdi kiymek, swfiy bolmaq hám sonday-aq haq jolınan júrmekshi bolmaq hám dárwishler tariqası mánilerinde qollanıladı.

Sufizm aǵımınıń tiykarı jalǵız Haqıyqat-Alla tala bolıwı kerek. Sol sebepten sufiyler shariyat qaǵıydaların úyrenip, bilim hám haqıyqatqa, haqqa jetiwge umtılǵan.

Sufizmniń rawajlanıwında taqvoǵa úlken itibar berilgen. Zuhd hám taqvo ishki dún'yaңdı pániy dún'ya gúnalarınan, dámegóylikten tazalaw hám Quday buyırǵanına ámel qılıp, Quday biykar etken islerden saqlanıw demekdur. Sufiyler pikirinshe, ilahiy ıshq hár qanday máplerden tısqarıda bolıwı zárúr. Sufizm táliymatına kóre, barlıqtaǵı hámme jániwarlarda, sonıń ishinde adamzatta da ilahiy zatlar bar, sufiydiń maqseti kewildegi ilahiy zatlardı uzaq hám mashaqatlı pákleniw jolınan barıp, jáne Allaǵa qaytıwdan ibarat.

[1] Насафий. Хожа Ахмад Яссавий. Т., 1993 5-бет

Ayırım sufizm wákilleri haq taalaǵa jetisiw jolında 19 maqam hám 360 mánziller barlıǵın aytqan. Sultanmurad alımnıń tómendegi pikirleri dıqqatqa ılayıq: «Din Quranı kárimniń materiallıq mánisleri, yaǵnıy kópshilikke túsinikli mánisleri sheńberinde ámel qıladı. Sufizm Quranı kárimniń ruwxıy mánileri, yaǵnıy tek ǵana ayırım adamlar ǵana túsiniw nesip etetuǵın ishki názik mánileri menen is tutadı. Biraq sufiylıq jolın tutıw ushın áweli kámil musılman bolıw, shariyattıń barlıq shártlerin orınlawı shárt.»[1]

Sufizmde kámil insandı ruwxıy qáliplestiriw, kámalatqa jetkeriw teoriyası bas másele esaplanadı. Bul teoriyaǵa kóre: «Insandı Quday ózine uqsatıp jaratqan eken, Qudaydıń bul dún'yanı payda etiwden gózlengen bas maqseti de, tiykarınan insan ekenbe, demek insan Qudaydıń bul múriwbetine shúkirler aytıp, ózin birotala Qudayǵa baǵıshlap, bunıń ushın bolsa onıń oǵan ılayıq dárejede páklewi-kámalaǵa jetkeriwi kerek. Áne usınday ózin joqarı maqsetke arnaǵan, denesin umıtıp, ruwxın Qudayǵa jeter dárejede óstirgen jeterli dárejede páklegen insanlar kámil bolǵan. Sufizm táliymatına kóre, kámil insanlar Táńri menen birlesip ketedi.»[2]

**Abu Xamid Ǵazzaliy** (1058-1111)



Abu Xamid Ǵazzaliy (1058-1111)

Abu Xamid Ǵazzaliy Xorasanda Tus qalasında tuwıldı Bilim alıw ushın Nishapurǵa atlanadı. Ol filosof dinshil hám fakixshı (huqıq bilimpazı bolǵan). 1085 – jılı Nizam al'- Mulk atlı seljukiyler wáziri xızmetinde boladı, tórt jıl islep , sońınan inisi Axmadqa medreseni tapsıradı hám ózi birotala ilim menen shuǵıllanadı. Sayaxatta boladı, Mekke, Damask, Ierusalim, Aleksandriyaǵa baradı iri alımlar menen ushırasadı, kitapxanalarda jumıs isleydi. Bul jılları ol ushın naǵız ilimiy izlenis jılları boldı. «Men bárin kórdim, awıtqıwlar, gúmanlanıwlar, biykarlawlar, isenimnen ayırılıwlar, shınlıqtı sufizmnen taptım» dep jazadı. Ǵazzaliy aldında turǵan tiykarǵı mashqala ilim menen birinshi

[1] Султанмурод Олим. «Буюк Нақшбандия». Кеча, бугун, эртага. «Фан ва турмуш.», 1993, №5-6, 14-бет.
[2]Бул да сонда, 15-бет.

gezekte grek iliminiń musılmansha rawajlanıwı menen din arasındaǵı qarama-qarsılıqtı saplastırıw. Bunı Ǵazzaliydiń pikirinshe, sufizmniń bazasında ǵana ámelge asırılıwı múmkin. Ol Tusqa qaytıp keledi hám miynetler jazadı. 1111-jılı dekabr'de Tarabanǵa jaqın jerde qaytıs boldı. Ǵazzaliydiń miynetleri filosofiya,etika, din hám sufizm boyınsha jazılǵan. Tiykarǵıları: «Diniy ilimlerdiń janlanıwı», «Filosoflardı biykarlaw», «Baxıttıń filosofiyalıq tası» h.t.b. Ǵazzaliy Farabiy hám Ibn Sinonıń shıǵarmaların jaqsı bilgen. Ol óziniń «Makosidul' falsafa» (filosoflardıń maqseti) olardıń kóz-qarasın bayanladı. Farabiy hám Ibn Sinonıń filosofiyalıq sistemaları Islamdı bekkemlewge uqıpsız ekenligin aytıp, olarǵa qarsı shıqtı. Ǵazzaliydiń bas miyneti – onıń tórt tomlıq «Ixa ulum ad-din», (Diniy ilimlerdiń janlanıwı) atlı miyneti. Kitaptı Kindi júdá áhmiyetli dep esapladı hám onıń arabsha nusqası menen bir waqıtta parsı tilindegi qısqarǵan variantın hám «Kim'en sa'odat» (Baxıttıń filosofiyalıq tası) degen at penen jazıp shıqtı. Bul miynet «Chaxar kitap» (tórt kitap)atına da iye. Bul kitaptıń keń tarqalǵanlıǵı sonshelli, belgili islamdı izertlewshi Gol'dcier «eger Muxammedten keyin payǵambar bolatuǵın bolsa, ol álbette Ǵazzaliy bolar edi» degen edi.

Ǵazzaliy ulıwma dinge iseniwdiń sırtqı rásmiy kórinisiniń sıyqaqlıǵın hám dinge iseniwshilerdiń barlıq minnetlerin tek dástúrlerdi mexanikalıq orınlawǵa baǵdarlanatuǵınlıǵın hám onda sezimge derlik orın joqlıǵın moyınlaydı. Ekinshi jaǵınan qaraǵanda ol, Ǵazzaliydiń pikirinshe, sezimler úlken rol' oynaytuǵın sufizm óziniń táliymatlarında hámme waqıt belgili ólshemge iye bola bermeydi, geyde islam menen júdá kolliziyaǵa kelip qaladı.

Dindi janlandırıwdıń múmkinshiligin ol geybir mistikalıq elementlerdi, sufizmnen alınǵan sezim, muhabbattı dinge kirgizip oǵan qatıp qalǵan formalar menen ajıralıwda kóredi. Olar bul eksperimentti ámelge asıradı.. Ekinshi tárepten, ol sufizmniń barlıq rejelerin tekseredi. Sóytip onıń qaysısı sunna menen sáykesligin, sáykes emesligin ashıp, tutas ólpeń sufiylik sistemanı quradı. Bunda elementler proporcionallıqqa iye, estetikalıq tárepleri minimumǵa jetkizilgen hám bas dıqqat sırtqı dástúrlik tárepine bólingen. Sóytip ruwxanıylardıń joqarı qatlamı ushın qolaylı sufizm payda bolıp, kúsheyip, sheyxlardıń tásir etiw sferası tarıladı. Musılman dini

tariyxında Ǵazzaliy islamnıń teoriyalıq dogmaların jańalawshı, onıń diniy filosofiyası – kalamnıń tiykarǵı sistemalastırıwshısı sıpatında belgili. Bul xızmetleri ushın oǵan «ullı imam», islam dininiń qorǵawshısı ataǵı berilgen. Ǵazzaliy filosofiyalıq hám diniy táliymatlardıń barlıq wákillerin tórt kategoriyaǵa bóledi,

1. Mutakallimler, 2. Batishitler, 3. Filosoflar,. 4. Sufiyler[1].

«Filosoflardı biykarlaw» shıǵarması Aristotel'ge qarsı qaratılıw menen birge, onıń izbasarları Farabiy hám Ibn Sino sıyaqlı Shıǵıs peripateklerine hám qarsı qoyıldı. Ǵazzaliy olardıń qátelerin hám adasıwların jigirma principke alıp keledi. Onıń pikirinshe, bulardıń úshewi qarama-qarsılıqlı, on jetisi eriklikke iye.

Ǵazzaliy din hám filosofiyalıq kóz-qarasları filosofiya hám teologiya ilimlerin tereń izertlew filosofiyanıń tiykarın anıqlawǵa múmkinshilik bergeni túsinikli. Al' Ǵazzaliy óz dáwiriniń teosofiyası, filosofiyası hám basqa gumanitarlıq ilimlerdi tereń meńgergen.

Ǵazzaliy áyyemgi Shıǵıs Greciya xalqınıń filosofiyalıq hám sociallıq oyların tereń izertlewde keń bilim alǵan. Onıń hikmetlerinde úzliksiz logikalıq pikirlewge háreket etti. Hár qanday táliymattı biykar etiwden aldın, Ǵazzaliy oǵan hesh qanday kommentariy hám kiritikasız járiyaladı, keyin qattı sınǵa aldı hám keyin onı ılayıq emes dep járiyaladı. Usılayınsha mutakallimler, batitshiler, ismailitler keldi[2]

Ol tereń hár tárepleme onı ózlestiriwge deyin hár qanday táliymattı biykar etiw múmkin emes, onıń aqıl eriklilik hám onıń mánisin túsiniwden aldın táliymattı biykarlaw, Ǵazzaliy, bul haqıyqıy otqa uqsaydı dep jazǵan.[3]

Alisher Nawayı «Nasoyimul--muhabbat» da jazıwınsha Ǵazzaliydiń «Javohirul-Qur'on» hám «Mushkat-ul-anvor» shıǵarmaları ataqlı áwliyeler,swfiylerdiń xonaqahlarında tiykarǵı sabaq kitaplarınan esaplanǵan.

Ǵazzaliydiń dún'ya filosofiyasınıń rawajlanıwına tereń tásir kórsetken Tahofutul-falosifa» (Filosoflarǵaradiya) shıǵarması ásirler dawamında Shıǵıs hám Batıs filosofları hám ilaxiyatshıları

---

[1]Hhttps://www/wikiwan/com/kk./ Әбу _ Хамид_әл-Ғаззали.

[2]http:docplayer.ru/55076193-Al-gazali-reiigiozno-filosofskie-vzgilyady-1.html

[3] Гегель Г.Ф. В. Соч. Т.11: Лекции по истории философии. М.:1935, интернет материаллары.

FomaAkvinskiy, F. Petrrarka, ReneDekart, Gegel’ hám basqalardıń filosofiyalıq kóz-qaraslarına tereń tásir kórsetedi.

## Yusuf Xamadaniy (1049-1140)

Yusuf Xamadaniy Xamadan (Iran) sháhárinde 1049-jılı tuwılǵan. Dáslepki bilimdi ol Baǵdadta aladı. Jaslıǵınan sufizmge tiyisli filosofiyalıq bilimlerge qızıǵadı. Hindstan hám Irandaǵı bul tarawǵa tiyisli bilimlerdi iyeleydi. Yusuf Xamadaniydiń birinshi ustazı shayx Abu Ali Farmadiy bolǵan. Ol Imam Ǵazzaliydi tárbiyalap jetkergen ullı ustaz.

Yusuf Xamadaniy Mawerennaxrǵa kelip Samarqandta, Buxara hám Merv sháhárlerinde óz táliymatın dawam ettiredi. Ol tiykarınan Buxara sháhárinde Xanaka qurıp, Xorasan hám Mawerennaxrdan bul jerge ilim izlep kelgen kóplegen jaslarǵa sufizmnen sabaqlar beredi.



Yusuf Xamadaniy (1049-1140)

«Rashaxot ayn ul-hayot» shıǵarmasında jazılıwınsha, hijriy 535 (1140) jılda Yusuf Xamadaniy Xirattan Mervke kiyatırıp jolda Bomiyan (Afǵanıstan) sháhárinde qaytıs boladı. Onıń denesin shákirtlerinen biri Ibn Anjar Mervke alıp kelip jerleydi. Xorasan hám Mawerennaxr xalqı ortasında Sufizm-filosofiyalıq iliminiń rawajlanıwında Yusuf Xamadaniy sonshelli dárejede úlken húrmetke sazawar bolǵan, onıń Mervtegi qábiristanı óz zamanında «Xorasan ka’bası» dep atalǵan.

Nasafiy bergen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, Yusuf Xamadaniy 95 jıl jasap, 38 márte Mawerennaxr aymaǵınan piyada Ka’ba ziyaratına barǵan. Yusuf Xamadaniydi pir tutqan muridlardan 213 i ataqlı shayxlar bolıp jetisken (Xoja Xasan Andoqiy, Xoja Abdullax Barraqiy, Xoja Axmed Yassawiy, Xoja Abdullax Ǵijdiwaniy).

Xamadaniy tórt qaǵıydaǵa tiykarlanǵan.

– «Xush har dam», yaǵnıy tirishilik nápeste.

– «Nazar bar qadam», yaǵnıy názer qádemde.

– «Safar dar vatan», yaǵnıy hár waqıt óz kewline, diline názer salıwı, eger onda gúmanlı iz payda bolatuǵın bolsa, dárhal ózin haqqa baǵıshlaw.

– «Xilvat dar anjuman», yaǵnıy xalıq ishinde ózinde bildirmey, kóz-kóz qılmay jasaw, qol iste bolsada dil yorda (qudayda) boladı.

## Xoja Abdulholiq Ǵijduvaniy (1103-1179)

Xoja Abdulxalıq 1103-jılı Ǵijduvanda tuwılǵan hám 1179-jılı óz watanında qaytıs bolǵan. Xoja Abdulxalıq baslanǵısh tálimdi Ǵijduvanda Imam Sadriddinnen alǵan. Oqıwdı Buxarada dawam ettirip, Yusuf Xamadaniyge shákirt bolǵan. Bul dáwirde ol 22 jasta bolǵan. Ustaz hám shákirt birgelikte Baǵdad, Balx, Isfaxan, Merv, Samarqand sháhárlerine barǵan hám sufizm iliminiń sırların iyelegen.

Xoja Abdulxalıq Ǵijduvaniy Shıǵıs filosofiyası tariyxında óz ornına iye. Onıń dún’yaqarası Xojagon (Xojalar) xalqasında qáliplesken. Jazba dereklerde Xoja Abdulxalıq «Shayxushshuyuk» (Shayxlar shayxı) dárejesine shekem kóterilgenligi aytıladı. Xoja Abdulxalıq Ǵijduvaniydan «Risolayi Sohibiyya», «Risolai Shayxushshuyux Xazrati Abu Yusuf Xamadaniy», «Maqomati Xoja Yusuf Xamadaniy» usaǵan shıǵarmalar miyras bolıp qalǵan. Biraq bul shıǵarmalar usı kúnge shekem úyrenilmegen hám xalqımızdıń ruwxıy múlkine aylandırılmaǵan.

Xoja Yusuf Xamadaniy Xorasanǵa, Xoja Axmed Yassawiy Túrkistanǵa ketkennen soń barlıq xalıq Xoja Abdulxalıq Ǵijduvaniy basshılıǵında qalǵan. Onıń Mawerennaxr aymaqlarında ǵana emes, hátte Sham (Siriya), Irak walayatlarında da bolǵan. Sol shákirtleri arasında Bahawaddin Naqshband Xoja Abdulxalıq Ǵijduvaniydiń shákirti edi. Ol ustaz kórsetken kórsetpelerdi tolıǵı menen orınlap, Naqshbandiya táliymatına tiykar saldı hám onı jańa basqıshqa kóterdi.

Solay etip, Xoja Abdulxalıq Ǵijduvaniy Xojagan (Naqshbandiya) táliymatınıń tiykarǵı qaǵıydaların islep shıqkanlardan biri.

Ǵijduvaniy wásiyatnamasında Tariqat etikası haqqındaǵı usı wásiyatnamanı Xwjanı dún’yanıń háziretleri ózleriniń perzentleri Xoja kabir ushınjazǵan bolıp, ol úlken paydası menen úlken danalıǵın ózinde jámleydidep jazadı.Usıǵan baylanıslı barlıq salıqlardı muridler ámel etiwi qayırlı. Bul bir ádep ikramlıq toplamnan ibarat wásiyatnama. Barlıq salıqlar, muridler bunı qollanıwǵa arnalǵan boladı.Bul bir qansha ádep-ikram toplamınan ibarat wásiyatnamanı teberik júzesinen keltirip ótiledi.

Ol bılay dep usınıs etedi. Áy perzent! Men saǵan barlıq jaǵdaylardı ilim, ádep hám taqvoda bolıwıńdı wásiyat etemen! Ótken ulamalardıń izinen júriwiń kerek. Ahli sunnat hám jámáániń mulazımı bol! Fikh hám hádis úyreniń! Ashıwshaq swfılardan saqlanıń! Hámme waqıt namazdı jámáá menen oqıń! Biraq imam hám muazzin bola kórme! Xesh qashan belgili bolıwdı talap etpeń! Sebebi, dańqparazda apat bar! Ámelge qattı baylanıp qalma! Hámme waqıt atıń joq (gúmanlı) bolsın! Atıń kóp shıǵa bermesin! Kemtar bol! Hújjetlerge atıńdı jazdırma, qazıǵa (sud) mekemelerine barıwdan saqlan! Birewler ushın juwapker bolıp júrme! Patshalar hám olardıń perzentleri menen birge gúrrińlesiwden qash! Yamasa, men-men, hesh kimdi názer-pisent etpeytuǵın, adamdı kemsitip sóylewshi tákkabirlar menen gúrrińlespe! Az sóyle, az jep-ish hám az uyıqla! Adamlardan tap jolbarıstan qashqanıń sebeplidey qash! Hadal jeń, gúmanlı jemislerden saqlan! Ilajı barınsha oylana berme, onday jaǵdayda mal dún'ya talapshańı bolıp qalasań. Mal dún'ya talabında dindi joq etpe! Kóp kúlme! Kúlki transheyasınan uzaq bol! Kóp kúlki júrekti óltiredi. Barlıq adamlarǵa mehir-qayırqomlılıq penen qara! Hesh bir adamdı pás kórme! Sırtqı kórinisińe júdá qaray berme! Sebebi sırtqı gózzallıq botinniń joq bolıwına arnalǵan wásiyat bolıp tabıladı. Xalıq penen talasıp tartıspa! Hesh kimnen bir nárse isleme, dám etpe! Birewlerge xızmet etpe! (Hámme jumıstı óziń islewge hám orınlawǵa úyren!). Shayx hám ulamalarǵa malıń, janıń hám shın ıqlasıń menen xızmet et! Olardıń jumısların biykar etpe! Hesh kimge xesh qashan jamanlıq etpe![1].


Xoja Axmed Yassawiy

**Xoja Axmed Yassawiy (1166- jılı qaytıs bolǵan) hám Yassawiy táliymatı.**

Ullı aǵartıwshı shayır, ilimpaz, filosof, tárbiyashı, áwliye Xoja Axmed Yassawiy Sayram qalasında tuwılǵan. Ol Háziret Sultan, Kúlxoja Axmad, Miskin Axmad, Axmad ibn Ibraxim, Axmad Yassawiy lakapları menen shıǵarma jazǵan hám pútkil álemge tanılǵan. Axmed Yassawiy 130 jıl ómir kórip, 1166-jılı qaytıs bolǵan.

[1] Ҳамидуллоҳ Беруний. http://ahlisunna.uz/xojai-jahon-vasiyatnomasi/

Ol jeti jasında jetim qaladı. Ol Arıslanbaba, Yusuf Xamadaniy, Said ibn Vakkos, Shaxobiddin Isfinjobiy hám basqa ustazlardan bilim alǵan.[1]

Ustaz Shaxobiddin Isfinjobiy shákirtlerin imtixan kılmaqshı bolıptı hám hár birine bir tawıqtan berip, hesh kimniń kózi túspeytuǵın jerde soyıwdı buyırıptı. Hámme tapsırmanı orınlaptı, tek ǵana Axmed tiri tawıq alıp kelip: «Keshirersiz ustaz! Men hámme jerde Alla taalanıń názerin sezdim. Sol sebepli wazıypanı orınlay almadım», deydi. Ustaz, jas Axmedtiń wáliyligine tán berip, duwa qılıptı.

Axmed Yassawiy Túrkistanǵa qaytıp, óz táliymatı Yassawiyaǵa tiykar salǵannan keyin, din hám sufizm ideyaların taratıw ushın qosıq usılınan da paydalanǵan, yaǵnıy múridler zikir salǵan waqıtları Yassawiy jaratqan hikmetlerdi yadtan oqıǵan.

Ápsanalarǵa qaraǵanda, Sultan Axmed Yassawiy payǵambar alayhissalam jasına, yaǵnıy 63 ke kirgennen soń jer ústin tárk etip, jer astına kirgen, qaytıp shıqpaǵan. Úңgirde de óz shákirtlerine sabaq bergen hám «Devoni hikmet» shıǵarmasın dawam ettirgenligi haqqında maǵlıwmat bar. Demek, ol jer astına kirgende de dún’yanıń islerinen waz keshpegen.

Usı kóz-qarastan alıp qaraǵanımızda Tasavvuf filosofiyalıq aǵımı diniy - ruwxıy qubılıs sıpatında Axmed Yassawiydiń filosofiyalıq pikirleri, menen tıǵız baylanıslı, ekenligi kórinedi. Axmed Yassawiy XII ásirde Oraylıq Aziyanıń sufizm filosofiyasınıń eń iri wákili. Sufizmniń negizleri Yassawiydiń ataqlı «Devoni hikmet» shıǵarmasında keń bayan etilgen. Bul shıǵarma Orta ásir túrkiy xalıqlar ádebiyatınıń siyrek ushırasatuǵın estelikleriniń biri bolıp, ondaǵı shıǵarmalar Islam filosofiyası hám sufizm menen tıǵız baylanıslı. Ózi jasap turǵan dáwirdiń jámiyetlik tártiplerin, Islam dininiń nızam qaǵıydaların shariyattı, sufizm isenimi bolǵan tariqattı ruwxıy jetilisiw jolın, kámalattıń negizin bilimlendiriwde oǵan erisiwdiń jolı haqıyqatlıqtı úgit-násiyat etedi. Yassawiydiń pikirinshe: Áy dárwish,bilgil hám sergek bolǵıl, dáslep-kalimai haqıyqattı biliwi kerek. Bunda tiykarınan shariyatsız tariyqat

[1] Бухарий, Садриддин Салим. Табаррук зиёратгохлар. Т., 1993, 13-бет.

bolmaydı, tariqatsız bilimlendiriw bolmaydı bilimlendiriwsiz haqıyqatlıq bolmaydı[1],dep kórsetedi.

Bul haqqında bılay deydi:

Shariyattıń bostanında jawlan qıldım,
Haqıyqattı qanat tutıp tayron qıldım
Tariqattıń gúlzarında sayran qıldım,
Aǵartıwshılıqtıń esigin ashtım doslar[2]. Bul hár biri ekinshisin tolıqtıradı hám jetilistirip baradı. Yassawiy insan turmısınıń xızmetiniń negizgi mazmunın payda etedi. Axmed Yassawiy tańlaǵan jolı insan toparların, ádepsizlik hámelparazlıq, dámegóylik, barına shúkir etpewshilik sıyaqlı illetlerdi ayawsız ashıp taslaw ham olardan azat bolıw ushın gúresedi. Onıń pikirinshe bul jol «Quday jolı» dep túsindiredi.

Hár bir insan óziniń kámalatında, kámil insan bolıp jetilisiwinde «Shaytan jolınan» shıǵıw ushın óz jolıńnan mal-múlkin ayamaw kerek. Bul tasawıp ushın ulıwma jol, sebebi Allanı seziw biliw insannıń ózin biliwi arqalı payda boladı dep aytadı. Oyshıldıń diniy ádep filosofiyasında dún'yadan pútkilley bas keshpeydi. Sebebi insan ómiri ushın kerekli, kiyim-kenshekler, turar-jaylar sıyaqlı talaplardı túsinbeydi desek durıs bolmaǵan bolar edi.

Axmed Yassawiydiń óz hikmetlerinde tárki dún'yalıqtı, dárwishlikti tańladı. Bul jetiskenlik jolında tórt basqısh bolıp, insan ómiri hám hikmetiniń haslı mańızın dúzedi. Xoja Axmed Yassawiydiń bul pikirleri arqalı insanlardı pák hám ádalatlı bolıwǵa shaqıradı. «Hár qanday ǵárip qáserlerge járdem kórsetiw arqalı belgilenedi»- deydi. «Hár qanday danalıq adamlardıń bir-birewine bolǵan mehir-muhabbatınan baslanadı. Adamnıń jaqsılıǵı, buzaqılıqtan saq bolıw, hár qanday ǵárip- qáserlerge járdem kórsetiw arqalı belgilenedi» - deydi. Hár qanday adam Alla-taalanıń bendesi, sonıń ushın da birewdiń baylıǵın qızǵanıw, birewdiń ǵáripligin pesh qılıw hasla múmkin emes. Eger hadallıq penen tabılǵan baylıq bolsa, Alla onı alǵıslaydı. Eger sútxorlıq penen jıynaǵan baylıq bolsa keleshekte onıń sorawı boladı dep túsindiredi.

---

2.Ахмад Яссавий – Девони ҳикмат. Тошкент, Ғ. Ғулом номидаги нашриёт – матбаа бирлашмаси. 1992
[2]Ахмад Яссавий – Девони ҳикмат. Тошкент. Ғ. Ғулом номидаги нашриёт – матбаа бирлашмаси. 1992 11,б.

Axmed Yassawiy gúnákárlardı menmenlikti qánáátsiz sútxorlardı shın ıqlası menen kúshli filosofiyalıq jaqtan analiz etedi. Mısalı bunday toparlar haqqında,

Dún'ya ushın pardaların asharlar,

Teńge berseń dár'ya bolıp tasarlar,

Ǵáriplerden arraǵıraq qasharlar,

Ushbu yańlıǵa shayıxlardan jıraq bol, bul shıǵarmada Yassawiy táliymatında páklik, hadallıq, tuwrılıq, mehir muhabbat, óz kúshi mańlay teri hadal miyneti menen kún keshiriw ulıwma insanıy qádiriyatlar óz sáwleleniwin tapqan. Xoja Axmed zamanında ezilgen xalıqtı «ǵárip», «jetim», «faqir» dep ataydı, ózin olardıń qorǵawshısı dep biledi. Bul pikirlerdi tómendegishe qarawǵa boladı.

Ǵárip, faqır, jetimlerdiń basın sıypalap,

Kewli qattı xalayıqtan qayttım, men.

Ǵárip, faqır jetimlerdi qılǵıl shad.Axmed Yassawiy táliymatında insannıń ózligin biliwi barlıq nárselerden ústin qoyıladı. Bunıń mánisi, ózin bilse adam haqtı biledi, qudaydan qorqadı, insapqa keledi. Biraq Haqqa jetiw ańsat emes, onıń ózine tán qıyınshılıqları, sırı bar.  Xoja Axmed Yassawiydiń filosofiyalıq kóz - qarası ózgeshe qubılıs sıpatında belgili. Ásirese, onıń gúres haqqındaǵı filosofiyası - nápsin tıyıwǵa xızmet etetuǵın gúres. Nápsi tıyılmaǵan shax qul, nápsiden ústin bolǵan ǵárip shax. Bul Yassawiydiń dún'yaǵa kóz-qarasınıń tiykarı sıpatında belgili. Yassawiydiń pikiri boyınsha nápsi jabayı qustay qolǵa qonbas bir nárse. Bul qus óz qálewinshe párwaz ete berse, ol adamdı azdıradı. Bul haqqında ol bılay deydi

Nápsi jolına kirgen adam ráswa bolar,

Joldan azıp  tayıp, tozıp gúmdan bolar,

Nápsiń seni aqır - aqıbetinde diywana qılǵay

Jatsa-tursa, shaytan menen hámrax bolar (3-57-bet)...Bunda tiykarınan nápsi jolına kirgen adamlardı sonday dárejede kritikalaydı. Haqıyqatında da orifliktiń tiykarǵı belgisi, kámillikke erisiw jolın ekew, nápsiden ózińdi-ózińtıyıw. Shıǵarmasında ótirikshi eki júzegóylikti talawshılıqtı, dámegóyshilik sıyaqlı insanǵa tán emes qásiyetler qaralanadı.

Tuwrı júrgen ashıqlardan quday razı,

Ashıq isi ańsat emes,

Ótirikshiler ashıq men der,

Iymandı pulǵa satar. Xoja Axmed Yassawiy Islam filosofiyasında insan hám onıń jámiyettegi tutqan ornına, milletine qaramastan hár bir adamdı húrmetlew kerekligin uqtıradı.

Aqıllı bolsań erenlerge xızmet etkil,

Ilim bilim qılǵanlardı izzet etkil.

Axmed Yassawiy filosofiyalıq kózqaraslarında insannıń óziniń pákligin saqlawın atap kórsetedi, gúna arttırmaslıq ushın ne is qılıw kerek degen sorawǵa ózinshe juwap beredi. Yassawiy aytqanınday insan ázeliy páklikti saqlawı ushın bul dún'yadan bas keshiw, ómirin adamlardan uzaqta jalǵızlıqta qudayǵa sıyınıwı menen ótkeriwi kerek dep esaplaydı. Bunı ol Allaǵa jaqın bolıwdıń, ózine fano bolıwı ushın shariyat, tariqat, aǵartıwshılıq, haqıyqat sıyaqlı o dún'yada jaqsı bolıwdıń shártleriniń biri dep esaplaydı.

Yassawiydiń pikiri boyınsha, insannıń qudaydıń kewline jetiwi ushın, onda basqıshlardı birme-bir basıp ótiwi, dún'yadan, ózliginen bas keshiwi, ózin qáwipke qoyıp, óz pikirin oyın qudayǵa beriwi kerek. Eger adam janın hár tárepleme qıynap bolsada, nápsin joq etip, qanaat etiwge ádetlense, xorlaw hám kemsitiwlerge sabır etse, ol qudaydıń diydarına jetedi dep atap kórsetedi. Yaǵnıy Axmed Yassawiy hikmetlerinde mistika hám asketizm, sır dún'yasına ǵarıq bolıw menen dún'yadan beziw bir-birine shatısıp ketkenligi pikirimizdiń dáliyli sıpatında qarawǵa boladı. Bunda tiykarınan Yassawiy ólmesten burın óliw degen sózdi ilgeri qoyadı. Bul tiykarınan adamdı pútin dún'yadan bas keshiw ózin qıynap, ólimdi jaqınlastırıw kerek, yaǵnıy tiri ólikke aylanıwı kerek degen sóz.

Yassawiy óz kóz-qarasında «fano» sózin qoyadı, mazmunı joq bolıw degen mániste qaraladı. Ózlikten keship quday menen birigiw dep túsindiriledi. Haqıyqatında da «ólmesten burın óliwge shaqırıw» «Fanolıqtıń» bas uranı. Mısalı onıń shıǵarmasında bılay degen:

Men jigirma eki jasta fano boldım,

Marhum bolıp shın dártlikke dawa boldım. (4-27-bet)

Bul jerde fano poetikalıq obraz tiykarı sıpatında qaraladı. Sonday-aq, Yassawiyde «fano»nı tákkabbırlıqqa qarsı filosofiyası tiykarında paydalanadı. Usı kóz-qarastan alıp qaraǵanda, tákkabbırlıq - ádalatlılıqtıń jawı. Tákkabbırlıq samalınıń saxawat

shıraqları óshedi. Bul boyınsha Yassawiy tómendegishe pikirlerin beredi.

Axli dún'ya xalqımızda saxawat joq,
Patshalarda, uázirlerde ádalat joq,
Dárwishlerdiń duwasında ijabat joq,
Túrli bále xalıq ústine jawdı, doslar.

Aqır zaman alımları zalım boldı,
Qoshamet etiwshiler alım boldı,
Haqtı aytqan dárwishlerge dushpan boldı,
Ájep sumlıq zamanlar boldı doslar. (5-62-bet)

Miyrim bir terek bolsa, bilim onıń miywesi. Patsha hám ámeldarlardıń ádalatsızlıqları sol terektiń ómirine álbette qattı zıyan keltiredi. Bunday aqıbetlerdi Yassawiy aqırı bir nársege taqaydı. Bunıń atı ıshqısızlıq yamasa jalǵan ashıqlardıń tamırlasıp ketiwin názerde tutadı. Axmed Yassawiy óz shıǵarmasında usı tiykarlarǵa dıqqat awdaradı.

İshqısızlardıń janıda joq, iymanıda joq,
Rasululloh sózin aytım, ma'no koni,
Qansha aytsam esitiwshi, bilgen qoni? (6-65-bet)

Biyxabarǵa aytsam kewlim qatar, doslar. Tiykarınan Yassawiy haq haqıyqat sırlarınan xabarsız. Ol muhabbatsız xalayıqtan qashıp haqlıqqa bet buradı.

Axmed Yassawiy jáne bir orında «Haqıyqattıń mánisine jetken adam, biyhush bolıp kúyip janar ishi sırtı» dep qaraydı. Bunda oyshıl haqıyqat mánisine jetip, sonıń arqasında «ishi - sırtı» janıp tútegen adamlar diydarın kóriwge ármanlaydı. Yassawiy shıǵarmasında ómirdiń qısqalıǵı, onı mazmunlı ótkeriwge shaqırıw keń túrde qaraladı. Oyshıl mal dún'ya quwıp júrgen adamlarǵa, keypi - sapaǵa berilgenlerdi kritika astına aladı. Ásirese ol húkimdarlarǵa, miynetsiz mal dún'ya jıynaǵanlardı tómendegi pikirleri menen bayanlaydı:

Dún'ya meniń múlkim degen sultanlarǵa,
Dún'ya malın sansız jıynap alǵanlarǵa,
Keypi sapa menen bánt bolǵanlarǵa,
Ólim kelse, biri vafo qılmas.(7-124-bet)

Bul jerde Yassawiy ulıwma malı dún'ya toplawǵa qızıqpaǵanlıǵı, kámbaǵalshılıq hám ǵáriplik bolıp jasaǵanlıǵın óziniń shıǵarmasında alıp qarawǵa boladı. Malı dún'ya, baylıq arttırıwǵa hádden tısqarı ketken, ashkóz kórgensiz insanlardı Yassawiy kritikalaydı:

Beshak biliń, bul dún'ya barlıq xalıqtan óter,
Isenbegil malıńa, bir kún qoldan keter,
Ata-ana, tuwısqan qayda ketti, pikir qıl,
Tórt ayaqlı chwbin at bir kún saǵan jeter.
Dún'ya ushın ǵam jeme, Haqtı ózgeni deme,
Kisi malın jeme, sirot uzra tutaro. (8-33-bet)

Bunda tiykarınan insandı pikirlewge, insanıy pazıyletke, insapqa shaqıradı. Insapqa kelmek, hújdanǵa muwapıq jasaw ushın oylap kóriw, haq jolın tańlawdı qaraydı. Yassawiy filosofiyalıq kóz-qarasında óziniń pikirin aytıp qalmay, yamasa pikirlerdiń esten shıqpaytuǵın, yadqa móhirlenip qalatuǵın, kútilmegende yadqa túsetuǵın formada sáwleleniwine itibar etilgen. Bunda ol sonday kúshli muzıka tiykarında yoshlanıwshı tamamlanıwshı, tórt ayaqlı aǵash at sıyaqlı máselelerden filosofiyalıq tiykarda sheberlik penen paydalanǵan.

Shın dún'yadan, onıń iyesi bolǵan Jaratqannan biyxabar turmıs keshiriw «ǵáplet» de jasamaq demek deydi. Ǵáplette jasaǵan adamdı «Ǵapıl» dep qaraydı. Ózlikti ańlamaq bolsa, tasawıpqa kóre, pir quralında, ilim menen boladı. Buǵan eriskenler dana dep aytadı. Ǵapıl basqa sóz benen aytqanda, nadan dep esaplaydı.Ilimge jetiw jolında maqsetke jetiw ushın sheklenetuǵın mashaqatlar dep qaraydı. Nadan óz nápsinen, bólek nárseni oylawı múmkin emes. Ol jaratqanǵa biytanıs. Yassawiy dún'yada dana taba almaǵanlıǵın, nadanlar menen jaqın júriwdi qálemeydi, bul boyınsha anıqlama beredi, usı másele boyınsha ayrıqsha itibar berip:

Jer astına qashıp kirdim nadanlardan,
Ilǵim ashıp, duwa tilep mardanlardan,
Ǵárip janım júz tasadduq danalardan,
Dana tappay, jer astına kirdim mano. (9-40-bet)

Qaysı elde ishki qarańǵılıq hám ruwxıy túsiwshilik joqarı bolsa, sol elde nadanlıq kúsheyedi. Bul boyınsha Yassawiy nadanlıq dep atalınǵan unamsız qásiyetti keń túrde aytadı.

Nadanlıq – xalıqtıń músiybeti,
Nadanlıq - ózine tán jawızlıq,
Nadanlıq aqıl jállatı sıpatında qaraǵan.

Usı kóz-qarastan qaraǵanımızda Yassawiy «Duwa qılıń nadanlardıń júzin kórmeyin», dep aytqan, nadanlıqtıń dereklerin anıqlap jazǵan.

Duwa qılıń nadanlardıń júzin kórmey,
Haq tala rafıq bolsa berdem turmay,
Biytap bolsa nadanlardan halın soramay,
Nadanlardıń júz mıń japa kórdim men. (10-40-bet)

Yassawiy bul tiykarda nadan menen sáwbetles bolıp kórgen. Bunday ulpatshılıqtıń bawır eti janıp, jannan toyǵan.Bul qarastan Yassawiy bılay degen,

Áy, doslarım, nadan menen ulpat boldım,
Bawırım kúyip, jannan toydıp óldim men,
Tuwrı aytsam qıysıq jolǵa moyın tawlar,
Qanlar jutıp hám záhárine toydım men. (11-40-bet)

Xoja Axmed Yassawiydiń jazǵanlarınıń birinde «Meniń hikmetlerim hádisde» dep jazadı, yaǵnıy onıń hikmetleri mazmunın ayat, hádislerdegi jaqsı pikirler óz kórinisin tapqan. Ol óz hikmetlerinde adamlarda jetim- jesir, ǵáriplerge mehir-muhabbatlı bolıwǵa shaqıradı:

Jetimdi kórseńiz awırtpańızlar,
Ǵáripti kórseńiz daǵ salmańızlar. (12-86-bet)

Yassawiydiń jetim ǵáriplerge mehirlik penen qarawı bul tassawıp filosofiyasınıń negizi sıpatı dep qarawǵa boladı. Yassawiy shıǵarmasında topıraq suw, ot, samal, degende úlken maqsetti itibarǵa aladı.

Topıraq watan, topıraq neshe jıllardan beri ullı perzentlerdi ósirgen jer. Sonıń ushın jerdi qádirlep topıraq deymiz. Ol ullı ata - babalarımızdıń basıp ótken jeri dep qarawǵa borladı. Topıraq duwası watan duwası sıpatında qaraydı. Watan haqqındaǵı filosofiyalıq pikirler Axmed Yassawiydiń hikmetlerinen baslanadı:

Basım topıraq, ózim topıraq, denem topıraq,
Topıraq bolǵıl álem seni basıp ótsin, (13-33-bet)

Axmet Yassawiy bunda insandı ullılıqqa baǵdarlaǵan, insan Watan menen birlikte erisedi, ol tek ǵana óz eliniń emes basqa xalıqlardı shın ıqlası menen súyiwge shaqıradı.

Xoja Xafizdiń «Devon» shıǵarmasın, Jalaladdin Rumiydiń «Masnaviy» in «Quranı farsiy» dep atasa, Xoja Axmed Yassawiydiń «Devoni hikmat» shıǵarmasın «Quranı thrkiy» dep ardaqlaydı.

Repressiya dáwirinde de yassauiyshunaslıqqa áhmiyetli úles qosqan ózbek alımı Ergash Rustamovtıń tastıyıqlawınsha, Axmed Yassawiy shıbıqtan súzgish soǵıw, aǵashtan qasıq hám shómish jonıp satıw menen tirishilik qılǵan.

Axmed Yassawiydiń «Xikmat devoni» tórt baptan: «Daryoi shariat», «Roxi tariqat», «Qulzumi haqiqat», «Daryoi raxmat» tan ibarat.

Sonı aytıp ótiw kerek, qızıl imperiya dáwirindegi islamtanıwshılar Yassawiya menen Naqshbandiya táliymatın bir-birine qarama-qarsı yaki onısın bunısınan ústin dep pikirler qılar edi. Olardıń pikirinshe, Yassawiyada tárki dún'yashılıq ústem bolıp, Naqshbandiya da bolsa qol- miynet, dil-Alla menen bánt, dún'yanı tárk etpey jasawǵa talqın qılınǵan. Olardıń aytıwınsha, Yassawiyada tilenshilik qılıw múmkin, lekin, naqshbandiyada tilenshilikke qarsı gúresilgen. Bunday pikir natuwrı. Yassawiyada da miynet qılıw parız, teginxorlıq ayıp, gúna sanalǵan.

Alla taala tálimin, payǵambar úgitlerin túrkiy tilde jayıw Yassawiya táliymatınıń maqseti esaplanadı.

Naqshbandiya táliymatı túrkiy tilde pútkil álemge taralǵan. Bul táliymattaǵılar nadanlıq, aqılsızlıq, basqınshılıq, milletshilik usaǵan illetlerge qarsı gúresken. Axmed Yassawiy qábiriniń ústine saxıpqıran Ámir Temur 1395-jılı úlken maqbara qurdırdı. Onıń sawlatın Biybixanım, Aqsaray, Buxaradaǵı Ark, Shayxul Olam (Sayfiddin Buxarziy) esteliklerine teńlestiriw múmkin.

Juwmaqlap aytqanda Axmed Yassawiy mádeniyatımız tariyxında, sonday-aq shıǵıs filosofiyasında tassawıptı propagandalawshı oyshıl sıpatında dáliyllewge boladı. Yassawiydiń filosofiyalıq oyları shıǵarmada, ómirdiң barlıq basqıshları «shariyat», «tariyqat», «aǵartıwshılıq» hám haqıyqattan ibarat ekenligi tassawıp filosofiyasındaǵı ideya keń orında iyelegen. Hikmetlerde insandı qádirleydi, onı ádalatsızlıqtan, zulımnan

qorǵawǵa shaqıradı. Yassawiydiń tiykarǵı maqseti adamlardı Allanı tanıwǵa,onıń jaqını bolıwǵa baǵdarlaydı, insandı húrmet etiw, ádalatsızlıqtı qaralaw, bul dún'yanıń daqların insanǵa juqtırmawdan ibarat.

### Najmiddin Qubra hám Qubraviya táliymatı. (1145-1221)

Oraylıq Aziyada sufizm filosofiyasınıń rawajlanıwında Xorezmlik ullı ulama, ásker basshı, filosofiya iliminiń bilimdanı, shayır Axmad ibn Umar Abdul Janob Najmiddin Kubra al-Xivakiy al Xorezmiy (1145-1221) ózine múnásip orın iyeleydi. Jazba dereklerdiń gúwalıq beriwinshe, ulama Xorezm, Baǵdatta, Iskandariya hám Tabrizde óz dáwiriniń ataqlı ulamalarınan sabaq alǵan hám sufizm filosofiyası iliminiń jetik ustazlarınan bolıp kámal tapqan. Belgili filosof alım Erkin Yusupov: «Ullı watanlasımız atındaǵı «Najmiddin», «Kubra» sózleri onıń talantın esapqa alıp berilgen ilimiy dárejelerdi sıpatlaydı»,[1] - deydi. Najmiddin Kubra táliymatı tiykarında qáliplesken kubraviya táliymatı Shıǵıs hám Batıstaǵı kóplegen mámleketlerge taralǵan. Erkin Yusupovtıń juwmaǵına qaraǵanda, bunıń nátiyjesinde Firdavsiya táliymatı, Nuriya táliymatı, Ruxniya táliymatı, Nematulliya táliymatları júzege kelgen.[2] Usıǵan baylanıslı Najimaddin Kubra tiykarlanǵan tariyqat islam dún'yasınıń kóplegen ellerine taralǵan. Kubraviyada bir qansha tarmaqlar ajıralıp shıǵıp islam ellerine keń taralǵan. Olar mınalar:



Najmiddin Qubra (1145-1221)

1. Firdawsiya tariqatı. Bul aǵım Kubranıń shákirti Sayfitdin al' Baxarziydiń dawamshısı bolǵan Badriddin Firdavsiya tárepinen tiykarlanǵan hám onıń shákirti Najibuddin Muxammed tárepinen rawajlandırılǵan hám Hindstanda keńnen tarqaǵan.

2. Nuriya tariyqatı. Ol Kubrabiyanıń Baǵdatqa taralǵan bólegi bolıp, Nuriddin Abdurahman al Isfariy tárepinen tiykarlanǵan.

3. Rukniya tariyqatı. Bul Xorasanda taralǵan, tiykarın salıwshı Muxammed bin Abdulla Nurbaxsh.

[1] Ориф Усмон. Баҳовуддин Нақшбан ва унинг таълимоти ҳақида. Т., 1993, 52-бет.
[2] Шайх Нажмиддин Кубро. (мақолалар тўплами) масъул муҳаррир Э. Юсупов. Т., 1995, 22-бет

4. Xamadanialiya tariyqatı. Tiykarınan Hindstannıń Kashmir wálayatında keńnen taralǵan, onıń tiykarın salıwshı Said Ali bini Shahabiddin Xamadaniy.

5. Iǵtishaciya tariyqatı. Bul Xorasanda taralǵan, tiykarın salıwshı Muxammed bin Abdulla bolıp tabıladı.

6. Nurbaxshiya tariqatı. Bul Xorasanda taralǵan, tiykarın salıwshı Muxmmed bin Abdulla Nurbaxsh.

7. Ne'matullaxiya tariyqatı. Bunı ataqlı mutasavvuf oyshıl Ne'matulla Vali tiykarlaǵan, ol fars hám arab tillerinde 544 shıǵarma jazǵan, óz táliymatın kóplegen ellerge tarqatqan[1].Kubraviya tariyqatı boyınsha insan óz aldına álem, ol ózine Allataala dóretken 18000 álemniń sıpatların sáwlelendiredi. Tariyxıy dereklerdiń gúwalıq beriwinshe, Najmiddin Kubro qálemine tiyisli shıǵarmalardıń sanı onǵa jaqın. Ol tiykar salǵan Kubraviya táliymatı «altıntáliymat» depte atalǵan. Najmiddin Kubranıń «Risolatut-turuq» shıǵarmasında «Kubraviya» táliymatınıń on usılı qısqasha aytılǵan:

1. Táwbe-bolǵan qáteler, gúnalardan pushayman bolıp, qudayǵa júz tutıw.Adam óz erki menen Allanı súyiwi, óz-ózinen keship, ózin pútkilley Allaǵa baǵıshlawı kerek. Tariyqat jolına kirgen adam burınları islegen qılmıslarınan táwbe qılıwı. Allanı biliwge, oǵan jetisiwge umtılıwı, bul ushın ol óz aqılına aqıl qosıp barıwı, óziniń hám ruwxın hám denesin páklep, tazalap jetistirip barıwı lazım.

2. Zuhd-fi-dún'ya-bul dún'yanıń lázzetlerinen parxez bolmaq, yaǵnıy olardan ózin-ózi tıyıw, óytkeni táwbe qılǵan adam haramnan bezedi.

3. Tavakkul al –Iloh – bul óziniń islerinde, oy pikirlerinde jalǵız Allaǵa tolıq iseniw, shın kewilden beriliw. Insan táǵdirin Alla belgileydi, adamnıń rısqı, isleytuǵın ámelleri, dún'yadaǵı jaqsılıq hám jamanlıq, toqlıq hám ashlıq, baylıq hám kámbaǵallıq-bári Allanıń qúdireti menen boladı.

4. Qánáát- bul jetkilikke, maqsetke erisiwdiń eń tuwrı jolı. Adam zat hám ruwxtıń birliginen turadı. Insan zatlıq talaplardı kem-kemnen kemeytip, bul talaplardı jeńil, ózin bul dún'yanıń

[1]С. Абаев, М. Якубов. Шайх Нажимиддин Кубра ҳәм суфизм философиясы. Хорезм Маъмун академиясының 1000 жылығына бағышланған илимий әнжуман материаллары. Нөкис. 2006. 38 б.

iygiliklerinen hám ráhátleniwlerinen bas tartıwı, yağnıy kóp awqat jewge, qımbat baha kiyimler kiyiwge, oyın kúlki hám basqa da házliklerge umtılıwların sheklewi tiyis.

5. Uzlet- bul jalğız otırıp, adamlardan bóleklenip óziniń ruwxın bekkemlewi.

6.Múlázámát az-zikir (úzliksiz zikr)- tariyqat ağzası óz erki menen Allanıń atın oy-pikirinde yadlap turıwı, pútin qálbin Alla menen toltırıwı kerek.

7. Tavajjuh – bul tariyqat ağzasınıń pútkil ishki álemin Allağa qaratıwı, bağdarlawı, Allağa sheksiz, pútkil qálbi menen muhabbat qoyıwı, Alladan basqa nárseniń bar ekenin umıtıwı boladı.

8. Sabır- bul sadıqtıń Haq jolında ushırasqan azap uqıbetlerge shıdap, nápsi shegarasınan ózin shetke shığarıwı, uzaqlastırılğan boladı. Ol ózin haywanıy talaplardan, jınısıy háweslerden, ashkózlik, nápsigóylik, dún'yaparazlıq, sıqmarlıq bálelerinen qutqarıwı lazım.

9. Muraqaba (oy-pikirge súńgiw)- tariyqat ağzası baqlaw, oy pikirler júrgiziwge pútkilley beriliwi lazım.

10. Riza-tariyqattağı adamnıń Allanıń qúdiretin tereń seze otırıp ózin pútkilley haqtıń erkine tapsırıwı hám onıń ámeline lázzetleniwi.

Kubraviya táliymatında adamlardıń diniy isenimi, qudayğa bolğan isenimi, hadallıq, adamıylıq, mal-dún'yağa jaqın bolmaw, óz jónsiz islerinen táwbe etiw lazımlığı usağan ádep-ikramlılıq ideyaları bir-biri menen baylanısıp ketken. Qubroviya táliymatınıń qatar ádep-ikramlılıq qağıydaları biziń kúnlermizde de úlken tárbiyalıq áhmiyetke iye.

Najmiddin Qubra Xorezmde xanaka qurıp, sufizm ilimi tarawında júdá kóplegen sadıq hám ataqlı shákirtler tayarlaydı. Áne solardan biri, «Mantiqut-tayr» shığarmasınıń avtorı Fariddin Attor (1225-jılı qaytıs bolğan) esaplanadı. Najmiddin Kubra ana jurtımız basına kún tuwğanda sadıq bir perzent sıpatında onı kókirek kerip qorğap, áskerbasshılıq qábiletinde kórsetedi. 1221-jılı mońgollar basqınshılığı dáwirinde 76 jaslı Najmiddin Kubra qaytıs boladı.

## Qadaǵalaw sorawlar, tapsırmalar hám óz betinshe jumıs boyınsha kórsetpeler

**Shınıǵıw-1. Danıshpanlardıń** oy-pikirlerin úyrenip shıǵıń hám kestege túsiriń






| Abu Xamid Ǵazzaliy (1058-1111) | Yusuf Xamadaniy (1049-1140) | Xoja Axmed Yassawiy | Najmiddin Qubra (1145-1221) |
|---|---|---|---|
| ................. | ................. | ................. | ................. |
| ................. | ................. | ................. | ................. |
| ................. | ................. | ................. | ................. |
| ................. | ................. | ................. | ................. |
| ................. | ................. | ................. | ................. |
| ................. | ................. | ................. | ................. |
| ................. | ................. | ................. | ................. |
| ................. | ................. | ................. | ................. |
| ................. | ................. | ................. | ................. |
| ................. | ................. | ................. | ................. |

**Shınıǵıw-2:** Konceptual kesteni toltırıń.

**Konceptual keste**

| IX-XII ásirlerde Oraylıq Aziya oyshılları | Tuwılǵan jılı | Shıǵarmaları | Filosofiyalı q kóz qarasları |
|---|---|---|---|
| Abu Isa Muxammed At-Termiziy | | | |
| Muxammed ibn Ismail al Buxariy | | | |
| Abu Xamid Ǵazzaliy | | | |
| Yusuf Xamadaniy | | | |

**Shınıǵıw-3:** Kubraviyada islam ellerine keń taralǵan tarmaqlardıń tiykarın salıwshılardı tiyisli keteksheleerge jazıń

| Firdawsiya tariqatı | Nuriya tariyqatı | Rukniya tariyqatı | Xamadanialiya tariyqatı |
| --- | --- | --- | --- |
| | | | |

| Iǵtishaciya tariyqatı | Nurbaxshiya tariqatı. | Ne'matullaxiya tariyqatı. |
| --- | --- | --- |
| | | |

**Bekkemlew ushın sorawlar**

1.IX-XII ásirlerde Oraylıq Aziya aymaǵında dún'yalıq ilim hám mádeniyat penen bir qatarda islam mádeniyatı filosofiyasınıń rawajlanıwınıń tariyxıy jaǵdayları?

2.**Muxammed ibn Ismail al Buxariy** hádisilerge baylanıslı shıǵarmalarınıń etikalıq hám filosofiyalıq áhmiyetin kórsetip beriń?

3.At-Termiziydiń «Al-Jomi' as-sahiyh» shıǵarmasınıń filosofiyası?

4.Sufizm filosofiyası tiykarların qarap shıǵıń?

5. **Abu Xamid Ǵazzaliydiń filosofiyalıq kózqarası?**

6. **Xoja Axmed Yassawiydiń filosofiyalıq kózqarası?**

## Juwmaqlaw

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M. Mirziyoev 2017-jılı 19–sentyabr'de BMSh Assambleyasınıń 72-sessiyasındaǵı shıǵıp sóylegen sózinde«Oraylıq Aziya Oyanıw dáwiriniń kóplegen jarqın wákilleriniń islam hám dún'ya civilizaciyasına qosqan biybaha úlesin ayrıqsha atap ótpekshimen»dep biykarǵa aytpaǵan.[1]

IX-XII ásirler- Oraylıq Aziyada tariyxıy waqıyalarǵa júdá bay bolǵan dáwir. Ol Oraylıq Aziya xalıqları materiallıq hám ruwxıy mádeniyatınıń rawajlanıwındaǵı jarqın betlerinen esaplanadı. Jaqın hám Orta Shıǵıs mámleketlerinde bul dáwirdi shártli túrde «Renessans» dáwiri dep ataladı. Bul dáwir ushın ekonomika, ilim hám mádeniyattıń júdá gúllep jasnawı xarakterli. Biraq, áne usı dáwirdegi Oraylıq Aziyanıń jámiyetlik dúzimi haqqında aytqanda, onıń júdá quramalılıǵın, jámiyetlik qatnasıqlarınıń hár qıylılıǵınıń, mámleketler hákimiyatınıń siyasiy jaqtan toqtawsız ózgerip turǵanlıǵın aytıp ótiwimiz kerek.

Shıǵıs Renessansı dáwiri tómendegi ulıwma qásiyetlerge iye: 1) mádeniyat, dún'yalıq ilimler hám islam qaǵıydalarınıń rawajlanıwı; 2) grek hám rim, parsı, hind hám basqa mádeniyatlar jetiskenliklerine súyeniw; 3) minerologiya, geografiya, ximiya hám basqa tábiyiy ilimlerdiń rawajlanıwı; 4) uslub (metodologiya) da racionalizm, logikanıń ústinligi; 5) insanıy doslıq; 6) filosofiyanıń keń dárejede rawajlanıwı; 7) ádebiyat, sheriyat, ritorikanıń keń kólemde rawajlanıwı; 8) bilimdanlıqtıń enciklopedik xarakterde ekenligi menen belgilenedi.

Bul dáwirge kelip Oraylıq Aziya, Iran, Irak hám Siriya usaǵan Oraylar ilim hám mádeniyattıń iri oshaǵına aynaldı. Xorezm, Buxara, Xiratta ilimiy oraylar dúzilgen edi. Xorezmiy, Farabiy, Ibn Sino, Ferǵaniy, Beruniy usaǵan Oraylıq Aziya alımlarınıń dańqı jeti ıqlımǵa taralǵan edi. Mámleketler ortasındaǵı shegaralar hámme ushın ashıq edi, sonıń ushın alımlar kóbinese bir sháhárden ekinshisine, bir húkimdardan basqa bir húkimdarǵa kóship turar edi. Xorezmiy, uzaq waqıt Baǵdadta Ma'mun akademiyasına basshılıq qılǵan, Beruniy Ǵaznada, Ibn Sino Iranda jasap dóretiwshilik qılǵan.

Mawerennaxr hám Xorasanda Samaniyler dáwiri mádeniy turmısınıń gúllep-jasnawı menen xarakterlenedi. Buxara, Úrgenish, Samarqand, Merv hám basqa da sháhárler mádeniy oraylar sıpatında dańq tarattı. Ilim, ádebiyat, arxitektura hám súwretlew óneri ásirese gúllep-jasnadı. Rudakiy hám Daqiqiy usaǵan ataqlı sóz ustaları, ataqlı

[1]. https://president.uz/uz/lists/view/1063

«Shaxnama» dástanınıń avtorı Ferdawsiy, ullı enciklopedist alım Abu Ali ibn Sino, medicina tarawındaǵı ataqlı alım Abu Mansur ibn Nwq al kamariy, ájayıp tariyxshılar Balamiy hám Narshaxiy hámde kóplegen ataqlı ǵayratkerler Oraylıq Aziyada áne usı samaniyler húkimdarlıq qılǵan dáwirde jasadı.

Ilim hám mádeniyattıń, turmıstıń gúllep-jasnawı tiykarınan ekonomika, awıl-xojalıǵı hám ónermentshilik islep shıǵarıwınıń ósip ketken mútájlikleri menen baylanıslı bolıp, bular feodalizmniń Oraylıq Aziya da óziniń dáslepki basqıshınan rawajlanǵan basqıshına ótiwi menen baylanıslı edi.[1] Áne usı dáwirde Buxarada Ismail Samaniy maqbarası usaǵan ájayıp arxitektura esteligi de qurılǵan edi, bul estelik óziniń sırtqı kórinisiniń quramalılıǵı menen házirge shekem adamlardı hayran qaldıradı. Buxara sháhári diywalların bekkemlew hám keńeytiw, sháhár xalqın suw menen támiyinlew boyınsha kóp jumıslar islendi.

Qaraxaniyler dáwirinde de ayırım qaraxaniyler dún'yalıq ilimlerdiń rawajlanıwına jaǵday jarattı, óz saraylarında alımlar menen ushırasıp turar edi, úlken-úlken kitapxanalar dúzgen edi, bul kitapxanalarǵa bolsa arab hám Batıs Evropa alımlarınıń eń jaqsı shıǵarmaları, ilimiy traktatları jámlener edi. «Qutadǵu bilig», «Hibatul haqoyiq», «Qabusnama» sol zamannıń ádep-ikramlılıq-didaktikalıq shıǵarmaları arasında ayrıqsha orın iyeleydi.

Maxmud Qashqariydiń «Devonu luǵatit túrk» fundamental' shıǵarması ájayıp ádebiy esteliklerden biri bolıp, onda tek túrk tilleriniń tariyxına ǵana emes, bálkim ilimniń basqa tarawlarına da tiyisli bolǵan, ásirese, ádep-ikramlılıq mashqalalar haqqında júdá qımbatlı maǵlıwmatlar berilgen.

Juwmaqlap aytqanda, adamzat tariyxında Renessans – oyanıw dáwirinda úlken ashılıwlar, misli kórilmegen qurılıslar, global ózgerisler payda bolǵan, alımlar filosoflar jetilisip shıqqan. Ózbekstandaǵı jańa oyanıw – Úshinshi Renessans dáwiri mámleketimiz tariyxınıń altın betlerinde jazıladı. Bunda maqsetli sistemalı alıp barılǵan tárbiya, bilimlendiriw nátiyjesinde kelesi áwladtan Al' Xorezmiy, Ibn Sino, Beruniyler jetilisip shıǵıwı shınlıq sıpatında belgili.

[1] Я. Т. Гулямов. Эпоха Абу Райхана Беруний. В сб. «Беруний и гуманитарные науки», Т., 1972, 26-бет.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar hám derekler dizimi:

1.Wzbekiston Respublikasi Prezidenti Islom Karimovning «Wrta asrlar Sharq allomalari va mutafakkirlarininig tarixiy merosi, uning zamonaviy sivilizatsiya rivojidagi roli va ahamiyati» mavzusidagi xalqaro I. Konferensiyaning ochilish marosimidagi nutqini Oliy Ta'lim muassasalarida oʻrganish boʻyicha Oʻquv qoʻllanma. Toshkent – 2014.
5. Abdullayev I. Az-Zamaxshariy. Qishloq haqiqati, 1991, 10-iyul
6. Abdullayev I. Abu Mansur as-Saolobiy. T., 1992
7. Abu Ali ibn Sino. Tib qonunlari. Uch jildlik saylanma. I-jild. T., 1992
8. Beruniy Tanlangan asarlar. T., 1968
9. Beruniy va ijtimoiy fanlar. (I.M. Muminov redaktorlıǵında) T., 1973.
10. Buxoriy. Sadriddin Salim. Tabarruk ziyoratgohlar. T., 1993
11. Vatan tarixi. T., 1997
12. Ibn Sino. Donishnoma. T., 1992
14. Крачковский И. Ю. Избранные сочинения. Т. ИВ М-Л, 1965.
15. Karimov Q. Yusuf Xos Xojib. «Qishloq haqiqati»gazetasi, 1990, 13-iyul.
16. Komilova S. Xakimov N. Oʻrta Osiyo mutaffakirlarining jahon fani taraqqiyotidagi oʻrni. T., 1999.
17. Qayumov A. Abu Rayxon Beruniy. Abu Ali ibn Sino. T., 1987.
18. Qayumov A. Axmad al-Fargʻoniy. T., 1990.
19. Qodirov A. A. Oʻrta Osiyoda meditsinaning paydo boʻlishi. T., 1990
20. Nasafiy. Xoja Axmad Yassaviy. T., 1993
21. Mallayev N. Oʻzbek adabiyoti tarixi. T., 1976
22. Orif Usman. Bahovuddin Naqshband va uning ta'limoti haqida. T., 1993.
23. Uvatov U. Rashiduddin al-Votvot maktublari. «Guliston», 1991, №11
24. Uvatov U. Donalardan saboqlar. T., 1994
25. Wzbek adabiyoti tarixi. I-tom. T., 1977
26. Sadriddin Ayniy. Tanlangan ilmiy asarlar. T., 1978.

27. Сайдкулов Т. Очерки историографии истории народов Средней Азии (частъ И) Т., 1992
28. Soatov A. Kolumbda bar alamim manim. «Fan va turmush», 1992, №9-10
29. Sodiqov K. Turkiy javohirlar devoni. «Vatan», 1994, №22
30. Sulayman Boqirǵoniy. Boqirǵon kitobi. T., 1991
31. Sultonmurod Olim. «Buyuk Naqshbandiya». Kecha, bugun, ertaga. «Fan va turmush», 1993, №5-6
32. Толстов С. П. Беруний и его «Памятники минувших поколений» Т., 1957.
33. Tolstov S. P. Qadimgi Xorazm madaniyatini izlab. T., 1958
34. Tilewmuratov M. Beruniy hám onıń tariyxıy miyrasları. N., 1973
35. Hamidov Q. Olis-yaqin yulduzlar T., 1990.
36. Fayzullayev O. Axmad al-Farg‘oniy. «Fan va turmush». 1992, №9-10
37. Shayx Najmiddin Kubra. (maqolalar to‘plami) T., 1995.

**Mazmunı**:

Kirisiw ........................................................................ 3
**I. Bap**. Orta ásirlerde Oraylıq Aziya filosofiyası ......................... 5
1.1. IX-XII ásirlerde Oraylıq Aziya filosofiyasınıń ózine tán xarakteri hám mádeniyat rawajlanıwındaǵı tariyxıy jaǵdaylar ........ 5
2.1. Muxammed Musa al' Xorezmiy, Axmed Ferǵaniy, Abu Rayxan Beruniy,Abu Ali ibn Sino, Abu Nasr Farabiy .................... 8
**II. Bap**. Oraylıq Aziya oyshıllarınıń tariyxıy filosofiyalıq miyrası hám onıń dún'ya mádeniyatında tutqan roli ..................... 49
2.1.Abu Bakr Narshaxiy, Abul Hasan Bayhaqiy,Abu Nasr Al-Utbiy, Abulqasım Ferdawsiy, Maxmud Qashqariy, Yusuf Xas Hajib.................................................................. 49
2.2. Axmed Yugnakiy, Abulqasım Maxmud az-Zamaxshariy, Rashiduddin al-Votvot, . Burqoniddin al- Marǵinoiy .................... 65
**III.Bap**. Islam mádeniyatı filosofiyası Sufizm filosofiyası ........... 77
3.1.Muxammad ibn Ismail al Buxariy, Abu Isa Muxammed At-Termiziy, Abu Xamid Ǵazzaliy, Yusuf Xamadaniy .................. 78
3.2. Xoja Abdulholiq Ǵijduvoniy , Xoja Axmed Yassauiy, Najmiddin Kubra ............................................................ 83
Juwmaqlaw ........................................................................ 103
Paydalanılǵan ádebiyatlar hám derekler dizimi ......................... 105

# IX-XII ÁSIRLERDE ORAYLİQ AZIYADAǴİ FILOSOFIYALİQ PIKIRLER HÁM ONİŃ DÚN’YA MÁDENIYATİNDA TUTQAN ORNİ

**Bas redactor:** **K. M. Koshanov**
**Tex.redaktor:** **Y. M. O‘rinov**
**Korrektor:** **D. N. Beknazarova**
**Operator:** **U. Voxidov**

**TASDIQNOMA № 0719, 12.02.2021 y.**
Original-maketten bosıwǵa ruqsat etildi 29.10.2021-j.
Formatı 60x84 $^{1}/_{16}$. Kegli 11,5. «Times New Roman»
garniturası. Ofset usılında basıldi. Kólemi 6.75 b.t.
6.27 shártli b.t. Nusqası 100 dana. Buyırtpa 123.

«Yosh avlod matbaa» baspası. 100190. Tashkent qalasi,
Beshqo‘rg‘on 2, 9/87. E-mail: yosh.avlod@bk.ru

«Yosh avlod matbaa» MCHJ baspa-poligrafiyasinda chop etildi.
Tashkent qalasi, Tashkent qalasi, Beshqo‘rg‘on 2, 9/87.
Telefon: (+99890) 394-10-65, (+99833) 002-33-93

ISBN 978-9943-7944-4-3
9 789943 794443

«Yosh avlod matbaa»